बृहस्पति
06 अगस्त, 2026
पटना

देशक गप गामक भाषा मे

# समदिया मिथिला

साओन, कृष्ण पक्ष, अष्टमी , संवत् : 2083

समदिया मिथिला

देशक पहिल मैथिली दैनिक

लोक अपन सफलता सं बेसी अपन गलती सं सीखैत अछि।

- सर हम्फ्री डेवी

RNI No : BIHMAI/2010/33053 वर्ष: 16, अंक : 325 Website: mithilasamadiya.com editorsamadiya.mithila@gmail.com आमंत्रण मूल्य : 4:00

## अमेरिका सं वापस आनल गेल 101 दुर्लभ मिथिला पेंटिंग

- बिहार संग्रहालयक स्थापना दिवस पर सात अगस्त कें सजत कलाक विशेष संसार

**पटना, समदिया**

पटना स्थित बिहार संग्रहालयक स्थापना दिवस 7 अगस्त कें विविध सांस्कृतिक आ कलात्मक कार्यक्रमक संग मनाओल जाएत। एहि अवसर पर आयोजित समारोहक उद्घाटन मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी करताह। कार्यक्रमक प्रमुख आकर्षण प्रख्यात कलाकार राजेश रामक विशेष कला प्रदर्शनी कागजक कश्ती : रिट्रेसिंग मेमोरीज ऑफ बॉयहुड रहत, जाहि मे हुनकर चुनिंदा कलाकृति आ मूर्ति सभ प्रदर्शित कयल जाएत।

एकर संगहि पटना संग्रहालय मे अमेरिका सं बिहार आनल गेल मिथिला चित्रकलाक 101 दुर्लभ चित्रक विशेष प्रदर्शनी द टाइमलेस आर्ट ऑफ मिथिला सेहो आयोजित होयत। ई प्रदर्शनी संपूर्ण आयोजनक मुख्य आकर्षण मानल जा रहल अछि। बिहार संग्रहालयक अपर निदेशक अशोक कुमार सिन्हाक अनुसार, स्थापना दिवसक अवसर पर देशक कतेको प्रसिद्ध आ कालजयी कलाकार सभक चयनित कलाकृति प्रदर्शित कयल जाएत। बिहार संग्रहालय मे 7 अगस्त सं 6 अक्टूबर धरि देशक प्रमुख कलाकार सभक चित्र, मूर्ति आ अन्य कलाकृति दर्शक सभ लेल उपलब्ध रहत। ओतहि, पटना संग्रहालय मे 7 अगस्त सं 20 सितंबर धरि मिथिला चित्रकलाक दुर्लभ प्रदर्शनी आयोजित कयल जाएत। एहि आयोजनक मुख्य उद्देश्य जनसामान्य कें भारतीय कला, संस्कृति आ पारंपरिक विरासतक समृद्ध धरोहर सं परिचित करेनाइ अछि।



### अमेरिका सं घुरल दुर्लभ मिथिला चित्र होयत प्रदर्शित

संग्रहालय प्रशासनक अनुसार, 1970 केर दशक मे मिथिला चित्रकलाक 100 सं अधिक दुर्लभ कलाकृति अमेरिका चलि गेल छल। दीर्घ प्रयासक बाद एहि अमूल्य धरोहर सभ कें पुनः बिहार आनल गेल अछि। आब एहि चित्र सभ कें एकहि स्थान पर प्रदर्शित कयल जाएत, जाहि सं कला प्रेमी आ शोधकर्ता सभ मिथिला चित्रकलाक ऐतिहासिक महत्वक निकट सं अवलोकन कए सकताह। एहि अवसर पर आयोजित “कागज की कश्ती” प्रदर्शनी मे कलाकार राजेश राम अपन विशिष्ट कलाकृति आ मूर्ति सभ प्रस्तुत करताह। कार्यक्रमक दौरान कलाकार स्वयं उपस्थित रहताह आ आगंतुक सभ कें अपन कला, ओकर निर्माण प्रक्रिया, प्रयोग कयल गेल तकनीक तथा सूक्ष्म विशेषता सभक संबंध मे विस्तृत जानकारी देताह।

संग्रहालय प्रशासनक मानब अछि जे एहि प्रकारक प्रदर्शनी सं बिहारक समृद्ध सांस्कृतिक विरासत कें राष्ट्रीय आ अंतरराष्ट्रीय स्तर पर नव पहिचान भेटत, संगहि नव पीढ़ी भारतीय पारंपरिक कलाक मूल्य आ महत्व सं सेहो परिचित भए सकत।

## सवर्ण वोट पर नजरि : सभ जिला मे नियुक्त हेता नोडल अधिकारी

- शिकायतक समाधान जिला स्तर पर होयत

**पटना, समदिया**

वर्तमान सरकारक प्रति सवर्ण मे पनपि रहल रोष आ बांकीपुर चुनाव मे सवर्ण समाज द्वारा भाजपा कें भेटल शिकस्तक बाद राज्य सरकार सवर्ण समाज कें प्रसन्न करबाक तैयारी मे अछि। राज्य सरकार सवर्ण समाजक समस्याक समाधान लेल नोडल अधिकारी कें नियुक्त करबाक निर्णय लेलक अछि। आब राज्यक सभ 38 जिला मे सवर्ण समाजक लेल विशेष नोडल अधिकारी नियुक्त कयल जेताह। एहि व्यवस्थाक उद्देश्य सवर्ण समाजक लोक सभ कें अपन उचित मांग आ शिकायतक निवारण लेल कार्यालयक चक्कर काटबा सं मुक्ति देनाइ अछि।

सरकारक अनुसार, ई नोडल अधिकारी जातीय उत्पीड़न, जमीन पर अवैध कब्जा, आर्थिक रूप सं कमजोर वर्ग (ईडब्ल्यूएस) प्रमाणपत्र तथा एहि सं जुड़ल अन्य समस्याक समाधान सुनिश्चित करताह। दावा कयल जा रहल अछि जे देश मे पहिल बेर जिला स्तर पर सवर्ण समाज लेल एहि प्रकारक वरिष्ठ अधिकारी सभक नियुक्तिक व्यवस्था कयल जा रहल अछि।



प्रतीकात्मक फोटो

जिला मे नियुक्त नोडल अधिकारी राज्य प्रशासनिक सेवाक वरिष्ठ अधिकारी अथवा अन्य उच्च जिला स्तरीय पदाधिकारी हेताह। हुनकर प्रमुख दायित्व पीड़ित आ प्रशासनक बीच समन्वय स्थापित करब रहत। शिकायत भेटलाक बाद ओ संबंधित थाना, अंचल अथवा प्रशासनिक अधिकारी सभक संग समन्वय कए आवश्यक कानूनी कारबाइ सुनिश्चित करताह। जिलाधिकारी स्वयं एहि व्यवस्थाक निगरानी करताह तथा नियमित रिपोर्ट राज्य आयोग कें पठाओल जायत।

राज्य सवर्ण आयोगक अनुसार, आयोग लग निरंतर एहन शिकायत अबैत रहल अछि जाहि मे गरीब सवर्ण परिवारक संपत्ति पर अवैध कब्जा, जाति सूचक अपमान अथवा ईडब्ल्यूएस प्रमाणपत्र प्राप्त करबा मे कठिनाइक बात उठाओल जाइत अछि। एखन धरि एहि प्रकारक मामलाक निपटारा पटना स्थित आयोगक माध्यम सं होइत छल, मुदा आब जिला स्तर पर नियुक्त नोडल अधिकारी शीघ्र कार्रवाई कए सकताह।

### 10 अगस्त कें देल जेतनि विशेष प्रशिक्षण

सरकार एहि योजनाक प्रभावी कार्यान्वयन लेल जिला सं नोडल अधिकारी सभक नाम मंगौने अछि। चयनित अधिकारी सभ कें 10 अगस्त कें पटना स्थित तारामंडल सभागार मे विशेष प्रशिक्षण देल जेतनि। प्रशिक्षणक बाद ई अधिकारी राज्य सवर्ण आयोग आ जिला प्रशासनक बीच समन्वयक सशक्त कड़ीक रूप मे कार्य करताह, जाहि सं आयोगक निर्देश सभक प्रभावी पालन सुनिश्चित भए सकत। राज्य आयोगक अध्यक्ष डॉ. महाचंद्र प्रसाद सिंह बुध कें एहि संबंध मे मीडिया कर्मी कें जानकारी देलनि।

**एक नजरि**

### आब सेफ भए गेलाह मंत्री दीपक प्रकाश, राज्यपाल बनौलनि मनोनीत एमएलसी



**पटना।** राज्यक पंचायती राज मंत्री दीपक प्रकाश विधान परिषदक सदस्य बनि गेल छथि। राज्यपाल सैयद अता हसनैन हुनका भाजपा एमएलसी देवेश कुमारक त्यागपत्र सं रिक्त भेल सीट पर मनोनीत केने छथि। दीपक प्रकाश राष्ट्रीय लोक मोर्चा (आरएलएम) केर राष्ट्रीय अध्यक्ष आ राज्यसभा सांसद उपेंद्र कुशवाहाक पुत्र छथि। ओ एखन धरि कोनो सदनक सदस्य नहि रहितो सम्राट सरकार मे मंत्री पद पर छलाह। विधायक वा एमएलसी नहि रहितो दू बेर मंत्री बनाओल गेलाक विरोध मे दायर याचिका पर सुप्रीम कोर्ट मे सुनवाइ चलि रहल अछि। अगिला सुनवाइ सं पहिनहि दीपक प्रकाश कें विधान परिषदक सदस्य मनोनीत कए देल गेल अछि। आब हुनकर मंत्री पद संवैधानिक रूप सं सुरक्षित भए गेल अछि। भाजपाक नेता देवेश कुमार विधान परिषदक सदस्यता सं त्यागपत्र देने छलाह। हुनका द्वारा खाली कएल गेल सीट पर दीपक प्रकाशक मनोनयनक प्रस्ताव सम्राट सरकार राज्यपाल लग पठौने छल। राज्यपाल एहि प्रस्ताव पर सहमति दए देने छथि। शीघ्रहि मनोनयनक अधिसूचना जारी कएल जाएत आ दीपक प्रकाश एमएलसीक रूप मे शपथ लेताह। सुप्रीम कोर्ट पिछला सुनवाइ मे राज्य सरकार सं प्रश्न केने छल जे दीपक प्रकाश बिना विधायक वा एमएलसी बनल एतेक दिन धरि मंत्री पद पर कोना बनल छथि। अदालत 4 अगस्त धरि जवाब दाखिल करबाक निर्देश देने छल। दीपक प्रकाशक मंत्री पद कें चुनौती देनिहार याचिका पर अगिला सुनवाइ 27 अगस्त कें होएत।

## पीपीपी मॉडल पर खूजत 16 मेडिकल कॉलेज, 19 विशेष न्यायालय सेहो बनत

### बिहार मंत्रिमंडलक बैठक मे 17 प्रस्ताव कें भेटल मंजूरी

**पटना, समदिया**

मुख्यमंत्री सम्राट चौधरीक अध्यक्षता मे बुध दिन भेल बिहार मंत्रिमंडलक बैठक मे कुल 17 प्रस्ताव कें मंजूरी देल गेल। बैठक मे स्वास्थ्य, शिक्षा, उद्योग, खेल, न्यायिक व्यवस्था, जलापूर्ति, पर्यटन, संस्कृति आ प्रशासनिक संरचना सुदृढ़ बनेबा सं जुड़ल कतेको महत्वपूर्ण निर्णय लेल गेल। बैठकक सबसं पैघ निर्णय सात निश्चय-3 अंतर्गत सार्वजनिक-निजी भागीदारी (पीपीपी) मॉडल पर राज्यक 16 ब्राउनफील्ड चिकित्सा महाविद्यालय आ अस्पताल, जाहि मे डेंटल कॉलेज आ अस्पताल सेहो शामिल अछि, ओकर संचालन प्रक्रिया कें आगू बढ़ेबाक रहल। एहि लेल ट्रांजैक्शन एडवाइजरक रूप मे प्राइसवाटरहाउसकूपर्स प्राइवेट लिमिटेड (पीडब्ल्यूसी) कें चयन करैत 8.27 करोड़ रुपैयाक प्रशासनिक स्वीकृति देल गेल। खेल क्षेत्र कें बढ़ावा देबाक उद्देश्य सं राजगीर स्थित राज्य खेल अकादमी परिसर मे स्पोर्ट्स साइंस सेंटरक स्थापना आ संचालन कें सेहो मंजूरी देल गेल। एहि परियोजना पर लगभग 25 करोड़ रुपैया खर्च होयत। ज्ञान भारतम मिशन अंतर्गत प्राचीन पांडुलिपि सभक डिजिटलीकरण आ मेटा डाटा निर्माण लेल 6.23 करोड़ रुपैया सं अधिकक प्रशासनिक स्वीकृति प्रदान कएल गेल।

### जलापूर्ति परियोजना कें मंजूरी



शहरी जलापूर्ति व्यवस्था सुदृढ़ बनेबाक लेल अमृत 2.0 योजनाक अंतर्गत जमालपुर जलापूर्ति परियोजना लेल 102.22 करोड़ रुपैया आ मुंगेर जलापूर्ति परियोजना (फेज-1) लेल 177.72 करोड़ रुपैयाक प्रशासनिक स्वीकृति देल गेल। उद्योग विभाग अंतर्गत सूक्ष्म, लघु आ मध्यम उद्यम (एमएसएमई) निदेशालयक पुनर्गठन कें सेहो मंजूरी भेटल। मुख्यालय आ क्षेत्रीय स्तर पर पद सभक पुनर्संरचना करबाक निर्णय लेल गेल। कला आ संस्कृति विभागक पुरातत्व निदेशालय मे तकनीकी पद सभ पर संविदाक आधार पर नियुक्तिक निर्णय सेहो कएल गेल।

### विशेष न्यायालय आ नव पदक सृजन

न्यायिक व्यवस्था मजबूत बनेबाक लेल पूर्णिया, भागलपुर आ गया प्रमंडल मे एनडीपीएस अधिनियमक मामिला सभक सुनवाइ लेल विशेष न्यायालय गठन हेतु 27 नव पदक सृजन कें मंजूरी देल गेल। अनुसूचित जाति आ अनुसूचित जनजाति (अत्याचार निवारण) अधिनियम अंतर्गत लंबित मामिला सभक शीघ्र निष्पादन लेल राज्यक विभिन्न जिला मे 19 अतिरिक्त विशेष न्यायालय स्थापित कएल जाएत। एहि लेल 171 पदक सृजन स्वीकृत कएल गेल। सामाजिक कल्याण विभाग अंतर्गत संचालित बाल गृह, बालिका गृह, विशेष गृह आ सुरक्षित स्थान सभक सुरक्षा व्यवस्था मजबूत बनेबाक लेल 330 गृह रक्षकक तैनाती आ एहि मद मे लगभग 14.53 करोड़ रुपैयाक वार्षिक व्यय कें मंजूरी भेटल।

### स्वास्थ्य, पर्यटन आ शिक्षा क्षेत्र मे निर्णय

स्वास्थ्य क्षेत्र मे बिहार आयुष चिकित्सा सेवा नियमावली, 2026 मे संशोधन स्वीकृत कएल गेल। बिहार स्वास्थ्य विज्ञान विश्वविद्यालय, पटना लेल प्रशासनिक काजक उद्देश्य सं 6 नव पदक सृजनक निर्णय लेल गेल। राजकीय आयुर्वेदिक कॉलेज, पटना मे 2 सुपरन्यूमरेरी पदक सृजन कें सेहो मंजूरी देल गेल।

## मुजफ्फरपुर मे बढ़ल बागमतीक पानि, अररिया मे उफनि रहल अछि बकरा आ नूना नदी

- अररियाक सिकटी, पलासी आ जोकीहाटक विभिन्न क्षेत्र मे पसरल पानि

**मुजफ्फरपुर/अररिया, समदिया**

मानसूनक सक्रियता आ लगातार बरखाक कारण मुजफ्फरपुर आ अररिया जिला मे बाढ़िक खतरा बढ़ि गेल अछि। मुजफ्फरपुर मे बागमती नदीक जलस्तर लगातार बढ़ि रहल अछि, जखन कि अररिया मे सेहो नेपालक जलग्रहण क्षेत्र मे भेल बरखाक कारण निचला इलाका सभ मे सतर्कता बढ़ा देल गेल अछि। मुजफ्फरपुर मे बुधवार भोर सं आकाश मे बादल लागल रहल आ करीब नौ बजे बाद जिलाक विभिन्न क्षेत्र मे रुकि-रुकि कए हल्का सं मध्यम बरखा भेल। मौसम विभाग 5 सं 7 अगस्त धरि जिला मे वज्रपात, तेज हवा आ हल्का सं मध्यम बरखाक संभावना जतौने अछि।

नेपालक जलग्रहण क्षेत्र मे भेल बरखाक असरि बागमती नदी पर देखबा मे आबि रहल अछि। औराई प्रखंडक कटौझा गेज स्थल पर नदीक जलस्तर खतरा निशान सं करीब एक मीटर ऊपर दर्ज कएल गेल अछि। प्रशासन द्वारा निगरानी तेज कए देल गेल अछि। कटरा मे बनल पीपा पुल पर सुरक्षा कें देखैत आवागमन रोकि देल गेल अछि।

दोसर दिस अररिया मे सेहो नूना, बकरा आ अन्य नदी सभक जलस्तर पर प्रशासन नजरि बनौने अछि। नेपाल दिस सं आबि रहल पानि आ लगातार बरखाक कारण सिकटी, पलासी, जोकीहाट सहित निचला इलाका मे बाढ़िक आशंका बनल अछि। मुजफ्फरपुर शहर मे बरखाक बाद सफाइक समस्या सेहो बढ़ि गेल अछि। कतेको ठाम सड़क कात जमा कचरा सं दुर्गंध पसरि रहल अछि, जाहि सं लोक सभ संक्रमणक आशंका सं चिंतित छथि। एखन धरि कोनो इलाका मे व्यापक बाढ़िक सूचना नहि अछि, मुदा नदीक बढ़ैत जलस्तर सं प्रभावित परिवार आ किसान सभक चिंता बढ़ि गेल अछि।



## ‘चुप रहू! जखन अहां राजनीति मे नहि छलहुं, तखने सं हम राजनीति मे छी’

### राजद नेता शक्ति यादव पर भड़कलाह तेजस्वीक विधायक भाइ वीरेंद

**पटना, समदिया**

बांकीपुर उपचुनाव मे हारिक बाद राष्ट्रीय जनता दल (राजद) मे समीक्षा आ मंथनक चर्चा चलि रहल छल मुदा आब पार्टीक भीतर आपसी टकराव खुलि कए सामने आबि गेल अछि। तेजस्वी यादवक करीबी विधायक भाइक वीरेंद्र आ राजदक प्रमुख प्रवक्ता शक्ति यादव आमने-सामने आबि गेल छथि। एहि विवादक मूल कारण बांकीपुर उपचुनाव मे पार्टीक हारि अछि।

उपचुनाव मे हारिक बाद पटना जिलाक मनेर विधानसभा क्षेत्रक विधायक भाइ वीरेंद्र तेजस्वी यादवक नजदीकी लोक सभ पर सवाल उठौने छलाह। ओ कहने छलाह जे संगठनक कमजोरीक कारण पार्टी कें हारिक सामना करय पड़ल। जे लोक पार्टीक भरोसाक पात्र बनल छथि, हुनकर जमीनी स्तर पर कोनो प्रभाव नहि अछि। किछु एहन लोक अछि जे नेताक आसपास बैसैत छथि आ आपत्तिजनक भाषाक प्रयोग करैत छथि। एहि बयान पर शक्ति यादव प्रतिक्रिया दैत भाइ वीरेंद्र पर प्रश्न उठौने छलाह जे ओ पार्टी लेल आखिर कतेक काज कयलनि अछि। एहि पर भाइ वीरेंद्र तीव्र प्रतिक्रिया देलनि आ शक्ति यादव कें चुप रहबाक चेतावनी देलनि। भाइ वीरेंद्र कहलनि, चुप रहू! भाइ वीरेंद्र लोकदल सं राजनीति करैत आबि रहल अछि। जखन अहां राजनीति मे सेहो नहि छलहुं, तखन सं हम राजनीति कए रहल छी। वर्ष 2010 मे हम विधायक छलहुं। कतेको लोक बदलि गेलाह, मुदा भाइ वीरेंद्र नहि बदलल।





ओ आगू कहलनि जे आब 2026 मे 25 विधायक अछि आ जं अहांक कृत्य सार्वजनिक कए देब तं अहां लोकक सामने मुंह देखेबाक स्थिति मे नहि रहब। हुनकर आरोप छल जे किछु लोक तेजस्वी यादवक नाम पर लोक सं लाभ उठेबाक प्रयास करैत छथि। भाइ वीरेंद्र कहलनि जे लालू प्रसाद यादव हुनकर सम्मानित नेता छथि आ लालू प्रसाद यादव तेजस्वी यादव कें नेतृत्व सौंपने छथि, तें तेजस्वी यादव हुनकर नेता छथि। ओ कहलनि जे ओ मात्र लालू यादव आ तेजस्वी यादवक विचारधाराक संग छथि, एहन लोकक संग नहि जे गलत गतिविधि मे संलग्न छथि। हुनका चेतावनी देलनि जे हुनका सभक संबंध मे बहुत किछु जानकारी अछि आ आवश्यकता पड़ल तं ओ सभ बात सार्वजनिक कए देताह।

### शक्ति यादवक बयान

ओतहि शक्ति यादव भाइ वीरेंद्रक बयान पर कहने छलाह जे राजद एखन विपक्ष मे अछि आ पार्टी अपन जिम्मेदारी निभा रहल अछि। नेता प्रतिपक्षक भूमिका सदैव जनहित मे रहैत अछि। ओ कहलनि जे जे लोक पार्टी लेल सवाल उठबैत छथि, हुनका अपन योगदान सेहो देखबाक चाही।

### समस्तीपुर मे ग्रामीण चिकित्सकक गला रेति कए हत्या, सड़क कात भेटल शव

**समस्तीपुर :** समस्तीपुर जिला मे एक ग्रामीण चिकित्सकक गला रेति कए हत्या कएल गेल अछि। बुधक भोर बंगरा थाना क्षेत्रक पचग्राम गाम मे घर सं करीब 500 मीटर दूर सड़कक कात हुनकर शव भेटल। मृतकक पहिचान पचग्राम निवासी शंभू प्रसाद सिंहक रूप मे भेल अछि। शवक बगल सं एक चक्कू सेहो बरामद भेल अछि। मृतकक भाइ संजय कुमार सिंह कहलनि जे शंभू प्रसाद प्रत्येक दिन राति मे घर आबि जाइत छलाह, मुदा मंगल दिन राति ओ नहि लौटलाह। खोजबीनक क्रम मे बुधदिन हुनकर शव भेटल। शंभू प्रसाद करीब 20 वर्ष सं मुरादपुर चौक पर दवाइ दोकान चलबैत छलाह आ क्षेत्रक लोक सभक इलाज करैत छलाह। हुनकर साइकिल आ मोबाइल घटनास्थल पर भेटल, जाहि सं परिजन लूटक आशंका सं मना केने छथि। पुलिस शव कें पोस्टमार्टम लेल पठा देलक अछि आ घटनाक सभ बिंदु पर जांच कए रहल अछि।



# आईआईटी पटना मे 687 छात्र सभ कें भेटल नोकरीक प्रस्ताव

## बीटेकक मीडियन पैकेज बढ़ि 18 लाख रुपैया पहुंचल



**पटना, समदिया**

बिहटा स्थित आईआईटी पटना 2026 क प्लेसमेंट सत्र मे उत्कृष्ट प्रदर्शन करैत नव कीर्तिमान स्थापित केने अछि। वैश्विक रोजगार बाजार मे चुनौतीक बावजूद संस्थानक 2026 बैचक 687 सं अधिक छात्र सभ कें एखन धरि नौकरीक प्रस्ताव भेटल अछि। एहि उपलब्धि सं संस्थानक प्रतिष्ठा आरो मजबूत भेल अछि आ देश-विदेशक कंपनी सभ मे आईआईटी पटना छात्र सभक मांग बढ़लाक संकेत भेटल अछि।

एहि प्लेसमेंट सत्र मे 230 सं अधिक कंपनी सहभागी भेल, जाहि मे कतेको कंपनी पहिल बेर कैंपस पहुंचल। टेक्नोलॉजी, कोर इंजीनियरिंग आ फाइनेंस क्षेत्र मे छात्र सभ कें विभिन्न रोजगार अवसर भेटल।

आईआईटी पटना छात्र सभक वेतन पैकेज मे एहि वर्ष उल्लेखनीय वृद्धि दर्ज कएल गेल अछि। बीटेक आ बीएस पाठ्यक्रमक छात्र सभक मीडियन पैकेज 38.46 प्रतिशत बढ़ि 13 लाख रुपैया सं 18 लाख रुपैया वार्षिक पहुंचि गेल अछि। ओतहि औसत पैकेज 19.80 लाख रुपैया सं बढ़ि 23.17 लाख रुपैया वार्षिक भए गेल अछि, जे लगभग 17 प्रतिशत वृद्धिक संकेत दैत अछि।

### पीपीओ मे सेहो वृद्धि

प्री-प्लेसमेंट ऑफर (पीपीओ) क संख्या मे सेहो उल्लेखनीय वृद्धि भेल अछि। गत वर्ष जतए 94 छात्र सभ कें पीपीओ भेटल छल, ओतहि एहि वर्ष ई संख्या बढ़ि 122 भए गेल अछि, जे लगभग 30 प्रतिशत वृद्धिक द्योतक अछि।

### दिग्गज कंपनी सभ कएलनि चयन

एहि प्लेसमेंट सत्र मे गूगल, एडोबी, अमेजन, डीई शॉ, सैमसंग, स्प्रिंकलर, रिलायंस इंडस्ट्रीज, एचसीएलटेक, महिंद्रा एंड महिंद्रा, टाटा आरएनआई आ टाटा मोटर्स सहित कतेको प्रतिष्ठित कंपनी छात्र सभक चयन कएलनि।

सार्वजनिक क्षेत्रक गेल, इंजीनियर्स इंडिया लिमिटेड, एचपीसीएल, बीपीसीएल, बीईएल, टाटा एडवांस्ड सिस्टम्स, एलएंडटी, सी-डॉट आ सी-डैक जकां संस्था सभ सेहो छात्र सभ कें रोजगारक अवसर देलनि।

### स्नातकोत्तर पाठ्यक्रम मे सेहो उत्कृष्ट प्रदर्शन

केवल बीटेक नहि, स्नातकोत्तर पाठ्यक्रम मे सेहो आईआईटी पटना छात्र सभ उत्कृष्ट प्रदर्शन कएलनि। एमटेक मे कुल 80.35 प्रतिशत छात्र सभक प्लेसमेंट भेल, जखनकि औसत पैकेज बढ़ि 15.06 लाख रुपैया वार्षिक पहुंचि गेल अछि।

मैथेमेटिक्स एंड कंप्यूटिंग, वीएलएसआई एंड एंबेडेड सिस्टम्स आ मैटेरियल्स साइंस एंड इंजीनियरिंग पाठ्यक्रम मे 100 प्रतिशत प्लेसमेंट दर्ज कएल गेल। ओतहि एमएससीक भौतिकी, रसायन विज्ञान आ गणित विषय मे लगातार दोसर वर्ष सभ छात्र सभ कें नौकरी भेटल अछि।

संस्थानक अनुसार ऑल आईआईटी प्लेसमेंट कमेटीक दिशा-निर्देशक कारण अधिकतम वेतन पैकेज सार्वजनिक नहि कएल गेल अछि। मुदा प्लेसमेंटक लगभग सभ प्रमुख मानक मे एहि वर्ष सुधार दर्ज कएल गेल अछि।

आईआईटी पटना मानब अछि जे एहि उपलब्धि सं उद्योग जगत मे संस्थानक छात्र सभक स्वीकार्यता निरंतर बढ़ि रहल अछि। ई उपलब्धि छात्र सभक संग-संग बिहार लेल सेहो गर्वक विषय मानल जा रहल अछि।

# नेहरू पथ पर शीघ्र शुरू होयत रूट डायवर्जनक ट्रायल, ऑटो-बस सभक रहत नो एंट्री



**पटना, समदिया**

पटना मे मेट्रो निर्माणक काजक कारण नेहरू पथ पर यातायात डायवर्जनक ट्रायल आगामी एक सप्ताहक भीतर शुरू भए सकैत अछि। आयकर गोलंबर, विकास भवन आ चिड़ियाघर गेट संख्या 1 क समीप मेट्रो स्टेशन निर्माणक दौरान वाहन परिचालन लेल तैयार ट्रैफिक योजनाक ट्रायल शीघ्र शुरू होएबाक संभावना अछि।

ट्रैफिक योजनाक संबंध मे पहिनहि बैठक सम्पन्न भए चुकल अछि। एखन वरीय अधिकारी सभक स्वीकृतिक प्रतीक्षा अछि। ट्रायलक दौरान मेट्रो निर्माण लेल उपयोग कएल जा रहल क्षेत्र छोड़ि बचल स्थान मे दूटा लेन बनाओल जाएत। एहि दूनू लेन पर निजी वाहन सभ चलत, जखनकि व्यावसायिक वाहन सभ लेल रूट डायवर्जन लागू कएल जाएत।

यातायात एसपी सागर कुमार झा बतौलनि जे शीघ्र ट्रायल शुरू कएल जाएत। निर्धारित स्थान सभ पर यातायात पुलिसक तैनाती कएल जाएत। ट्रायल शुरू होए सं पहिने विस्तृत ट्रैफिक योजना सेहो जारी कएल जाएत।

ट्रायलक दौरान जतए- जतए वाहनक दबाव बढ़बाक संभावना रहत, ओहि स्थान सभ पर अतिरिक्त यातायात पुलिसक प्रतिनियुक्ति कएल जाएत।

प्रस्तावित व्यवस्था अनुसार आयकर गोलंबर सं सगुना मोड़ आ सगुना मोड़ सं आयकर गोलंबर धरि निजी वाहन सभ नेहरू पथे सं आवागमन करत। मुदा ऑटो, ई-रिक्शा आ बस जकां व्यावसायिक वाहन सभक लेल वैकल्पिक मार्ग निर्धारित कएल जाएत।

आयकर गोलंबर सं चलए बला व्यावसायिक वाहन सभ वीरचंद पटेल पथ, आर ब्लॉक गोलंबर आ मंदिरी नाला मार्ग होइत बांसघाट दिस जाएत। ओतहि सगुना मोड़ दिस सं आबए बला वाहन सभ अपन आवश्यकतानुसार दीघा-आशियाना सड़कक उपयोग कए सकत।

शेखपुरा मोड़, डुमरा चौकी दिस सं आबए बला व्यावसायिक वाहन सभ कें एयरपोर्ट, पटेल गोलंबर, अटल पथ, आर ब्लॉक चौराहा आ जीपीओ गोलंबर स्थित मल्टी मॉडल हब दिस डायवर्ट कएल जा सकैत अछि।

# मिथिला मे पेयजल व्यवस्था मजबूत बनेबाक मांग केलनि एलजेपी नेता

## डॉ. विभय कुमार झा पीएचईडी मंत्री संजय सिंह सं भेंट कए विस्तार सं चर्चा कएलनि



**पटना, समदिया**

लोक जनशक्ति पार्टी (एलजेपी) नेता डॉ. विभय कुमार झा पटना मे बिहार सरकारक लोक स्वास्थ्य अभियंत्रण विभाग (पीएचईडी) मंत्री संजय सिंह सं शिष्टाचार भेंट कएलनि। एहि अवसर पर डॉ. झा मिथिलाक समृद्ध सांस्कृतिक परंपराक प्रतीक मिथिला पाग आ डोपटा भेंट कए हुनका सम्मानित कएलनि।

भेंटक दौरान डॉ. विभय कुमार झा मिथिला क्षेत्र मे स्वच्छ आ सुचारु पेयजल व्यवस्थाक विषय पर विस्तार सं चर्चा कएलनि। ओ क्षेत्रक विभिन्न इलाका मे पेयजल आपूर्तिक व्यवस्था आरो नीक बनेबाक संग आवश्यक योजना सभक क्रियान्वयन मे तेजी आनबाक आग्रह कएलनि।

एहि पर पीएचईडी मंत्री संजय सिंह सकारात्मक आश्वासन दैत कहलनि जे राज्य सरकार आमलोक कें बेहतर पेयजल सुविधा उपलब्ध करेबाक लेल प्रतिबद्ध अछि। हुनका कहलनि जे मिथिला क्षेत्र सं जुड़ल पेयजल संबंधी मुद्दा सभ पर विभाग गंभीरतापूर्वक काज करत आ आवश्यक कदम उठाओल जाएत। भेंटक बाद डॉ. विभय कुमार झा आशा व्यक्त कएलनि जे सरकारक सहयोग सं मिथिला क्षेत्र मे पेयजल व्यवस्था आरो मजबूत होयत, जाहि सं लोक सभ कें स्वच्छ, सुरक्षित आ निर्बाध पेयजल उपलब्ध भए सकत।

### राजीव नगर इलाका मे नव बिजली कनेक्शन जारी करबा पर रोक

**पटना।** पटनाक नेपालीनगर, चंद्रविहार कॉलोनी, राजीवनगर आ दीघा (1024.52 एकड़ विवादित जमीन) मे बिहार आवास बोर्डक अनापत्ति प्रमाणपत्र (एनओसी) बिना नव बिजली कनेक्शन नहि भेटत। आवास बोर्डक मुख्य अभियंता बिजली कंपनी कें पत्र लिखि एहि इलाका मे नव बिजली कनेक्शन जारी नहि करबाक आग्रह कयलनि। एकर उद्देश्य अवैध निर्माण पर रोक लगाएब अछि। बिजली कंपनी मुख्यालयक अनुसार, एहि इलाकासँ नव कनेक्शन लेबाक लेल दर्जनो लोक आबि रहल छथि, मुदा सभ आवेदक सं आवास बोर्डक जारी कयल अनापत्ति प्रमाणपत्र प्रस्तुत करबाक मांग कएल जा रहल अछि। दीघाक 1024.52 एकड़ जमीनक विवाद गेल 52 वर्ष सं चलि रहल अछि। वर्ष 1972-74 मे आवास बोर्ड एहि जमीनक अधिग्रहण लेल अधिसूचना जारी कयने छल।

# बिहार मे अमीन सभ कें राहति, आब तीन नहि पांच जिलाक दए सकताह विकल्प

**पटना, समदिया**

राजस्व आ भूमि सुधार विभाग मे कार्यरत अमीन सभ आब स्थानांतरण लेल तीनक बदला पांच जिलाक विकल्प दए सकताह। विभागीय मंत्री डॉ. दिलीप कुमार जायसवाल बुध दिन एहि संबंध मे जानकारी देलनि। हुनका बतौलनि जे अमीन सभ 7 अगस्त 2026 धरि विभागीय पोर्टल पर ऑनलाइन आवेदन कए अपन गृह जिला छोड़ि पांच जिलाक विकल्प दर्ज कए सकैत छथि। एहि सं पहिने स्थानांतरण लेल अमीन सभ सं मात्र तीन जिलाक विकल्प लेल जाइत छल। मुदा विभागक आन संवर्ग सभक संग पदस्थापन प्रक्रियाक दौरान व्यावहारिक कठिनाइ सामने आबए पर आब दूटा अतिरिक्त विकल्प देबाक निर्णय लेल गेल अछि। एहि निर्णय सं अमीन सभ कें अपन पसंदक जिला चुनबाक अधिक अवसर भेटत। विभागीय मंत्री सभ समाहर्ता, अपर समाहर्ता, भूमि सुधार उपसमाहर्ता आ अंचल अधिकारी सभ कें निर्देश देलनि जे ओ अपन अधीनस्थ सभ अमीन कें निर्धारित समय सीमाक भीतर विभागीय पोर्टल पर ऑनलाइन विकल्प भरबाक जानकारी दियथि।

अधिकारी सभ कें ई सेहो सुनिश्चित करबाक लेल कहल गेल अछि जे कोनो पात्र अमीन एहि अवसर सं वंचित नहि रहथि।

डॉ. जायसवाल कहलनि जे सरकार पूर्ण पारदर्शिताक संग काज कए रहल अछि। पांच जिलाक विकल्प देलाक बाद पदस्थापन प्रक्रियाक व्यावहारिक कठिनाइ कम होए मे सहायता भेटत।

# डायल-112 होयत हाईटेक, कैमरा सं होयत पुलिस टीमक लाइव निगरानी

## महिला सभ लेल आयत सुरक्षा एप



**पटना, समदिया**

आपातकालीन पुलिस सेवा डायल-112 कें आरो हाईटेक बनेबाक तैयारी चलि रहल अछि। आब मुख्यालय स्तर सं डायल-112 वाहन सभ आ ओहिमे तैनात पुलिसकर्मी सभक गतिविधि पर लाइव नजरि राखबाक योजना बनाओल गेल अछि।

एहि लेल डायल-112 वाहन सभ मे डैश कैमरा आ पुलिसकर्मी सभक वर्दी पर बॉडी-वॉर्न कैमरा लगाएबाक प्रस्ताव तैयार कएल गेल अछि।

पुलिस मुख्यालय दिस सं ई प्रस्ताव डीजीपी विनय कुमारक समक्ष पठाओल गेल अछि। स्वीकृति भेटलाक बाद कैमरा सभक माध्यम सं ई देखल जा सकत जे डायल-112 क कोन वाहन कोन स्थान पर अछि आ ड्यूटीक दौरान पुलिसकर्मी सभ की गतिविधि कए रहल छथि।

डायल-112 क नव वाहन सभ मे पहिनहि सं डैश कैमरा आ आन आधुनिक सुविधा उपलब्ध करेबाक योजना अछि। एहि लेल नव वाहन खरीदबाक प्रस्ताव सेहो तैयार कएल गेल अछि।

एहि व्यवस्थाक उद्देश्य पुलिस रिस्पांस प्रणाली कें आरो पारदर्शी आ प्रभावी बनायब अछि। कैमरा सभक माध्यम सं वाहनक लोकेशन आ घटनास्थल पर पुलिस टीमक कारबाइक जानकारी मुख्यालय धरि पहुंचत।

पुलिस मुख्यालय डायल-112 सेवाक आधुनिकीकरण कए रिस्पांस टाइम आरो कम करबाक प्रयास मे अछि। लक्ष्य अछि जे आपातकालीन कॉल भेटलाक बाद पुलिस टीम 10 मिनट सं कम समय मे घटनास्थल पर पहुंचि जाए।

एहि लेल डायल-112 कें स्मार्ट सिटी परियोजनाक अंतर्गत स्थापित इमरजेंसी कॉल बॉक्स आ इंटीग्रेटेड कमांड एंड कंट्रोल सेंटर सं जोड़बाक योजना अछि। एहि सं आपात स्थिति मे सूचना आ पुलिसक कारबाइक बीच बेहतर समन्वय स्थापित होयत।

डायल-112 कें केवल पुलिस सेवा धरि सीमित नहि राखि आन आपातकालीन सेवा सभ सं सेहो जोड़बाक तैयारी अछि। एहि लेल एनएचएआई, रेलवे, परिवहन विभाग, निजी एम्बुलेंस आ ट्रॉमा सेवा सभ कें डायल-112 सं जोड़बाक प्रस्ताव अछि। एहि सं सड़क दुर्घटना वा आन आपात स्थिति मे विभिन्न एजेंसी सभक बीच शीघ्र समन्वय स्थापित भ सकत।

### महिला सभ लेल आयत सुरक्षा एप

डायल-112 अंतर्गत सितंबर 2024 सं महिला सभ लेल सुरक्षित यात्रा सुविधा उपलब्ध अछि। एखन धरि एहि सेवाक माध्यम सं 224 महिला सभ कें सुरक्षित गंतव्य धरि पहुंचेबामे सहायता देल गेल अछि।

आब महिला सुरक्षाक लेल विशेष मोबाइल एप शुरू करेबाक प्रस्ताव अछि। एकर उद्देश्य एहन परिस्थिति मे सेहो सहायता पहुंचायब अछि, जखन महिला खुलि कए फोन पर अपन समस्या नहि बता सकथि।

प्रस्तावित एपक माध्यम सं महिला बिना ककरो ध्यान आकर्षित कए पुलिस आ अपन स्वजन सभ कें संदेश पठा सकताह। आपात स्थिति मे एक क्लिक पर सहायता मांगबाक सुविधा उपलब्ध रहत।

एपक माध्यम सं महिलाक लाइव लोकेशन कंट्रोल रूम धरि पहुंचत, जाहि सं पुलिस कें शीघ्र जानकारी भेटत आ आवश्यकतानुसार तुरंत सहायता पठाओल जा सकत।

एडीजी (तकनीकी आ वितंतु सेवा) अमित लोढ़ा बतौलनि जे डायल-112 सेवा कें लगातार बेहतर बनेबाक काज चलि रहल अछि। एहि क्रम मे वाहन सभ पर डैश कैमरा लगाएबाक प्रस्ताव तैयार कएल गेल अछि। हुनका कहलनि जे महिला सुरक्षाक लेल विशेष मोबाइल एप शीघ्र उपलब्ध करेबाक दिशामे सेहो काज चलि रहल अछि। एहि तकनीकी बदलाव सभ सं डायल-112 क निगरानी, रिस्पांस प्रणाली आ महिला सुरक्षा व्यवस्था आरो मजबूत होएबाक उम्मीद अछि।

# मनोरंजन आ मित्रताक नव ठाम बनि रहल अछि छोट-छोट टर्फ ग्राउंड

### पटना मे क्रिकेट आ फुटबॉलक बढ़ि रहल अछि क्रेज

**पटना, समदिया**

गली, खाली प्लॉट आ स्कूलक मैदान धरि सीमित रहल क्रिकेट आब हाइटेक टर्फ ग्राउंड धरि पहुंचि गेल अछि। पटना मे 2022 सं शुरू भेल टर्फ ग्राउंड पर बॉक्स क्रिकेट आ फुटबॉलक चलन तेजी सं बढ़ि रहल अछि। मित्र सभक समूह ऑनलाइन स्लॉट बुक कए सप्ताहांतक भोर आ आन दिन सभ मे फ्लडलाइट सं रोशन टर्फ पर नाइट क्रिकेट वा फुटबॉल खेलैत छथि।



शहर मे एखन लगभग एक दर्जन छोट-पैघ टर्फ ग्राउंड आ स्पोर्ट्स एरिना संचालित भ रहल अछि। एहि ठाम क्रिकेटक संग फुटबॉल, बैडमिंटन, बॉक्स फुटबॉल आ फिटनेस गतिविधिक सुविधा सेहो उपलब्ध अछि। आईटी प्रोफेशनल, डॉक्टर, बैंकर, छात्र आ किछु व्यवसायी सभ अपन-अपन स्पोर्ट्स क्लब वा समूह बना कए प्रत्येक सप्ताह वा सप्ताहांत मे मैच खेलैत छथि। दिनभरक तनाव भुला लोक सभ एतय खेलक माध्यम सं समय बितबैत छथि।

### बॉक्स क्रिकेटक क्रेज किएक बढ़ल

पटना मे खुला खेल मैदान सभ लगातार कम भ रहल अछि। दोसर दिस नौकरीपेशा आ कॉर्पोरेट क्षेत्रक युवा सभक लग समय सीमित रहैत अछि। एहन स्थिति मे टर्फ क्रिकेट हुनका सभ लेल नीक विकल्प बनि कए उभरल अछि।

अधिकांश टर्फ ग्राउंड पर फ्लडलाइटक व्यवस्था रहबाक कारण राति धरि मैच खेलल जाइत अछि। एहि ग्राउंड सभ पर केवल बॉक्स क्रिकेटे नहि, बल्कि फुटबॉल, बैडमिंटन, क्रिकेट कोचिंग, बॉलिंग मशीन, फिटनेस प्रशिक्षण आ बच्चा सभ लेल स्पोर्ट्स कैंपक सुविधा सेहो उपलब्ध अछि।

पटना मे स्पोर्ट्स अप टर्फ, टर्फ एरिना पटना, खेलो पटना एलीट टर्फ, स्पोर्ट्स स्क्वायर पटना, द टर्फ 10, सेवन एरिना टर्फ, सी-7 इन एरिना टर्फ, टर्फ एंड क्रिकेट एकेडमी आ स्पोर्ट्स प्ले एरिना सहित कतेको टर्फ ग्राउंड संचालित अछि। कंकड़बाग मे 2, अटल पथ, दीघा, खगौल, रूपसपुर, मजिस्ट्रेट कॉलोनी आ फुलवारी मे एक-एक टर्फ ग्राउंड अछि। पटनाक पहिल टर्फ ग्राउंड 2022 मे अटल पथ पर टर्फ एरिना नाम सं शुरू भेल छल।

### की कहलनि खेलाड़ी

स्पोर्ट्स क्लब, पटनाक संयोजक रानू राज सिंह कहलनि जे कार्यालयक काजक बाद मित्र सभक संग दू घंटा क्रिकेट खेलब तनाव कम करबाक उत्तम माध्यम अछि। प्रति व्यक्ति खर्च सेहो बहुत बेसी नहि होइत अछि। बॉक्स क्रिकेट मित्र सभक संग मनोरंजन आ स्वास्थ्य दूनूक नीक साधन अछि। स्पोर्ट्स अप टर्फ, पोल्सन रोड, दीघाक आमीर अशरफ बतौलनि जे शहर मे लगभग एक दर्जन टर्फ ग्राउंड अछि, जतए मुख्य रूप सं क्रिकेट आ फुटबॉल खेलल जाइत अछि। भोर 5 बजे सं आ सांझ 6 बजे सं राति 11 बजे धरि नियमित बुकिंग होइत अछि। विशेष परिस्थिति मे लोक सभ भोर 3 बजे धरि सेहो खेलैत छथि। दिन मे नौकरी वा व्यवसाय मे व्यस्त लोक सभ सांझक समय एतय बेसी पहुंचैत छथि।

# सगुना मोड़ सं आरकेपुरम धरि चलल बुलडोजर

**पटना, समदिया**

दानापुर इलाका मे नगर परिषद प्रशासन एकबेर फेर अतिक्रमणक विरुद्ध बुध दिन पैघ अभियान चलौलक। सगुना मोड़ सं आरकेपुरम मोड़ धरि चलाओल गेल एहि अभियान मे सड़क कात कएल गेल अवैध अतिक्रमण हटाओल गेल आ अतिक्रमणकारी सभ सं 18 हजार रुपैया जुमार्ना वसूलल गेल। प्रशासनक एहि कारबाइ सं पूरा इलाका मे हड़कंप मचि गेल आ कतेको स्थान पर अफरा-तफरीक स्थिति बनि गेल।

शहर कें जाम आ गंदगी सं मुक्त करबाक उद्देश्य सं चलाओल गेल एहि अभियान मे नगर परिषदक टीम बुलडोजरक सहायता सं स्थायी आ अस्थायी अतिक्रमण हटौलक। सड़क कात बनल झोपड़ी आ गुमटी तोड़ल गेल, जखनकि कतेको दोकान ट्रैक्टर पर लादि हटाओल गेल।

स्थानीय लोकक कहब अछि जे प्रशासन प्रत्येक मास अतिक्रमण हटेबाक कारबाइ करैत अछि, मुदा किछुए दिन बाद फेर सड़क कात अतिक्रमण भऽ जाइत अछि। एहि पर प्रश्न उठि रहल अछि जे दोबारा अतिक्रमण कएनिहार सभक विरुद्ध कड़ा कारबाइ किएक नहि होइत अछि।

मुदा, एहि बेर प्रशासन स्पष्ट संकेत देने अछि जे दोबारा अतिक्रमण कएनिहार सभ कें बख्सल नहि जाएत। नगर परिषदक दिस सं स्थानीय पुलिस कें लिखित सूचना देल गेल अछि जे एहन लोक सभक विरुद्ध कड़ा कानूनी कारबाइ कएल जाए।

नगर परिषदक ई अभियान 'टाउन क्लीन ऑपरेशन' अंतर्गत चलाओल गेल। शहरक सबसं व्यस्त आ हर्ट जोन मानल जाए बला सगुना मोड़ सं आरकेपुरम मोड़ धरि विशेष रूप सं अतिक्रमण हटाओल गेल, जाहिसं यातायात सुचारु रहि सकए।

# अपराध आ शराब तस्करी पर एसडीपीओ कड़ाइ सं कारबाइक देलनि निर्देश

## हथौड़ी थाना परिसर मे पहिल बेर भेल अनुमंडल स्तरीय क्राइम बैसार



**समस्तीपुर/शिवाजीनगर, समदिया**

रोसड़ा अनुमंडल क्षेत्र मे कानून-व्यवस्था कें आओर प्रभावी बनेबाक तथा अपराध नियंत्रण कें सुदृढ़ करबाक उद्देश्य सं बुधदिन शिवाजीनगर प्रखंड अंतर्गत हथौड़ी थाना परिसर मे पहिल बेर अनुमंडलस्तरीय मासिक क्राइम बैसार आयोजित कएल गेल। बैठकक अध्यक्षता रोसड़ाक अनुमंडल पुलिस पदाधिकारी (एसडीपीओ) संजय कुमार सिन्हा केलनि।

एहि बैठकक विशेषता ई रहल जे पहिल बेर हथौड़ी थाना परिसर मे अनुमंडल क्षेत्रक सभ थानाध्यक्ष एकहि स्थान पर एकत्रित भेलाह आ अपन-अपन थाना क्षेत्र मे दर्ज कांड, लंबित मामिलासभ, अपराध नियंत्रणक स्थिति तथा पुलिसक कारबाइक विस्तार सं समीक्षा कएल गेल। एहि पहल कें क्षेत्र मे नीक पुलिस व्यवस्था आ अपराध नियंत्रणक दिशा मे महत्वपूर्ण कदम मानल जा रहल अछि।

बैठकक दौरान एसडीपीओ संजय कुमार सिन्हा प्रत्येक थानाध्यक्ष सं हुनक थाना क्षेत्र मे घटित प्रमुख आपराधिक घटनासभ, लंबित कांडक प्रगति, गिरफ्तारीक स्थिति, वारंट निष्पादन, फरार अभियुक्तसभक गिरफ्तारी तथा अपराध नियंत्रण लेल चलि रहल अभियानक विस्तृत जानकारी लेलनि। हुनका स्पष्ट निर्देश देलनि जे कोनो परिस्थिति मे अपराधीसभक प्रति नरमी नहि बरतल जाए। सभ थानाध्यक्ष सभ कें अपन-अपन क्षेत्र मे नियमित सघन वाहन जांच अभियान चलाबय, रात्रिकालीन गश्ती कें आओर प्रभावी बनेबय तथा सीमावर्ती क्षेत्र सभ मे विशेष निगरानी रखबाक निर्देश देल गेल।

एसडीपीओ कहलनि जे मद्यनिषेध कानूनक कड़ाइ सं पालन सुनिश्चित कराओनाइ पुलिसक प्राथमिक दायित्व अछि। एकरा लेल शराब माफिया, तस्कर तथा अवैध कारोबार मे संलिप्त लोकसभक विरुद्ध लगातार अभियान चलाओल जाए। सीमावर्ती क्षेत्र सभ मे विशेष सतर्कता बरतैत संदिग्ध गतिविधि सभ पर पैघ नजरि राखल जाए तथा सूचना तंत्र कें आओर मजबूत बनाओल जाए, जाहि सं अवैध शराबक कारोबार पर प्रभावी रोक लगाओल जा सकय। हुनका ईहो निर्देश देलनि जे वाहन जांचक दौरान कोनो संदिग्ध गतिविधि कें नजरअंदाज नहि कएल जाए तथा अपराधीसभक विरुद्ध त्वरित आ प्रभावकारी कारबाइ सुनिश्चित कएल जाए। बैसार मे ईहो निर्देश देल गेल जे सभ थानाध्यक्ष जनताक संग नीक समन्वय स्थापित करथि, जाहि सं पुलिस पर लोकक विश्वास आओर मजबूत भए सकय। थाना स्तर पर प्राप्त शिकायतसभक शीघ्र निष्पादन कएल जाए तथा संवेदनशील मामिला सभ मे अविलंब कारबाइ सुनिश्चित कए कानून-व्यवस्था कायम राखल जाए। एसडीपीओ कहलनि जे पुलिसक सक्रियता सं अपराधी सभ मे भय आ आमजन मे सुरक्षाक भावना उत्पन्न होइत अछि। तें प्रत्येक पुलिस पदाधिकारी अपन दायित्व पूर्ण निष्ठा आ तत्परताक संग निर्वहन करथि। हुनका लंबित कांडसभक शीघ्र निष्पादन, फरार अपराधीसभक गिरफ्तारी, नियमित रात्रि गश्ती, संवेदनशील स्थानसभक निगरानी, बैंक, बाजार तथा सार्वजनिक स्थल सभ मे सुरक्षा व्यवस्था सुदृढ़ करबाक संग अपराधीसभक गतिविधिपर लगातार नजरि राखबाक निर्देश सेहो देलनि। हुनका स्पष्ट कहलनि जे अपराध नियंत्रण लेल पुलिस कें पूर्ण मुस्तैदी सं काज करय पड़त आ कोनो प्रकारक लापरवाही सहन नहि कएल जाएत। बैसार मे सर्किल इंस्पेक्टर मनोज कुमार, रोसड़ा थानाध्यक्ष सह इंस्पेक्टर लाल बाबू कुमार, हथौड़ी थानाध्यक्ष मौसिम, सिंघिया थानाध्यक्ष श्याम कुमार मेहता, शिवाजीनगर थानाध्यक्ष रविंद्र कुमार, विभूतिपुर थानाध्यक्ष सुनील कुमार झा, हसनपुर थानाध्यक्ष सुनील कांत, विद्यापतिनगर थानाध्यक्ष राजकिशोर राय, लरझा थानाध्यक्ष राजकुमार, हथौड़ी अपर थाना पदाधिकारी मुखराम सिंह, नवीन तिवारी, मुकेश कुमार, विनोद कुमार सिंह, सुरेश साह, मुकेश कुमार सिंह सहित अनुमंडल क्षेत्रक अनेको पुलिस पदाधिकारी आ पुलिसकर्मी उपस्थित छलथि। हथौड़ी थाना परिसर मे पहिल बेर आयोजित एहि अनुमंडलस्तरीय क्राइम बैसार कें क्षेत्र मे पुलिस व्यवस्था आओर सुदृढ़ बनेबाक तथा अपराध नियंत्रण कें प्रभावी करबाक दिशा मे एकटा महत्वपूर्ण आ सकारात्मक पहलक रूप मे देखल जा रहल अछि। स्थानीय लोकसभक मानब अछि जे एहि प्रकारक नियमित समीक्षा बैसार सं पुलिसिंग आओर मजबूत होयत, अपराधी सभ पर प्रभावी अंकुश लागत तथा आमजन मे सुरक्षा आ विश्वासक भावना आओर सुदृढ़ होयत।

## किशोरक शव फंदा सं लटकल भेटल



**समस्तीपुर।** रोसड़ा थाना क्षेत्रक मुरादपुर गाम मे बुधदिन एक किशोरक शव घरक भीतर दुपट्टाक सहारा सं फांसि मे लटल भेटलाक बाद क्षेत्र मे सनसनी फैलि गेल। मृतकक पहचान दरभंगा जिलाक बिरौल थाना क्षेत्रक पोखराम गाम निवासी अनिल महतोक पुत्र सत्यम कुमारक रूप मे भेल अछि। ओ अपन नाना रामभरोस महतोक घर मुरादपुर मे रहैत छल। परिजनसभक अनुसार, नाग पञ्चमी मेला देखय लेल सत्यम अपन पिता सं रुपैआ मंगने छल। ओकर माता-पिता मुंबई मे रहि मजदूरी करैत छथि। बताओल जाइत अछि जे पिता द्वारा रुपैआ नहि पठाओल गेलाक कारण ओ नाराज छल। एकर बाद नाना रामभरोस महतो हुनका मेला घूमय लेल 300 रुपैआ देलनि आ स्वयं पशु सभ लेल चारा आनय खेत चलि गेलथि। जखन नाना घर घुरि आएलथि तं सत्यमक शव कोठरी मे दुपट्टाक सहारा सं फांसि मे लटल भेटल। घटनाक जानकारी भेटिते परिवार मे कोहराम मचि गेल। आसपासक लोक सभ सेहो घटनास्थल पर जुटि गेलाह आ रोसड़ा थाना पुलिस कें सूचना देलनि। सूचना भेटलाक उपरांत पुलिस घटनास्थल पर पहुंचि शव कें अपन कब्जा मे लैत आवश्यक कानूनी प्रक्रिया पूरा केलक तथा पोस्टमार्टम लेल समस्तीपुर सदर अस्पताल पठा देलक। घटनाक बाद गाम मे शोकक वातावरण व्याप्त अछि। नगर निरीक्षक सह थानाध्यक्ष लालबाबू कुमार बतौलनि जे शव कें पोस्टमार्टम लेल पठा देल गेल अछि। पोस्टमार्टम प्रतिवेदन आबि गेलाक बादहि मृत्युक वास्तविक कारण स्पष्ट भए सकत। ओ कहलनि जे एखन धरि एहि मामिला मे कोनो लिखित आवेदन प्राप्त नहि भेल अछि। आवेदन भेटलाक उपरांत तथा जांचक आधार पर आगूक विधिसम्मत कारबाइ कएल जाएत।

## ब्राह्मण समाजक बैसार मे संगठन विस्तार आ राज्यस्तरीय सम्मेलनक बनल रूपरेखा



**सहरसा, समदिया**

नगरक डी.बी. रोड स्थित देव पैलेस मे बुधदिन ब्राह्मण समाजक एकटा महत्वपूर्ण बैसार आयोजित कएल गेल। बैसार मे समाजक आगामी कार्ययोजना, संगठन विस्तार तथा समाजहित सं जुड़ल विभिन्न महत्वपूर्ण विषय सभ पर विस्तार सं विचार-विमर्श कएल गेल। बैठकक उद्देश्य समाजक बुद्धिजीवी, सामाजिक संगठक तथा युवा समाजसेवी सभ कें एकटा साझा मंच प्रदान करैत समाजक समक्ष उपस्थित चुनौती सभ आ भविष्यक दिशापर सामूहिक मंथन करब छल।

बैठकक अध्यक्षता प्रभात रञ्जन झा केलनि। ओ कहलनि, संगठनहि शक्ति अछि आ समाजक प्रगति सामूहिक चिंतन आ सामूहिक प्रयास सं संभव अछि। बैसार मे सर्वसम्मति सं निर्णय लेल गेल जे एहि प्रकारक बैसार सभ बिहारक प्रत्येक जिला मे ओतुक्का बुद्धिजीवी, सामाजिक संगठक तथा युवा सभक संग आयोजित कएल जाए, जाहि सं समाजक सभ वर्गक सहभागिता सुनिश्चित भए सकय आ एकटा सुदृढ़ संगठनात्मक संरचना तैयार कएल जा सकय। एकर अतिरिक्त जिलास्तरीय बैठकसभक उपरांत पटना मे एकटा विशाल राज्यस्तरीय सम्मेलन आयोजित करबाक कार्ययोजनापर सेहो सहमति बनल। पूर्णिया सं आएल आशीष झा 'बब्बू' मुख्य वक्ताक रूप मे समाजक एकता, संगठनक सुदृढ़ता तथा युवासभक भूमिकापर प्रेरणादायक आ विचारोत्तेजक संबोधन देलनि। बैसार मे सहरसा ब्राह्मण महासभाक मधुकांत झा, संजय मिश्रा, भगवान झा (मुखिया, बनगांव), अक्षय चौधरी, शैलेश झा, अमित कन्हैया, राजेश रञ्जन झा, राहुल (बनगांव), रौशन माधव, दीप नारायण ठाकुर, प्रभाकरण देव, प्रभाकर मिश्र तथा राहुल झा सहित अनेको गणमान्य व्यक्ति सभ समाजक एकता, शिक्षा, युवा नेतृत्व, संगठन विस्तार तथा सामाजिक उत्तरदायित्व जेकां विषय सभ पर अपन विचार व्यक्त केलनि।

## अवैध बिजलीक उपयोग पर प्राथमिकी दर्ज

**बेनीपट्टी।** अवैध रूप सं बिजलीक उपयोग करबाक विरुद्ध लगातार छापेमारी अभियान चलाओल जा रहल अछि। एहि क्रम मे 3 अगस्त कें मधवापुरक कनीय अभियंता सुनील कुमारक नेतृत्व मे गठित छापेमारी दल बेनीपट्टी थाना क्षेत्रक समदा गाम मे कारबाइ कएलक। एहि दौरान वार्ड नंबर-12 स्थित जल-नल योजनाक मुख्य तार मे कटिंग कए बिजलीक उपयोग करैत ओतहि निवासी चंचल यादव कें धावा दल रंगेहाथ पकड़लक।

# प्रक्षेत्रीय नेतृत्वक निर्णय पर कर्मचारी सभ जतेलनि असहमति

**दरभंगा, समदिया**

मारवाड़ी महाविद्यालय शिक्षकेत्तर कर्मचारी संघक आमसभाक बैसार बुधदिन महाविद्यालय परिसर मे इकाइ अध्यक्ष विजय कुमारक अध्यक्षता मे संपन्न भेल। बैसार मे विश्वविद्यालय प्रशासन आ बिहार राज्य विश्वविद्यालय एवं महाविद्यालय कर्मचारी महासंघ, ललित नारायण मिथिला विश्वविद्यालय प्रक्षेत्र, दरभंगाक बीच विगत 1 अगस्त 2026 कें संपन्न सहमति-पत्र पर विस्तार सं विचार-विमर्श कएल गेल। बैसार मे उपस्थित कर्मचारी सभ सहमति-पत्रक सभ बिंदुक क्रमवार समीक्षा कएलनि। चर्चाक उपरांत सर्वसम्मति सं ई राय व्यक्त कएल गेल जे सहमति-पत्रक कतेको महत्वपूर्ण बिंदु पर कार्यान्वयन लेल कोनो निश्चित समय-सीमा निर्धारित नहि कएल गेल अछि। विशेष रूप सं प्रोन्नति प्रभार प्राप्त कर्मचारीसभक वेतन निर्धारण लेल विश्वविद्यालय द्वारा वर्ष 2026-27 केर बजट मे प्रावधान कएल जा चुकल छल आ चालू वित्तीय वर्ष मे बजट अनुरूप राशि सेहो प्राप्त भए रहल अछि। एकरा बावजूद शिक्षा विभाग सं राशि प्राप्त भेलाक बाद भुगतान केर शर्त जोड़ब कर्मचारी हितक अनुकूल नहि अछि। कर्मचारी सभ कहलनि जे ई प्रक्षेत्रीय नेतृत्वक कमजोर निर्णयक परिचायक अछि। बैसार मे कहल गेल जे नियमित प्रोन्नति, रिक्त पद पर प्रभार, न्यायालयक विभिन्न आदेशक अनुपालन, एमएसीपी निर्धारण सहित सेवानिवृत्त कर्मचारी सभ सं जुड़ल विषय पर अधिक स्पष्ट आ समयबद्ध निर्णय अपेक्षित छल। मुदा प्रक्षेत्रीय नेतृत्वक उदासीन रवैयाक कारण एहि दिशा मे अपेक्षित प्रगति नहि भए सकल।

बैसार मे ईहो कहल गेल जे सहमति-पत्र कर्मचारीसभक व्यापक राय आ महाविद्यालय इकाइ सं पूर्व विचार-विमर्श केने बिन संपन्न कएल गेल, जाहि सं कर्मचारीसभक बीच भारी असंतोष व्याप्त अछि। उपस्थित सदस्य सभ भविष्यक कोनो महत्वपूर्ण निर्णय अथवा समझौता सं पूर्व सभ महाविद्यालय इकाइ सं विधिवत परामर्श लेबाक आवश्यकता पर बल देलनि। बैसार मे सर्वसम्मति सं निर्णय लेल गेल जे मारवाड़ी महाविद्यालय शिक्षकेत्तर कर्मचारी संघ इकाइ वर्तमान सहमति-पत्र पर अपन असहमति व्यक्त करैत प्रक्षेत्रीय नेतृत्व सं मांग करैत अछि जे सहमति-पत्रक प्रत्येक बिंदुक क्रियान्वयन लेल स्पष्ट आ बाध्यकारी समय-सीमा घोषित कएल जाय, जाहि सं कर्मचारीसभक हितक प्रभावी संरक्षण सुनिश्चित भए सकय।

## प्रशांत किशोरक जीत पर जनसुराज कार्यकर्ता सभ गुलाल लगा जतौलनि खुशी

**सहरसा।** नगरक पूरब बाजार स्थित पुरान राइस मिल परिसर मे अवस्थित जनसुराज पार्टीक जिला कार्यालय मे बुधदिन जिलाध्यक्ष कुमार अमृत राजक अध्यक्षता मे बैसार आयोजित कएल गेल। बैसार मे बांकीपुर विधानसभा उपचुनाव मे पार्टीक संस्थापक प्रशांत किशोरक जीत पर हर्ष व्यक्त कएल गेल। एहि अवसर पर कार्यकर्ता सभ एक-दोसरा कें फूलमाला पहिरा आ अबीर-गुलाल लगाकए जीतक खुशी मनौलनि। बैसार कें संबोधित करैत जिलाध्यक्ष कुमार अमृत राज कहलनि जे ई जीत जनताक आकांक्षा आ परिवर्तनक राजनीतिक जीत अछि। हुनका आरोप लगौलनि जे राज्य मे बेरोजगारी, पलायन, अपराध आ भ्रष्टाचार जेकां मुद्दा सभ पर सरकार विफल रहल अछि, जखन कि जनसुराज लोकसभक लेल एकटा नीक विकल्पक रूप मे उभरि रहल अछि। ओ कहलनि जे आगामी विधानसभा चुनाव मे पार्टी सभ सीट पर मजबूती सं चुनाव लड़त आ संगठन कें गाम-गाम धरि सुदृढ़ कएल जाएत।

# सहयोग शिविर सरकार आ जनताक बीच भरोसाक सुदृढ़ आधार : ईश्वर मंडल

## विधायक आमजनक समस्या सुनि त्वरित समाधान लेल पदाधिकारी कें देलनि आवश्यक निर्देश

**दरभंगा, समदिया**

बिहार सरकारक जनकल्याणकारी योजनासभक लाभ अंतिम व्यक्तिधरि पहुंचयबाक उद्देश्य सं आयोजित सहयोग शिविर सभ मे दरभंगा ग्रामीण विधानसभा क्षेत्रक विधायक सह जदयू जिलाध्यक्ष राजेश कुमार उर्फ ईश्वर मंडल बुधदिन दरभंगा सदर प्रखंडक अतिहर आ खुटवाड़ा पंचायत तथा मनीगाछी प्रखंडक भंडारीसम आ जगदीशपुर पंचायत मे आयोजित शिविर सभ मे पहुंचि आमजनक समस्या सुनलनि तथा ओकर त्वरित समाधान लेल संबंधित पदाधिकारी सभ कें आवश्यक निर्देश देलनि।



एहि अवसर पर विधायक श्री मंडल कहलनि जे बिहार सरकार प्रशासन कें जनताक द्वार धरि पहुंचयबाक काज कए रहल अछि। सहयोग शिविरसभक माध्यम सं लोक सभ कें विभिन्न सरकारी योजना आ सेवाक लाभ एक्के स्थान पर उपलब्ध भए रहल अछि, जाहि सं आम नागरिक कें कार्यालयसभक अनावश्यक चक्कर नहि लगाबय पड़ैत अछि। सरकारक सर्वोच्च प्राथमिकता आमजनक समस्याक समयबद्ध, पारदर्शी आ संवेदनशील ढंग सं समाधान करब अछि। कोनो आवश्यकतामंद व्यक्ति कें सरकारी योजनाक लाभ लेबा मे कोनो प्रकारक कठिनाइ नहि होअय, ई सुनिश्चित कएल जाए। श्री मंडल शिविर मे उपस्थित पदाधिकारी सभ कें निर्देश दैत कहलनि जे प्रत्येक आवेदनक गंभीरतापूर्वक परीक्षण कए निर्धारित समयसीमाक भीतर ओकर निष्पादन सुनिश्चित कएल जाए। ओ कहलनि जे जनप्रतिनिधि आ प्रशासनक समन्वित प्रयास सं सरकारक प्रति जनताक विश्वास आओर सुदृढ़ बनत। शिविर मे पैघ संख्या मे ग्रामीण सभ भूमि विवाद, सामाजिक सुरक्षा पेंशन, राशन कार्ड, आवास, पेयजल, बिजली, स्वास्थ्य, शिक्षा तथा अन्य जनहित सं संबंधित विषय सभ पर आवेदन देलनि। कतेको मामिलाक समाधान स्थल परहि कए देल गेल, जखन कि शेष आवेदनसभक शीघ्र निष्पादनक भरोसा संबंधित पदाधिकारी सभ देलनि। विधायक श्री मंडल उपस्थित ग्रामीण सभ सं सरकारक कल्याणकारी योजनासभक अधिक सं अधिक लाभ उठेबाक तथा कोनो समस्याक समाधान लेल सहयोग शिविरसभक सक्रिय रूप सं उपयोग करबाक अपील केलनि।

## मिल्कीक जलजमाव बनल जानलेवा, ग्रामीण सभ मे रोष



**अलीनगर, समदिया**

अलीनगर प्रखंडक मिल्की गाम मे महिनाम मिल्की झंझारपुर मुख्य सड़क पर लगातार जलजमावक कारण सड़क दुर्घटना सामान्य घटना बनि गेल अछि। बुधदिन बाजार सं लौटि रहल एकटा टेंपो पानि सं भरल सड़क पर गड्ढा मे फंसि असंतुलित भए पलटि गेल। संयोगवश एहि दुर्घटना मे कोनो पैघ जनहानि नहि भेल, मुदा टेंपो पर सवार सभ यात्री बाल-बाल बचि गेलाह।

ई सड़क क्षेत्रक प्रमुख संपर्क मार्ग अछि। प्रतिदिन एहि रास्ता सं ट्रक, बस, टेंपो, मोटरसाइकिल तथा अन्य भारी-हल्का वाहनक आवागमन होइत अछि। एकरे संग सैकड़ो स्कूली छात्र-छात्रा सेहो जानिक जोखिम उठबैत एहि सड़क सं विद्यालय जाइत छथि। सड़क पर जमा पानिक कारण गड्ढा सभ नहि देखाइ पड़ैत अछि, जाहि सं आए दिन दुर्घटना होइत रहैत अछि। स्थानीय निवासी कन्हैया कुमार कहलनि जे ई समस्या बहुत पुरान अछि। कतेको बेर संबंधित विभाग तथा जनप्रतिनिधिसभक ध्यान एहि दिशा मे आकृष्ट कराओल गेल, मुदा अखन धरि कोनो स्थायी समाधान नहि भेल अछि। हुनकर कहब छल जे जं शीघ्र जलनिकासीक व्यवस्था आ सड़क मरम्मतिक काज शुरू नहि भेल तं कोनो दिन पैघ दुर्घटना भए सकैत अछि, जाहि मे निर्दोष लोकक जान सेहो जा सकैत अछि।

# एलएनएमयूक 54म स्थापना दिवस धूमधाम सं मनाओल गेल

## शिक्षा, शोध आ नवाचार पर देल गेल विशेष जोर

**दरभंगा, समदिया**

ललित नारायण मिथिला विश्वविद्यालय (एलएनएमयू), दरभंगाक 54म स्थापना दिवस बुधदिन जुबिली हॉल मे भव्य समारोहक संग मनाओल गेल। कार्यक्रमक मुख्य अतिथि बी.एन. मंडल विश्वविद्यालय, मधेपुराक कुलपति प्रो. बिमलेंदु शेखर झा तथा विशिष्ट अतिथि बिहार सरकारक उच्च शिक्षा निदेशक प्रो. नवीन कुमार अग्रवाल छलथि। समारोह मे वाणिज्य संकायक अधिष्ठाता प्रो. एच.के. सिंह, विज्ञान संकायक अधिष्ठाता प्रो. दिलीप कुमार चौधरी, छात्र कल्याण अध्यक्ष (डीएसडब्ल्यू) प्रो. अशोक कुमार मेहता, कुलसचिव डॉ. दिव्या रानी हांसदा सहित अनेको शिक्षक उपस्थित छलथि।



कार्यक्रमक आरंभ महापुरुषसभक प्रतिमापर माल्यार्पण, दीप प्रज्वलन तथा संगीत एवं नाट्य विभागक विद्यार्थी सभ द्वारा राष्ट्रगीत, राष्ट्रगान आ विश्वविद्यालय कुलगीतक प्रस्तुति सं भेल। समारोहक अध्यक्षता करैत प्रभारी कुलपति प्रो. अशोक कुमार मेहता कुलपति प्रो. संजय कुमार चौधरीक संदेश पढ़िकऽ सुनौलनि। संदेश मे कहल गेल जे विश्वविद्यालय विगत दू वर्ष मे उल्लेखनीय प्रगति केने अछि। एहि अवधि मे 426 सं अधिक नव शिक्षकक नियुक्ति भेल अछि तथा शिक्षकसभक प्रोन्नतिक प्रक्रिया सेहो जारी अछि। सामाजिक विज्ञान लेल नव शैक्षणिक भवन, खेल निदेशालय तथा 150 छात्रक क्षमता बला छात्रावासक निर्माण काज चलि रहल अछि। एहि शैक्षणिक सत्र सं फॉरेंसिक साइंसक पढ़ाइ आरंभ कएल जा रहल अछि। संगहि राष्ट्रीय शिक्षा नीति-2020क अनुरूप शोध, नवाचार, उद्यमिता आ मानवीय मूल्य कें प्रोत्साहन देबाक दिशा मे कार्य कएल जा रहल अछि। मुख्य अतिथि प्रो. बिमलेंदु शेखर झा विश्वविद्यालयक स्थापना इतिहास आ अपन छात्र जीवनक अनुभव साझा करैत कहलनि जे कोनो राज्यक विकास शिक्षा, स्वास्थ्य आ कृषि पर निर्भर करैत अछि। ओ कहलनि जे वर्ष 2035 धरि 50 प्रतिशत युवा कें उच्च शिक्षा सं जोड़बाक लक्ष्य निर्धारित अछि। एकरा लेल विश्वविद्यालय सभ कें उद्योग जगतक संग अधिक सं अधिक समझौता (एमओयू) कए समाजोपयोगी शोध कें बढ़ावा देबाक आवश्यकता अछि। उच्च शिक्षा निदेशक प्रो. नवीन कुमार अग्रवाल कहलनि जे राष्ट्रीय शिक्षा नीति-2020 उच्च शिक्षा कें अधिक लचीला, बहुविषयक आ रोजगारोन्मुख बनेलक अछि। हुनका अनुसार शिक्षाक उद्देश्य मात्र डिग्री प्राप्त करब नहि, बल्कि चरित्र निर्माण, नवाचार आ व्यक्तित्व विकास सेहो अछि।

समारोह मे शिक्षक आ कर्मचारीसभक विभिन्न प्रतियोगिताक विजेता सभ कें सम्मानित कएल गेल। कार्यक्रमक संचालन डॉ. प्रियंका राय केलनि, जखन कि धन्यवाद ज्ञापन प्रो. विजय कुमार यादव द्वारा कएल गेल।

## मुरैठ सड़क जाम मामिला मे 9 नामजद सहित 80 अज्ञात पर सीओ दर्ज करौलनि प्राथमिकी

**बेनीपट्टी, समदिया**

अरेर थाना क्षेत्रक मुरैठ मे मंगलदिन कएल गेल सड़क जामक मामिला मे बेनीपट्टीक अंचल अधिकारीक लिखित आवेदनक आधार पर 9 नामजद सहित लगभग 80 अज्ञात व्यक्तिक विरुद्ध संबंधित थाना मे प्राथमिकी दर्ज कएल गेल अछि। दर्ज प्राथमिकी मे सीओ उल्लेख केने छथि जे 4 अगस्त कें करीब 10:30 बजे सूचना भेटल जे अरेर थाना अंतर्गत मुरैठ गाम मे किछु ग्रामीण सभ खेत मे नहरक पानि नहि पहुंचबाक कारण दरभंगा-जयनगर एनएच 527 बी कें जाम कए देने छथि। सूचना भेटिते ओ अरेर थानाध्यक्षक संग जाम स्थल पर पहुंचलाह, जतय सड़क जाम भेटल।

सीओ अपन स्तर सं जामकर्ता सभ कें बहुत बुझाबय-बुझाबय प्रयास कएलनि, मुदा आक्रोशित लोक सभ सरकारी काज मे बाधा उत्पन्न करैत जाम हटाबय लेल तैयार नहि भेलाह। एहि कारण सड़कक दुनू दिस वाहनक लंबा कतार लागि गेल। एहि बीच कोसी नहरक एसडीओ सेहो जाम स्थल पर पहुंचि आक्रोशित भीड़ कें बहुत समय धरि समझाबयक प्रयास कएलनि, मुदा लोक सभ हुनकर बात नहि मानलनि। आरोप अछि जे भीड़ मे शामिल लोक सभ उत्तेजित भए धमकी देबय, गाली-गलौज करब आ नारेबाजी करब शुरू कए देलनि। ओ सभ सरकारी सेवक कें कर्तव्य पालन करबा सं रोकबाक लेल भयभीत करबाक प्रयास कएलनि। सीओक आवेदन मे कहल गेल अछि जे पुलिस पदाधिकारी आ बलक द्वारा लोक सभ कें कानून हाथ मे नहि लेबाक आग्रह कएल गेल, मुदा आक्रोशित भीड़ बांस, कुर्सी आ तिरपाल बिछा कए सड़क पर बैसल रहल आ जाम जारी राखलक। वरीय पदाधिकारीक निर्देश पर अतिरिक्त पुलिस बल बजाओल गेल, जकर बाद लोक सभ कें बुझा-बुझा कए स्थिति नियंत्रित कएल गेल। पुलिस आ ग्रामीणसभक सहयोग सं सड़क जाम आ भीड़ कें उकसाबय बला किछु लोकक पहचान कएल गेल अछि। नामजद आरोपित सभ मे कलुआही थाना क्षेत्रक केटा निवासी दिलीप झा, जगमोहन झा, मो. नवी, अमर झा, लोहा बंगाल टोल निवासी बिलटु पासवान, शुभंकरपुर निवासी जैनुल उर्फ मो. छोटकान, रामनाथ राय, अजय मिश्रा तथा अरेर थाना क्षेत्रक कपसिया निवासी यूट्यूबर विकास कुमार शामिल छथि।

# वैज्ञानिक तकनीक आ उद्यमिता अपना कए मखान उत्पादन कें बनाउ बेसी लाभकारी : विशेषज्ञ

## प्रशिक्षण मे किसान सभ कें खेत आ जलाशयक वैज्ञानिक तैयारी, गाछ स्थापनाक देल गेल जानकारी

मधुबनी, समदिया



डॉ. राजेंद्र प्रसाद केंद्रीय कृषि विश्वविद्यालय, पूसा (समस्तीपुर) क अंतर्गत क्षेत्रीय अनुसंधान केंद्र (आरआरएस), झंझारपुरक तत्वावधान मे बुधदिन मधुबनी जिलाक राइमा गाम मे मखान उत्पादन आ उद्यमिता विकास विषय पर एकदिवसीय कृषक प्रशिक्षण कार्यक्रम सफलतापूर्वक आयोजित कएल गेल। कार्यक्रम मे 50 सं अधिक किसान सभ सहभागी भेलथि। प्रशिक्षणक उद्देश्य किसान सभ कें मखानकवैज्ञानिक खेती, गुणवत्तापूर्ण बीज उत्पादन, आधुनिक उत्पादन तकनीक, प्रसंस्करण, मूल्य संवर्धन आ उद्यमिता विकास सं संबंधित नवीन जानकारी उपलब्ध करेनाइ छल। प्रशिक्षणक दौरान वैज्ञानिक सभ किसान सभ कें खेत आ जलाशयक वैज्ञानिक तैयारी, समय पर पौधस्थापना, संतुलित पोषक तत्त्व प्रबंधन, जल प्रबंधन, खर-पतवार नियंत्रण तथा अधिक उत्पादन लेल अपनाओल जाएबला आधुनिक कृषि तकनीकक विस्तृत जानकारी देलनि। हुनका सभ कहलनि जे वैज्ञानिक अनुशंसाक पालन करला सं उत्पादन लागत घटैत अछि आ उपज तथा गुणवत्ता मे उल्लेखनीय वृद्धिहोइत अछि। एहि अवसर पर डॉ. संजय कुमार, डॉ. एस. के. गंगवार, डॉ. सुनील कुमार मंडल, डॉ. राहुलराजपूत तथा डॉ. आशीष राय मखान फसल मे लगनिहार प्रमुख कीट आ रोगक पहचान, ओकर लक्षण, फसल पर पड़निहार दुष्प्रभाव तथा प्रभावी नियंत्रण लेल समेकित कीट आ रोग प्रबंधन (आईपीएम)क वैज्ञानिक उपाय सभ पर विस्तार सं प्रकाश देलनि। ओ सभ किसान सभ कें नियमित फसल निरीक्षण,समय पर उपचार तथा अनुशंसित कृषि तकनीक अपनयबाक सलाह देलनि, जाहि सं गुणवत्तापूर्ण आ अधिक उत्पादन प्राप्त कएल जा सकय। वैज्ञानिक सभ ईहो बतौलनि जे मात्र मखान उत्पादन धरि सीमित रहबाक बदला प्रसंस्करण, ग्रेडिङ,पैकेजिङ, ब्रांडिङ आ मूल्य संवर्धनक माध्यम सं मखान कें एकटा लाभकारी उद्यमक रूप मे विकसित कएल जा सकैत अछि। एकर अतिरिक्त मखानक खेतीक संग माछ पालन अपनाकए एक्के जलाशय सं दोहरी आमदनी प्राप्त कएल जा सकैत अछि, जाहि सं किसानसभक आर्थिक स्थिति आओर सुदृढ़ बनत। प्रशिक्षण कार्यक्रमक दौरान किसान सभ मखान उत्पादन सं संबंधित अपन समस्या आ जिज्ञासा सभ वैज्ञानिकसभक समक्ष रखलनि। विशेषज्ञ सभ वैज्ञानिक आ व्यवहारिक दृष्टिकोण सं सभ प्रश्नक समाधान प्रस्तुत केलनि। कार्यक्रम मे राइमा गामक प्रगतिशील किसानसभ, पंचायत प्रतिनिधि सभ तथा अन्य गणमान्य व्यक्तिसभक सक्रिय सहभागिता रहल। कार्यक्रमक समापन अवसर पर वैज्ञानिक सभ किसान सभ सं आह्वान केलनि जे ओ सभ मखान उत्पादन मे आधुनिक वैज्ञानिक तकनीक अपनाबथि तथा गुणवत्तापूर्ण बीज, संतुलित पोषक तत्त्व प्रबंधन, समेकित कीट आ रोग प्रबंधन आ मूल्य संवर्धन पर विशेष ध्यान दिअथि। हुनका सभ कहलनि जे मखान आधारित उद्यमिता आ एकीकृत कृषि प्रणाली अपनाकए किसान सभ अपन आमदनी मे उल्लेखनीय वृद्धि कए आत्मनिर्भर आ समृद्ध बनि सकैत छथि। ई प्रशिक्षण कार्यक्रम किसान सभ कें वैज्ञानिक खेती सं जोड़बाक, मखान आधारित उद्यमिता कें प्रोत्साहनदेबाक तथा ग्रामीण क्षेत्र मे रोजगार आ आमदनीक नव अवसर सृजित करबाक दिशा मे एकटा महत्वपूर्ण आ प्रभावकारी पहल सिद्ध भेल।

» पोषक तत्त्व प्रबंधन, जल प्रबंधन, खर-पतवार नियंत्रण पर विमर्श

# बांकीपुरक जीत पर जयनगर मे जनसुराज निकाललक विजय जुलूस

जयनगर, समदिया



बांकीपुर विधानसभा उपनिर्वाचन मे जनसुराज पार्टीक संस्थापक प्रशांत किशोरक जीत कें जनताक बदलावक निर्णय आ बिहारक नव राजनीतिक दिशाक संकेत बतबैत जयनगर अनुमंडल मे भव्य विजयजुलूस निकालल गेल। जनसुराज पार्टीक जयनगर प्रखंड इकाइक तत्वावधान मे आयोजित एहि कार्यक्रम मे पार्टीक कार्यकर्ता सभ आ समर्थकसभक पैघ संख्या मे सहभागिता रहल। विजय जुलूसक नेतृत्व जयनगर प्रखंड अध्यक्ष सुरेश चौधरी केलनि। विजय जुलूस नगरक विभिन्न प्रमुख मार्ग सभ सं गुजरल। एहि दौरान कार्यकर्ता सभ पार्टीक झंडा आ बैनरक संग नारा लगबैत बांकीपुर विधानसभा क्षेत्रक जनादेश कें बिहार मे बदलावक प्रारंभ बतौलनि। जुलूसक माध्यम सं लोक सभ कें जनसुराज पार्टीक नीति,विचारधारा आ आगामी राजनीतिक अभियान सं अवगत कराओल गेल। कार्यकर्तासभक कथन छल जे बांकीपुरक जीत मात्र एकटा विधानसभा क्षेत्रक जीत नहि, बल्कि संपूर्ण बिहार मे व्यवस्था परिवर्तनक जनभावनाक प्रतीक अछि।एहि अवसर पर जनसुराज पार्टीक मिथिला क्षेत्रक विचार मंचक क्षेत्रीय प्रभारी मनीष झा कहलनि जेबांकीपुरक जनता सभ विकास, शिक्षा, रोजगार आ नीक शासनक पक्ष मे स्पष्ट जनादेश देने छथि। हुनकअनुसार ई परिणाम बिहारक राजनीति मे एकटा नव अध्यायक आरंभक संकेत अछि। पूर्व जिला संयोजकतथा खजौली विधानसभा क्षेत्रक पूर्व प्रत्याशी रूपम कुमारीक पति आ समाजसेवी वीरेंद्र यादव कहलनि जे जनसुराज पार्टी जनताक विश्वास पर खरा उतरबाक हरसंभव प्रयास करत। ओ कार्यकर्ता सभ सं गाम-गाम धरि पार्टीक विचारधारा पहुंचयबाक आह्वान केलनि। एहि अवसर पर खजौली प्रखंड अध्यक्ष अमोद राय, जयनगर अनुमंडलक पूर्व अध्यक्ष रामनारायण पंडित, विचार मंचक जिला सचिव पिंटू सिंह, जिला युवा उपाध्यक्ष अजय साह, खजौली प्रखंड युवा अध्यक्ष बिपिन यादव, जयनगर प्रखंडक पूर्व उपाध्यक्ष चंदनचौधरी सहित पैघ संख्या मे जनसुराज पार्टीक कार्यकर्ता आ समर्थक उपस्थित छलथि। विजय जुलूसक समापनक अवसर पर सभ नेता आ कार्यकर्ता सभ शहीद स्मारक तथा भारत रत्न बाबा साहेब डॉ. भीमराव आंबेडकरक प्रतिमापर माल्यार्पण कए श्रद्धासुमन अर्पित केलनि। तत्पश्चात आयोजित प्रेस वार्ता मे वक्ता सभ कहलनि जे बांकीपुर विधानसभा क्षेत्रक जनादेश बिहारक जनताक बदलैत सोच आ नव राजनीतिक विकल्पक मांग कें प्रतिबिंबित करैत अछि। हुनका सभ कहलनि जे जनसुराज पार्टी जनहितकमुद्दा, पारदर्शी शासन, नीक शिक्षा, स्वास्थ्य आ रोजगार जेकां विषय सभ कें लए निरंतर संघर्ष करैत रहत तथा राज्यक प्रत्येक जिला आ गाम धरि बदलावक संदेश पहुंचयबाक अभियान जारी राखत।

# सर्वसीमाक प्रबंधन समितिक अध्यक्ष बनलाह ठक्को राय

## शैक्षणिक विकासक लेल लेलनि संकल्प

झंझारपुर, समदिया



लोहना दक्षिण उत्क्रमित उच्च माध्यमिक विद्यालय, सर्वसीमाक प्रबंधन समितिक बैसार बुधदिन विद्यालय परिसर मे आयोजित कएल गेल। बिहार सरकारक नगर विकास आ आवास मंत्री नीतीश मिश्राद्वारा ठक्को राय कें विद्यालय प्रबंधन समितिक अध्यक्ष मनोनीत कएल गेल। पदभार ग्रहण करबाकउपरांत हुनका अध्यक्षता मे बैसार आयोजित भेल, जाहि मे विद्यालयक सर्वांगीण विकासक संकल्प लेलगेल। बैसार मे प्रधानाध्यापिका कनक कुमारी कें समितिक सचिव तथा प्रखंड शिक्षा पदाधिकारी प्रवीण कुमार प्रभाकर कें पदेन सदस्य बनाओल गेल। एकर अतिरिक्त शिक्षक शंभू सुमन, आनंद झा, ग्रामीण प्रतिनिधि कामेश्वर कामत आ प्रेमलता देवी कें समितिक सदस्य मनोनीत कएल गेल। नव अध्यक्षक पदभार ग्रहण समारोह कें विद्यालयक छात्रा सभ अपन सांस्कृतिक प्रस्तुति सं स्मरणीय बना देलनि। छात्रा सभ मंगलमय दिन आजु हे, पहुन छथि आयल स्वागत गीत प्रस्तुत कए अतिथिसभक अभिनंदन केलनि। एहि अवसर पर प्रधानाध्यापिका कनक कुमारी सभ सदस्य कें मिथिलाक परंपरानुसारपाग, तौनी आ पुष्पमाला सं सम्मानित केलनि। बैसार मे विद्यालय मे नामांकन वृद्धि, पठन-पाठनक गुणवत्ता, भवन आ शौचालयक स्वच्छता, मध्याह्न भोजनक समुचित व्यवस्था तथा छात्रीसभक सुरक्षा सं संबंधित विषय सभ पर विस्तार सं विचार-विमर्शकएल गेल। नवनियुक्त अध्यक्ष ठक्को राय कहलनि जे विद्यालय कें एहि क्षेत्रक आदर्श शिक्षण संस्थानबनेनाइ हुनक प्राथमिकता रहत। शिक्षक, अभिभावक आ प्रबंधन समितिक सहयोग सं उपलब्ध सभ संसाधनक समुचित उपयोग करैत छात्र-छात्रा सभ कें गुणवत्तापूर्ण शिक्षा उपलब्ध कराओल जाएत। प्रखंड शिक्षा पदाधिकारी प्रवीण कुमार प्रभाकर कहलनि जे प्रबंधन समितिक सक्रिय भूमिका सं सरकारी योजनाक लाभ प्रभावी ढंग सं छात्र सभ धरि पहुंचत। बैसार मे अरविंद पासवान, दयानाथ झा, ललन मंडल,टुनटुन राय, बौअन कामत, कुशेश्वर कामत, दिगंबर कामत सहित अनेको अभिभावक आ गणमान्य व्यक्ति उपस्थित छलथि। प्रबंधन समितिक गठन सं ग्रामीण सभ मे हर्षक वातावरण अछि। स्थानीय लोकनिक मानब अछि जे ठक्को रायक नेतृत्व मे विद्यालय शिक्षा क्षेत्र मे नव उपलब्धि प्राप्त करत।

# एलएनएमयूक इतिहास स्वर्णिम आ पहिचान गौरवशाली अछि : डॉ. गोपाल जी ठाकुर

## ललित नारायण मिथिला विश्वविद्यालयक 54म स्थापना दिवस पर सांसद देलनि शुभकामना

दरभंगा, समदिया



मिथिलाक प्रमुख शैक्षणिक संस्थान ललित नारायण मिथिला विश्वविद्यालयक 54म स्थापना दिवसक अवसर पर स्थानीय सांसद तथा एलएनएमयूक सिंडिकेट सदस्य डा. गोपाल जी ठाकुर प्रसन्नता व्यक्त करैत विश्वविद्यालय परिवार आ समस्त मिथिलावासी कें हार्दिक शुभकामना देलनि। हुनका विश्वविद्यालयक 54 वर्षक यात्रा मिथिला क्षेत्र लेल गौरवक विषय बतौलनि। एकटा प्रेस विज्ञप्तिक माध्यम सं सांसद डा. ठाकुर वर्तमान आ पूर्व छात्र-छात्रा, प्राध्यापक, शिक्षकेत्तर कर्मी तथा समस्त मिथिलावासी कें स्थापना दिवसक बधाई दैत कहलनि जे पांच दशक सं अधिक समय सं ई विश्वविद्यालय मिथिला मे उच्च शिक्षा, ज्ञान आ सामाजिक चेतनाक संवर्धन मे महत्वपूर्ण योगदान दैत आबि रहल अछि। ओ कहलनि जे आगामी समय मे विश्वविद्यालयक प्रतिष्ठा कें आओर उंचाइ पर पहुंचयबाक तथा शिक्षा, नवाचार आ शोधक क्षेत्र मे नव उपलब्धि हासिल करबाक लेल केंद्र आ राज्यक एनडीए सरकार निरंतर पहल कए रहल अछि। सांसद डा. ठाकुर विश्वविद्यालयक 54 वर्षक स्वर्णिमइतिहासक सराहना करैत कहलनि जे हुनका लेल ई गर्वक विषय अछि जे ओ स्वयं एहि विश्वविद्यालयक छात्र रहल छथि। हुनक अनुसार एहि संस्थान सं शिक्षा प्राप्त केने लाखौं छात्र-छात्रा देश-विदेश मे मिथिलाक मान-प्रतिष्ठा बढ़ौने छथि। ओ कहलनि जे प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदीक नेतृत्वबला केंद्र सरकार द्वारा पीएम ऊषा योजनाक अंतर्गत ललित नारायण मिथिला विश्वविद्यालय कें शोध विश्वविद्यालयक दर्जा देल गेल अछि तथा एकर विकास लेल 100 करोड़ रुपैआक सहायता उपलब्ध कराओल गेल अछि। सांसदक अनुसार ई विश्वविद्यालय लेल अत्यंत गौरवक उपलब्धि अछि आ आगामी समय मे ई संस्थान ज्ञान, नवाचार आ शोधक क्षेत्र मे वैश्विक स्तर पर नव कीर्तिमान स्थापित करत।

# सहयोग शिविरक माध्यम सं आमजनक समस्याक निष्पादन करब मुख्य उद्देश्य अछि : एसडीएम

बिस्फी, समदिया

बिस्फी प्रखंड क्षेत्रक नूरचक पंचायत मे अनुमंडल पदाधिकारी (एसडीएम) सारंग पाणि पांडेय, साइबर डीएसपी अंकुर कुमार, बीडीओ बसंत कुमार सिंह, सीओ संतोष कुमार सिंह तथा श्रम प्रवर्तन पदाधिकारी हमीद गफूर सहयोग शिविरक शुभारंभ केलनि। तहिना खैरी बांका दक्षिणी पंचायत मे जिला सहकारिता पदाधिकारी राकेश कुमार झा, बीपीआरओ शेखर कुमार तथा राजस्व पदाधिकारी सबिता कुमारी पंचायत सरकार भवन परिसर मे सहयोग शिविरक उद्घाटन केलनि। शिविर मे स्थानीय ग्रामीणसभ, जनप्रतिनिधिसभ, महिला समूहक सदस्य सभ तथा विभिन्न विभागक पदाधिकारी आ कर्मी सभ पर्याप्तसंख्या मे उपस्थित छलथि। सहयोग शिविर मे पोर्टलक माध्यम सं प्राप्त विभिन्न समस्या सं संबंधित आवेदन सभ आ ऑनलाइन प्राप्त आवेदनसभक सुनवाइ आ निष्पादन कएल गेल। एहि मे प्रधानमंत्री आवास, पेंशन, नल-जल, स्वास्थ्य सेवा तथा जमीन विवाद सं संबंधित आवेदनक संख्या बेसी छल। जकरामे कतेको आवेदनक निष्पादन तत्क्षण कए देल गेल। एहि अवसर पर विभिन्न विभाग द्वारा स्टॉललगाकए सरकारी योजनासभक जानकारी सेहो देल गेल। शिविर मे उपस्थित ग्रामीण सभ सं एक-एक कए संवाद कएल गेल आ हुनक समस्या कें गंभीरतापूर्वक सुनल गेल। एसडीएम सारंग पाणि पांडेय कहलनि जे पंचायत आ प्रखंड स्तरक सभ पदाधिकारी आ कर्मी अपन दायित्वक निर्वहन पूर्ण जिम्मेदारी सं करथितथा आमजनक समस्याक निर्धारित समयसीमाक भीतर निष्पादन सुनिश्चित करथि। एहि अवसर पर उषा कुमारी, मुखिया गुलशन खातून, मोहम्मद नियाज, पंचायत सचिव शशि रंजन सहित बहुतो गणमान्य व्यक्ति उपस्थित छलथि।

# स्वतंत्रता दिवसक तैयारी लेल जयनगर चेंबर ऑफ कॉमर्स मे समीक्षा बैसार आयोजित

जयनगर, समदिया

आगामी 15 अगस्त कें मनाओल जाएबला 79म स्वतंत्रता दिवस समारोहक तैयारी कें लए जयनगर चेंबर ऑफ कॉमर्सक कार्यालय मे एकटा महत्वपूर्ण समीक्षा बैसार आयोजित कएल गेल। बैसार मे चेंबरक पदाधिकारी आ सदस्य सभ सहभागिता केलनि तथा राष्ट्रीय पर्व कें भव्य, गरिमामय आ सुव्यवस्थित ढंग सं आयोजित करबाक लेल विभिन्न बिंदु सभ पर विस्तार सं विचार-विमर्श कएल गेल। बैसार मे स्वतंत्रता दिवस समारोहक रूपरेखा तैयार करैत राष्ट्रध्वज फहराओबाक कार्यक्रम, अतिथिसभक स्वागत, सांस्कृतिक कार्यक्रमक आयोजन, व्यापारिक प्रतिष्ठान सभ पर तिरंगा सं सजावट तथा नगरक प्रमुख चौक-चौराहा आ बाजार क्षेत्र सभ मे देशभक्तिक वातावरण बनेबाक विषय पर चर्चा कएल गेल। एकर अतिरिक्त समारोह मे बेसी सं बेसी व्यापारी, सामाजिक संस्था, युवा आ आम नागरिकसभकसहभागिता सुनिश्चित करबाक बात पर विशेष जोर देल गेल। चेंबरक पदाधिकारी सभ कहलनि जेस्वतंत्रता दिवस मात्र सरकारी कार्यक्रम नहि, बल्कि प्रत्येक भारतीयक गौरव आ सम्मानक पर्व अछि। तेंसभ नागरिकक सक्रिय सहभागिता सं एहि राष्ट्रीय उत्सवक गरिमा आओर बढ़त।बैसार मे निर्णय लेल गेल जे नगरक व्यापारी सभ सं अपन-अपन प्रतिष्ठान पर राष्ट्रध्वज फहराबय, आकर्षक तिरंगा सं सजावट करय तथा स्वच्छता बनौने रखबाक अपील कएल जाए। एकरे संग लोक सभमे राष्ट्रभक्तिक भावना जागृत करबाक उद्देश्य सं जागरूकता अभियान सेहो चलाओल जाएत। बैसार मे एहि बात पर सेहो बल देल गेल जे स्वतंत्रता दिवसक अवसर पर राष्ट्रीय ध्वज संहिताक पूर्ण पालन सुनिश्चित कएल जाए तथा समारोह कें अनुशासित आ सम्मानजनक वातावरण मे संपन्न कराओल जाए। उपस्थित सदस्य सभ आयोजन कें सफल बनेबाक लेल आपसी समन्वय सं अपन-अपन दायित्वक निर्वहन करबाक संकल्प लेलनि। चेंबर ऑफ कॉमर्सक प्रतिनिधि सभ नगरवासी सभ सं अपील केलनि जे ओ सभ परिवारसहित स्वतंत्रता दिवस समारोह मे सहभागी बनथि आ देशक वीर स्वतंत्रता सेनानीसभक बलिदान कें स्मरण करैत राष्ट्रीय एकता, अखंडता आ भाईचाराक संदेश प्रसारित करथि। बैठकक अंत मे सभ सदस्य एकस्वर सं स्वतंत्रता दिवस कें ऐतिहासिक आ स्मरणीय बनेबाक संकल्प दोहरबैत जय हिंद आ जय भारतक उद्घोषक संग बैठकक समापन केलनि। एहि अवसर पर अनिल कुमार बैरोलिया, पवन यादव, बैद्यनाथ ठाकुर, गोपाल झा सहित अनेको गणमान्य व्यक्ति उपस्थित छलथि।

# इओक हत्या निंदनीय, कार्य सुरक्षाबलक गठन हो : डॉ. सुनील

मधुबनी, समदिया

बिहार अभियंत्रण सेवा संघक पूर्व महासचिव तथा इंडियन इन्जीनियर्स फेडरेशन (पूर्व)क पूर्व उपाध्यक्ष डा. सुनील कुमार चौधरी डेहरी-डालमियानगर नगर परिषदक कार्यपालक पदाधिकारी (इओ) क अपराधी सभ द्वारा कएल गेल कायरतापूर्ण आ निर्मम हत्यापर गहिर शोक व्यक्त करैत शोकसंतप्त परिवारक प्रति गहिरी संवेदना प्रकट केलनि। ओ कहलनि जे एहि प्रकारक घटना अत्यंत दुःखद, निंदनीय, चिंताजनक तथा संपूर्ण प्रशासनिक तंत्र पर सीधा आक्रमण अछि। डा. चौधरी कहलनि जे जखन एकटा जिम्मेदार सरकारी पदाधिकारीए सड़क पर सुरक्षित नहि छथि, तखन सामान्य नागरिकसभक मन मे भयक वातावरण उत्पन्न होयब स्वाभाविक अछि। एहि प्रकारें रात्रिकाल मे एक अधिकारी पर जानलेवा हमला होयब कानून-व्यवस्थाआ सुरक्षा प्रबंध पर गंभीर प्रश्नचिह्न उपस्थित करैत अछि। डा. चौधरी सरकार आ पुलिस प्रशासन संमांग केलनि जे एहि हत्याकांडक निष्पक्ष आ उच्चस्तरीय जांच कराओल जाय, सभ दोषीजनक शीघ्रगिरफ्तारी सुनिश्चित कएल जाय तथा कानूनक अनुसार कठोर सं कठोर दंड देल जाय। घटनाक पाछां यदि कोनो संगठित षड्यंत्र अथवा प्रभावशाली लोकनिक संलिप्तताक संकेत भेटैत अछि, तं ओकरो निष्पक्ष जांच हो तथा कोनो दोषी कें बख्शल नहि जाय।ओ कहलनि जे यदि बिहारक विकासक गति आओर तीव्र करबाक अछि, तं सरकारी पदाधिकारीसभक जान-मालक सुरक्षा सुनिश्चित करबाक लेल अविलंब कार्य सुरक्षाबलक गठन आवश्यक अछि, जाहि सं पदाधिकारी सभ भयमुक्त वातावरण मे काज कए सकथि आ बिहारक विकास मे महत्वपूर्ण भूमिका निभा सकथि।

# वाहन जांचक क्रम मे 1.60 लाख टाका आ चोरीक वाहन संग दू अभियुक्त गिरफ्तार

मधुबनी, समदिया





मधुबनी जिलाक अररिया संग्राम थाना पुलिसक गश्ती दल वाहन जांचिक क्रम मे एकटा स्कॉर्पियो कें रोकि ओकर चालक सं वाहनक कागजात देखेबाक आग्रह केलक। मुदा चालक कोनो प्रकारक कागजातप्रस्तुत नहि कए सकल। वाहन चालक आ संग बैसल दोसर व्यक्ति सं नाम-पता पूछलापर ओ सभ अपन परिचय क्रमशः सोनू कुमार चौधरी, पिता-जागेश्वर चौधरी, ग्राम-परसाही, थाना-भटनी, जिला-मधेपुरा तथा रिशांत केशव उर्फ मंटू, पिता-गजेंद्र यादव, ग्राम-गरहा, थाना-शंकरपुर, जिला-मधेपुरा निवासीक रूप मे देलक। संदेहक आधार पर वाहनक तलाशी लेल गेल। तलाशीक्रम मे वाहन सं कुल 1,60,000 (एक लाख साठ हजार) रुपैआ बरामद भेल। बरामद रुपैआ आ वाहनक संबंध मे पूछलापर दुनू गोटे पुलिस कें बतौलनि जे ई रुपैआ आ वाहन सुपौल जिलाक किसनपुर थाना क्षेत्रक अंदौली निवासी दीपक चौधरी, पिता-बेचन चौधरी, हुनका सभ कें देने छलथि। ओ कहलनि जे दुनू गोटे पटना जाउ आ ओतय पहुंचलापर जाहि व्यक्तिक नाम कहल जाए, हुनका ई रुपैआ सुपुर्द कए देब।पुलिस संदेहक आधार पर जिला मे गठित तकनीकी दलक सहयोग सं वाहन मालिकक सत्यापन करौलक।जांच मे वाहनक वास्तविक मालिक रोहतास जिलाक सासाराम थाना क्षेत्रक अमारी निवासी संजय कुमार सिंह, पिता-राम नारायण सिंह, छथि। पुलिस जखन वाहन मालिक सं मोबाइल पर संपर्क कएलक, तं हुनका बतौलनि जे हुनकर वाहन तखनहुं हुनक घरक द्वारिपर ठाढ़ अछि। वाहन मालिक अपन वाहनक तस्वीर व्हाट्सएपक माध्यम सं पुलिस कें पठौलनि। आगांक जांच मे स्पष्ट भेल जे जांचिक क्रम मे पकड़ाओलस्कॉर्पियो चोरीक वाहन अछि। एहि वाहनक इंजन आ चेसिस नंबर सं छेड़छाड़ कएल गेल छल तथा धोखाधड़ीक उद्देश्य सं वास्तविक नंबरक स्थान पर दोसर वाहनक इंजन आ चेसिस नंबर अंकित कएल गेल छल। पुलिस विधिसम्मत प्रक्रियाक अनुसार वाहन आ बरामद रुपैआ जप्त कए लेलनि तथा दुनूअभियुक्त कें गिरफ्तार कए थाना आनल गेल। एहि संबंध मे अररिया संग्राम थाना कांड संख्या 63/26,दिनांक 1 अगस्त 2026 कें प्राथमिकी दर्ज कएल गेल अछि। पुलिस एहि घटनाक अन्य सभ पक्षक गहन जांच करैत विधिसम्मत आवश्यक कारबाइ मे जुटल अछि।

# सड़क सुरक्षा जागरूकता अभियान लेल विद्यालय मे कार्यक्रमक आयोजन

बिस्फी, समदिया



बिस्फी प्रखंड क्षेत्रक उच्च माध्यमिक विद्यालय, परसौनी उत्तरीक परिसर मे बुधदिन सड़क सुरक्षा जागरूकता कार्यक्रमक आयोजन कएल गेल। कार्यक्रमक अध्यक्षता विद्यालयक प्रधानाध्यापक राजेश कुमार झा केलनि, जखन कि संचालन शिक्षक प्रदीप रंजन झा द्वारा कएल गेल। एहि अवसर पर छात्र- छात्रा सभ विद्यालयक पोषक क्षेत्र मे जागरूकता रैली निकालि लोक सभ कें सड़क सुरक्षा नियमक पालन करबाक संदेश देलनि। रैलीक माध्यम सं सुरक्षित यातायातक महत्व आ सड़क दुर्घटना सं बचबाक उपायक जानकारी देल गेल।कार्यक्रमक अंतर्गत विद्यालय मे विभिन्न विधा सभ पर आधारित गतिविधिक आयोजन कएल गेल। एहि क्रम मे छात्र-छात्रा सभ ट्रैफिक गेम, क्विज प्रतियोगिता, रैली, संभाषण, पेन्टिङ, चित्रकला प्रतियोगिता आदि मे उत्साहपूर्वक सहभागिता करैत अपन प्रतिभाक प्रदर्शन केलनि तथा सड़क सुरक्षा सं संबंधित विस्तृत जानकारी प्राप्त केलनि। विभिन्न प्रतियोगिता मे उत्कृष्ट प्रदर्शन कएनिहार प्रथम, द्वितीय आ तृतीय स्थान प्राप्त छात्र-छात्रा सभ कें विद्यालयक तर्फ सं पुरस्कृत कएल गेल तथा हुनक उज्ज्वल भविष्यककामना कएल गेल। एहि अवसर पर अरविंद कुमार, सुशांत कुमार, शोभा कुमारी, अभिलाष श्रीवास्तव, पंकज कुमार सहित विद्यालयक अनेको शिक्षक उपस्थित छलथि।

# व्यापारीक हित लेल नवगठित चेंबर ऑफ कॉमर्स कार्यालयक उद्घाटन

लदनियां, समदिया



लदनियां बाजार मे व्यापारीसभक हित कें ध्यान मे रखैत नवगठित चेंबर ऑफ कॉमर्स कार्यालयक भव्य उद्घाटन कएल गेल। एहि अवसर पर बाबूबरही विधानसभा क्षेत्रक विधायक मीना कामत, चेंबर ऑफकॉमर्सक अध्यक्ष मनोज कुमार ठाकुर, देवशंकर यादव, सरोज कुमार यादव, जितेंद्र कुमार चौधरी, जितेंद्र यादव, व्यवसायिक प्रकोष्ठक पदाधिकारी सभ तथा स्थानीय व्यापारीसभक उपस्थिति मे फीता काटि कार्यालयक उद्घाटन कएल गेल। कार्यक्रम मे संगठनक कार्यकर्ता सभ आ पैघ संख्या मे गणमान्य नागरिक सेहो उपस्थित छलथि। चेंबर ऑफ कॉमर्सक अध्यक्ष मनोज कुमार ठाकुर आ देवशंकर यादव मिथिलाक परंपराक अनुरूप विधायक मीना कामतक पाग, दुपट्टा आ पुष्पमाला सं सम्मान कएलनि। उपस्थित पदाधिकारी सभ आ व्यापारी सभ कें संबोधित करैत विधायक मीना कामत तथा अन्य वक्ता सभ कहलनि जे ई कार्यालय व्यापारीसभक समस्याक समाधान करबा आ हुनक हितक संरक्षण करबा मे महत्वपूर्ण भूमिका निभाओत। संगठनकमाध्यम सं व्यापारीसभक आवाज कें सशक्त रूप सं उठाओल जाएत तथा हुनक उचित अधिकारक रक्षा लेल निरंतर प्रयास कएल जाएत। कार्यक्रमक अंत मे आयोजक सभ उपस्थित सभ अतिथि, कार्यकर्ता तथा देवतुल्य जनताक प्रति आभार प्रकट केलनि।

# 20 लीटर कोडीनयुक्त कफ सिरप मामिला मे 10 वर्षक कारावास संग पांच लाख टाका जुर्माना

**सहरसा, समदिया**




सहरसा स्थित अनन्य विशेष न्यायाधीश (उत्पाद-1) विवेक विशालक न्यायालय उत्पाद थाना कांड संख्या 477/2023 सं संबंधित विशेष वाद संख्या 818/2025 मे दोषी कौशिक आनंद (26), पिता मनोज कुमार झा, निवासी लक्ष्मीनगर, वार्ड संख्या 5/40, सराही, थाना सदर कें कोडीनयुक्त कफ सिरप रखबाक मामिला मे 10 वर्षक कठोर कारावास तथा पांच लाख रुपैआ जुर्मानाक सजा सुनौलनि। जुर्मानाक राशि जमा नहिकेलापर दोषी कें अतिरिक्त 18 मासक कारावास भोगय पड़त। सजा सं संबंधित अंतिम आदेश बुधदिनसुनाओल गेल। गुप्त सूचनाक आधार पर भेल छल छापेमारी अभियोजनक अनुसार 18 अगस्त 2023 कें गुप्त सूचनाक आधार पर उत्पाद थाना पुलिस दल गांधीपथ स्थित हाथी टोला मे बजरंगबली मंदिरक समीप छापेमारी केलक। पुलिस कें देखि पळाइत कौशिक आनंद कें पकड़ि तलाशी लेल गेल, जाहि मे ओकर झोला सं कोडीनयुक्त कफ सिरप बरामद भेल। पूछताछ मे भेटल जानकारीक आधार पर लगक बंसबिटा सं 100-100 एमएलक 180 बोतल कोडीनयुक्त कफ सिरप बरामद कएल गेल। एहि प्रकार कुल 20 लीटर कोडीनयुक्त कफ सिरप जप्त कएल गेल। साक्ष्यक आधार पर न्यायालय दोषी मानलक मामिलाक सुनवाइक दौरान अभियोजन पक्षक दिस सं छह गोट गवाहक अतिरिक्त दस्तावेजी आइलेक्ट्रॉनिक साक्ष्य प्रस्तुत कएल गेल, जखन कि बचाव पक्षक दिस सं एक गोट गवाहक परीक्षण कराओल गेल। अभियोजन पक्षक पैरवी अनन्य विशेष लोक अभियोजक राजीव रंजन पांडेय केलनि, जखनकि बचाव पक्षक दिस सं अधिवक्ता संजीव कुमार आ शारदाकांत झा अपन पक्ष रखलनि। न्यायालय अभियोजनक साक्ष्य सभ कें संदेह सं परे मानैत अभियुक्त कें दोषी ठहरौलनि। न्यायालय अपन आदेश मे ईहो उल्लेख केलक जे अभियुक्त पूर्व मे सेहो कोडीनयुक्त कफ सिरप रखबाक मामिला मे दोषसिद्ध भए सजा भोगि रहल अछि।

# छात्र सभक बीच पहुंचलाह डीएम, पढ़ाइक गुणवत्ता संग मध्याह्न भोजनक केलनि निरीक्षण

**अररिया, समदिया**



विद्यालयक शैक्षणिक गतिविधि, पठन-पाठन व्यवस्था आ उपलब्ध सुविधाक जायजा लेबाक उद्देश्य सं बुधदिन अररियाक जिलाधिकारी विनोद दूहन नगरस्थित मिडिल स्कूल जयप्रकाश नगर तथा उच्च विद्यालय, अररिया पहुंचलाह। एहि दौरान ओ कक्षा मे छात्र सभ सं संवाद केलनि आ ओसभक बीच बैसि पढ़ाइक गुणवत्ताक अवलोकन केलनि। मिडिल स्कूल जयप्रकाश नगरक निरीक्षणक क्रम मे जिलाधिकारी विभिन्न विषय सं संबंधित प्रश्न पूछि छात्रसभक शैक्षणिक दक्षताक परीक्षण केलनि। ओ विद्यार्थी सभ केंनियमित रूप सं विद्यालय आबय, मन लगाकऽ अध्ययन करय आ अपन लक्ष्यक प्रति सजग रहबाक प्रेरणा देलनि। जिलाधिकारी विद्यालय मे संचालित मध्याह्न भोजन (एमडीएम)क गुणवत्ताक सेहो जायजा लेलनि। ओ भोजनक गुणवत्ता, स्वच्छता तथा भोजन वितरण व्यवस्थाक निरीक्षण केलनि। एहि अवसर पर छात्र सभ सं भोजनक गुणवत्ता आ व्यवस्थाक संबंध मे सेहो जानकारी प्राप्त केलनि। उच्च विद्यालय, अररियाक निरीक्षणक दौरान जिलाधिकारी शैक्षणिक गतिविधिसभक अतिरिक्त स्मार्ट क्लास व्यवस्थाक अवलोकन केलनि। ओ स्मार्ट क्लासक माध्यम सं चलि रहल शिक्षण कार्यक जानकारीलेलनि तथा शिक्षक सभ कें तकनीक आधारित शिक्षण कें आओर प्रभावकारी बनेबाक निर्देश देलनि। एहिअवसर पर जिलाधिकारी कक्षा मे छात्रसभक बीच पहुंचि ओ सं संवाद केलनि। ओ विद्यार्थी सभ कें निर्देशांक ज्यामिति (कोऑर्डिनेट ज्यामिति) सं संबंधित महत्वपूर्ण सुझाव देलनि आ विषय कें सरल तथा व्यवहारिक ढंग सं बुझौलनि। संगहि नियमित अध्ययन, अनुशासन आ लक्ष्यक प्रति समर्पित रहबाक प्रेरणा सेहो देलनि। जिलाधिकारी विद्यालय प्रबंधन आ शिक्षक सभ कें छात्र सभ कें गुणवत्तापूर्ण शिक्षा उपलब्ध कराबय, विद्यालय परिसर मे स्वच्छता बनौने रखय तथा अनुशासन सुनिश्चित करबाक निर्देश देलनि। ओकहलनि जे गुणवत्तापूर्ण शिक्षाक संग आधुनिक तकनीकक प्रभावकारी उपयोग छात्रसभक सीखबाक क्षमता कें आओर सुदृढ़ बनबा मे सहायक सिद्ध होइत अछि।

# अवर निबंधक सम्मान मे विदाई सह सम्मान समारोह आयोजित

## अजय कुमार चौधरी ग्रहण केलनि अवर निबंधक पदाधिकारीक पदभार

**सीतामढ़ी, समदिया**



भुतही निबंधन कार्यालय मे बुधदिन स्थानांतरित अवर निबंधक पदाधिकारी देवेंद्र प्रसादक सम्मान मे विदाई सह सम्मान समारोह आयोजित कएल गेल। एहि अवसर पर कार्यालयक कर्मी सभ तथा उपस्थित गणमान्य व्यक्ति सभ हुनक कार्यकालक सराहना करैत उज्ज्वल भविष्यक शुभकामना देलनि।समारोह मे वक्ता सभ कहलनि जे देवेंद्र प्रसाद अपन कार्यकालक दौरान निबंधन कार्य कें पारदर्शी,सुव्यवस्थित आ जनहितकारी बनेबाक निरंतर प्रयास केलनि। हुनक सरल व्यवहार, कार्यकुशलता आ प्रशासनिक दक्षताक कारण आम नागरिक सभ कें नीक सेवा प्राप्त भेल। एहि अवसर पर कर्मी सभ आ उपस्थित लोक सभ बुके, अंगवस्त्र आ उपहार भेंट कए ओ सम्मानित केलनि। एहि अवसर पर अजय कुमार चौधरी भुतही निबंधन कार्यालयक नव अवर निबंधक पदाधिकारीक रूप मे पदभार ग्रहण केलनि।पदभार ग्रहण करबाक उपरांत ओ कार्यालय मे आरंभ भेल पेपरलेस निबंधन व्यवस्था कें आमजन लेल महत्वपूर्ण आ आधुनिक पहल बतौलनि। नवपदस्थापित अवर निबंधक पदाधिकारी अजय कुमार चौधरी कहलनि जे पेपरलेस निबंधन व्यवस्था लागू होयला सं आम नागरिक सभ कें बेसी पारदर्शी, सरल आ शीघ्र सेवा उपलब्ध होएत। एहि प्रणाली सं कागजी औपचारिकता कमत, दस्तावेजसभक सुरक्षित डिजिटल संधारण संभव होयत तथा समय आ संसाधन दुनूक बचत होएत। ओ कहलनि जे प्रत्येक आगंतुक कें सुगम, पारदर्शी आ समयबद्ध निबंधन सेवा उपलब्ध करेनाइ हुनक प्राथमिकता रहत। सरकारक डिजिटल पहल कें सफल बनेबाक लेल कार्यालयक सभ कर्मीसभक सहयोग सं उत्कृष्ट कार्य कएल जाएत।स्थानांतरित अवर निबंधक पदाधिकारी देवेंद्र प्रसाद भावुक होइत कहलनि जे भुतही निबंधन कार्यालय मे कार्य करबाक अनुभव ओ लेल अत्यंत स्मरणीय रहल। ओ कहलनि जे एतयक कर्मचारीसभ, दस्तावेज लेखक सभ आ आम नागरिक सभ सं सदिखन सहयोग आ स्नेह भेटल। ओ विश्वास व्यक्त केलनि जेअजय कुमार चौधरीक नेतृत्व मे कार्यालय आओर प्रभावकारी ढंग सं कार्य करत। समारोह मे उपस्थित लोक सभ दुनू पदाधिकारीक अभिनंदन केलनि। एक दिस देवेंद्र प्रसाद कें भावभीनी विदाई देल गेल, तं दोसर दिस अजय कुमार चौधरीक स्वागत करैत कार्यालयक कार्यप्रणाली कें आओर प्रभावकारी, पारदर्शी आजनहितकारी बनेबाक अपेक्षा व्यक्त कएल गेल। एहि अवसर पर अवर निबंधक पदाधिकारी केशव राज,उदय शंकर, संयुक्त अवर निबंधक मुकेश कुमार सहित निबंधन कार्यालयक सभ कर्मी उपस्थित छलथि।

# डीएम जिला समन्वय समितिक बैसार मे योजना सभक प्रगतिक केलनि समीक्षा

## सहयोग शिविर पोर्टल, पीएम सूर्य घर योजना आ राजस्व संबंधी मामिला सभ मे तेजी आनबाक निर्देश

**सहरसा, समदिया**



सहरसाक जिलाधिकारी दीपेश कुमार बुधदिन गूगल मीटक माध्यम सं जिला समन्वय समितिक बैसार आयोजित कए विभिन्न विभागसभक योजना सभ आ प्रशासनिक कार्यसभक समीक्षा केलनि। बैसार मे उप विकास आयुक्त, सभ जिला स्तरीय पदाधिकारी, कार्यपालक अभियंता, प्रखंड विकास पदाधिकारी तथा अंचलअधिकारी सभ सहभागी भेलथि। बैठकक शुरुआत सहयोग शिविर पोर्टल पर प्राप्त आवेदनसभक समीक्षा सं भेल। जिलाधिकारी संबंधित पदाधिकारी सभ कें निर्देश देलनि जे सभ आवेदनक निर्धारित समयसीमाक भीतर गुणवत्तापूर्ण आ संतोषजनक निष्पादन सुनिश्चित कएल जाय, जाहि सं आम नागरिक सभ कें सरकारी सेवाक लाभ समयपर उपलब्ध भए सकय। समीक्षाक क्रम मे पंचायत सरकार भवन, विवाह भवन, ग्रामीण हाट सहित अन्य सरकारी योजनासभक प्रभावकारी क्रियान्वयन लेल आवश्यक भूमि उपलब्ध करयबाक प्रक्रिया मे तेजी आनबाक निर्देश देल गेल। सभ अंचल अधिकारी सभ कें परिमार्जन, दाखिल-खारिज तथा जाति, आय आ निवास प्रमाण-पत्र सं संबंधित आवेदनसभक पारदर्शी, नियमित आ समयबद्ध निष्पादन सुनिश्चित करबाकलेल कहल गेल। जिलाधिकारी विद्युत विभाग कें पीएम सूर्य घर : मुफ्त बिजली योजनाक मिशन मोड मे प्रभावकारी क्रियान्वयन सुनिश्चित करबाक निर्देश देलनि। ओ कहलनि जे अधिक सं अधिक पात्र परिवार धरियोजनाक लाभ पहुंचयबाक लेल कार्य मे अपेक्षित तेजी आनल जाय आ एकर प्रगतिक नियमित समीक्षा कएल जाय। बैठकक अंत मे जिलाधिकारी सभ पदाधिकारी सभ कें आपसी समन्वय, उत्तरदायित्व आ पारदर्शिताक संग काज करबाक निर्देश देलनि। ओ कहलनि जे सरकारक जनकल्याणकारी योजनासभक समयबद्ध, गुणवत्तापूर्ण आ प्रभावकारी क्रियान्वयन प्रशासनक सर्वोच्च प्राथमिकता अछि तथा आमजन कें योजनासभक लाभ निर्धारित समयसीमाक भीतर उपलब्ध करेनाइ सुनिश्चित कएल जाय।

# डीएमसीएच मे 6 अगस्त सं अनिश्चितकालीन भूख हड़तालक घोषणा

## कर्मचारी संघक धरना 24म दिन सेहो रहल जारी

**दरभंगा, समदिया**



बिहार चिकित्सा एवं जनस्वास्थ्य कर्मचारी संघ, विशेष शाखा, डीएमसीएचक बैनरतले अधीक्षक डॉ. जगदीश चंद्र कें पद सं हटेबाक तथा डीएमसीएचक विभिन्न समस्यासभक समाधानक मांग कें लए चलि रहलधरना-सत्याग्रह बुधदिन 24म दिनो सुपर स्पेशियलिटी अस्पताल परिसर मे जारी रहल। संघक अध्यक्ष अनिल कुमार सिन्हा तथा मंत्री अजय कुमार साह बतौलनि जे स्थानीय स्तरक समस्यासभक समाधान नहि होयबाक कारण 6 अगस्त सं मांग सभ पूरा होएधरि अनिश्चितकालीन भूख हड़ताल आरंभ कएल जाएत। संघक आरोप अछि जे अधीक्षकक संवेदनहीन रवैयाक कारण कर्मचारी सभ कें आंदोलन तीव्र करबाक लेल बाध्य होमए पड़ल अछि। संघक अनुसार महिला कर्मी संगीता कुमारी सं संबंधित पत्र एखनधरि वापस नहि लेल गेल अछि। ब्लड बैंक मे कथित अनियमितता सं संबंधित कर्मी सभ पर कारबाइनहि भेल अछि, एसीपीक बकाया भुगतान लंबित अछि, सुपर स्पेशियलिटी अस्पताल मे इंडोर सेवा एखनधरि आरंभ नहि कएल गेल अछि तथा घूसखोरी, दलाली आ वित्तीय अनियमिततापर रोक लगाबय लेल कोनो प्रभावकारी कारबाइ नहि कएल गेल अछि। संघ एहि सभ मामिलाक निष्पक्ष जांच करैत दोषी सभ पर आवश्यक कारबाइ करबाक मांग स्वास्थ्य मंत्री सं केने अछि। धरनास्थल पर मो. जमील आ रामानंद पासवानक संयुक्त अध्यक्षता मे सभा आयोजित भेल। सभा मे प्रकाश कुमार सहनी, अजय कुमार साह, रामावतार यादव, मधु महतो, बैद्यनाथ लाल देव, विजय कुमार, उषा कुमारी, संगीता कुमारी सहित पैघ संख्या मे कर्मचारी सभ उपस्थित छलथि। सभ उपस्थित कर्मचारी सभ6 अगस्त सं प्रस्तावित अनिश्चितकालीन भूख हड़ताल कें सफल बनाबय तथा मांग सभ पूरा होएधरि आंदोलन निरंतर जारी रखबाक संकल्प लेलनि।

# 7 अगस्त कें विकास भवन मे लागत सोलर मेला सह ऋण मेला : अमित कुमार

**सहरसा, समदिया**



प्रधानमंत्री सूर्य घर, मुफ्त बिजली योजनाक अंतर्गत सोलर संयंत्रक स्थापना प्रोत्साहित करबाक तथा उपभोक्ता सभ कें सहज ऋण सुविधा उपलब्ध कराबयबाक उद्देश्य सं 7 अगस्त (शुक्र दिन) भोर 10 बजे सं स्थानीय विकास भवन परिसर मे सोलर मेला सह ऋण मेला आयोजित कएल जाएत। मेलाक उद्घाटन जिलाधिकारी दीपेश कुमार करताह। विद्युत कार्यपालक अभियंता अमित कुमार जानकारी देलनि जे एहि आयोजनक मुख्य उद्देश्य उपभोक्ता सभ कें बिजली बिल मे राहति प्रदान करबाक संग-संग स्वच्छ आ नवीकरणीय ऊर्जाक उपयोग लेल प्रोत्साहित करब अछि। ओ बतौलनि जे योजनाक अंतर्गत एक किलोवाट सोलर संयंत्र पर 30 हजार रुपैआ, दू किलोवाट पर 60 हजार रुपैआ तथा तीन किलोवाट अथवा एकर सं अधिक क्षमताक संयंत्र पर 78 हजार रुपैआ धरि सरकारी अनुदान उपलब्ध कराओल जा रहल अछि। ओ कहलनि जे सोलर संयंत्र स्थापनाक लेल बैंकसभक माध्यम सं लगभग सात प्रतिशत रियायती ब्याज दर पर दू लाख रुपैआ धरिक ऋणक सुविधाओ उपलब्धअछि। एहि ऋणक अदायगी शहरी क्षेत्र मे चारि सं पांच वर्ष तथा ग्रामीण क्षेत्र मे सात सं आठ वर्षकअवधि मे कएल जा सकैत अछि। मेला मे उपभोक्ता सभ कें सोलर संयंत्रक स्थापना, लागत, सरकारी अनुदान, ऋण प्रक्रियाक संग-संग अन्य तकनीकी पक्षसभक विस्तृत जानकारी देल जाएत। विभिन्न बैंकसभ आ अधिकृत एजेंसीसभक प्रतिनिधि सेहो उपस्थित रहताह, जतय इच्छुक उपभोक्ता ऋण संबंधी जानकारी प्राप्त करबाक अतिरिक्त स्थल परहि आवेदन प्रक्रियाओ पूरा कए सकताह। जिला प्रशासन आ विद्युत विभाग अधिक सं अधिक लोक सभ सं मेला मे सहभागी भए प्रधानमंत्री सूर्य घर : मुफ्त बिजली योजनाक लाभ उठेबाक अपील केने अछि।

# पुस्तक-पठन एकाग्रताक संग गहन चिंतनक शक्ति प्रदान करैत अछि : प्रो. मुश्ताक अहमद

**दरभंगा, समदिया**



सी.एम. कॉलेज, दरभंगा मे नेशनल बुक ट्रस्ट (एनबीटी), इंडियाक तत्वावधान मे आयोजित पांचदिवसीय पुस्तक प्रदर्शनीक शुभारंभ बुधदिन भेल। प्रदर्शनीक उद्घाटन करैत महाविद्यालयक प्राचार्य प्रो. मुश्ताकअहमद कहलनि जे पुस्तक-पठन मानव मस्तिष्क कें एकाग्रताक संग गहन चिंतन आ विचार-शक्ति संसंपन्न करैत अछि। ओ कहलनि जे डिजिटल युग मे सेहो पुस्तकसभक महत्त्व कनेकौ कम नहि भेल अछि, बल्कि पठन-संस्कृति कें प्रोत्साहित करब समयक प्रमुख आवश्यकता अछि। प्रो. अहमद जानकारी देलनि जे 5 अगस्त सं 10 अगस्त 2026 धरि चलनिहार एहि प्रदर्शनी मे साहित्य, विज्ञान, इतिहास सहित विभिन्न विषय सभ सं संबंधित हिंदी, अंग्रेजी, उर्दू, मैथिली तथा अन्य भाषासभक सैकड़ों मौलिक आ अनूदित पुस्तक उपलब्ध अछि। ओ महाविद्यालय मे एहि आयोजन लेल नेशनल बुक ट्रस्ट तथा बिहार प्रभारी मोहम्मद महफूज़ आलमक प्रति आभार व्यक्त केलनि। एहि अवसर पर प्रो. श्रीवास्तव, डॉ. अबसार आलम, डॉ. विजय सेन पांडेय, डॉ. मिर्ज़ा रूहुल्लाह बेग, डॉ. पूजा शर्मा, डॉ. राठौर, डॉ. डेनिस शाह, डॉ. सरिता भवानी, डॉ. मसर्रत फ़ैज़ी तथा डॉ. पूनम कुमारी सहित अन्य शिक्षक सभ पुस्तक प्रदर्शनीक उपयोगिता पर अपन-अपन विचार व्यक्त केलनि। कार्यक्रमक अंत मेनेशनल बुक ट्रस्टक प्रभारी पदाधिकारी मोहम्मद महफूज़ आलम शिक्षक सभ आ विद्यार्थीसभक उत्साहकसराहना करैत सभक प्रति आभार प्रकट केलनि।

## नवविवाहित अभिनव राय आ श्रुति श्रद्धापूर्वक मना रहल छथि मधुश्रावणी पर्व

# कनाडाक वैंकूवर मे जीवंत भेल मिथिला परंपराक पाबनि मधुश्रावणी

**सहरसा, समदिया**



मिथिलाक सांस्कृतिक विरासत आ लोकआस्थाक अनुपम पर्व मधुश्रावणी आब विदेशो मे अपन अलग पहचान बना रहल अछि। कनाडाक वैंकूवर मे रहनिहार नवविवाहित दंपती अभिनव राय आ श्रुति द्वारा मधुश्रावणीक व्रत करैत तस्वीर सभ सोशल मीडियापर चर्चाक विषय बनल अछि। विदेश मे रहितो दुनू गोटे मिथिलाक परंपरा आ संस्कृति कें सहेजि रखबाक प्रेरणादायक संदेश देने छथि। मधुश्रावणी पर्व मिथिलाक नवविवाहित महिलासभक प्रमुख धार्मिक अनुष्ठान अछि। ई व्रत पतिक दीर्घायु, सुख-समृद्धि आ अखंड सौभाग्यक कामना सं कएल जाइत अछि। नवविवाहिताक लेल एकर आरंभ साओन मासक कृष्ण पक्षक पञ्चमी तिथि सं होइत अछि आ समापन शुक्ल पक्षक तृतीया तिथिपर होइत अछि। एहि वर्ष ई पर्व 3 अगस्त सं आरंभ भेल अछि, जखन कि एकर समापन 15 अगस्त कें होएत। मिथिलाक परंपराक अनुसार 15 दिन धरि चलनिहार एहि पर्व मे महिला सभ प्रतिदिन बगैचा सं फूल चुनि माता विषहरा तथा शिव-पार्वतीक पूजा करैत छथि। फूल चुनबाक क्रम मे गाओल जाएबला पारंपरिक गीत सभ संपूर्ण वातावरण कें भक्तिमय बना दैत अछि। पूजाक अवधि मे दू दिन धरि नाग देवताक कथा सुनाओल जाइत अछि, जखन कि शेष 13 दिन सावित्री-सत्यवान, शिव-पार्वती, राम-सीता, राधा-कृष्ण सहित विभिन्न देवी-देवतासभक कथा कथावाचिका द्वारासुनाओल जाइत अछि। एहि अवधि मे नवविवाहिता अपन ससुराल सं पठाओल गेल खाद्य सामग्रीक सेवन करैत छथि आ ओतय सं आएल नव वस्त्र धारण करैत छथि। सांझक पूजा मे कोहबर गीत आ भगवती गीत गाओल जाइतअछि। संपूर्ण अनुष्ठान पतिक दीर्घायु, सुखमय दांपत्य जीवन तथा परिवारक मंगलकामनाक लेल पूर्णश्रद्धा आ निष्ठाक संग संपन्न कएल जाइत अछि। वैंकूवर मे अभिनव राय आ श्रुति द्वारा परंपरागत विधि-विधान सं मधुश्रावणी पर्व मनाओल जाएबाक तस्वीर सभ कें लोक सभ भरपूर सराहि रहल छथि। प्रवासी मिथिलावासीसभक ई प्रयास एहि बातक प्रमाण अछि जे मातृभूमि सं हजारौं किलोमीटर दूर रहितो मिथिलाक संस्कृति, परंपरा आ धार्मिक आस्था आइयो हुनक जीवनक अभिन्न अंश बनल अछि।

# स्वच्छताक बदहाल स्थिति देखि सिविल सर्जन जतौलनि रोष

## 24 घंटाक भीतर साफ-सफाई सुनिश्चित करबाक डीएस कें देलनि निर्देश

**बेनीपट्टी, समदिया**



मधुबनीक सिविल सर्जन डॉ. हरेंद्र कुमार बुधदिन बेनीपट्टी अनुमंडलीय अस्पतालक औचक निरीक्षण केलनि। एहि क्रम मे ओ ओपीडी, आपातकालीन वार्ड, औषधि वितरण काउंटर, भंडार कक्ष, लेबर रूम, पैथोलैब, एक्स-रे कक्ष सहित अस्पतालक विभिन्न विभागसभक निरीक्षण कए अस्पताल उपाधीक्षक (डीएस) कें आवश्यक दिशा-निर्देश देलनि। सर्वप्रथम सिविल सर्जन ओपीडी पहुंचलाह, जतय चिकित्सक सभ उपस्थित छलथि। तत्पश्चात ओ औषधि वितरण काउंटर पर पहुंचि कर्मी सभ सं आवश्यक औषधिसभक उपलब्धताक संबंध मे जानकारी लेलनि। एकर बाद ओ आपातकालीन वार्ड तथा प्रथम तल पर स्थित लेबर रूमक निरीक्षण कए ओतय भर्ती रोगी सभ सं बातचीत कए स्वास्थ्य सेवाक संबंध मे जानकारी प्राप्त केलनि। निरीक्षणक दौरान अस्पताल परिसर मे कतेको स्थान पर गंदगी देखि सिविल सर्जन नाराजगी व्यक्त केलनि। ओ कहलनि जे निरीक्षण मे अस्पतालक साफ-सफाइक स्थिति अत्यंत खराब भेटल अछि। एहि प्रकारक लापरवाही कदापि सहन नहि कएल जाएत। ओ कहलनि जे सफाइकर्मीसभक मनमानी स्वीकार्य नहि अछि। एजेंसी कें नियमित भुगतान कएल जाइत अछि, तें सफाइकर्मी सभ अपन पारिश्रमिक एजेंसीसं प्राप्त करथि। जं कोनो कर्मी काज कए रहल छथि तं हुनक समय पर भुगतान होए, ई सुनिश्चित करब सेहो एजेंसीक दायित्व अछि। अस्पताल कें स्वच्छ राखब सफाइकर्मी आ संबंधित एजेंसी दुनूक जिम्मेदारी अछि। सिविल सर्जन बतौलनि जे निरीक्षणक दौरान चिकित्सक आ कर्मीसभक उपस्थितिक सेहो समीक्षा कएलगेल। ओ कहलनि जे नव डीएस कें पदभार ग्रहण केने एखन मात्र एक मास भेल अछि। ओ सं कार्य मे आबि रहल कठिनाइ अथवा आवश्यक संसाधनक कमी आदिक संबंध मे सेहो जानकारी लेल गेल अछि। सिविल सर्जन अस्पताल उपाधीक्षक कें 24 घंटाक भीतर संपूर्ण अस्पताल मे साफ-सफाई सुनिश्चित कए स्वच्छ वातावरण बहाल करबाक निर्देश देलनि। संगहि कहलनि जे जं कोनो कर्मी अपन दायित्वक निर्वहन मे लापरवाही बरतैत छथि अथवा निर्देशाक पालन नहि करैत छथि तं ओकर लिखित प्रतिवेदन जिलास्तर पर पठाओल जाय, जाहि सं आवश्यक प्रशासनिक कारबाइ कएल जा सकय। निरीक्षणक अवसर पर अस्पताल उपाधीक्षक अवधेश कुमार सहित अन्य पदाधिकारी आ कर्मी उपस्थित छलथि।



कुमार नितेश

# नदी नहि, आस्था ऊपर बहैत अछि!



मनुष्य नदी कें सदिखन नीचां दिस बहैत देखने अछि। पर्वत सं निकलि घाटी, मैदान आ समुद्र दिस बढ़ब नदीक स्वभाव अछि। प्रकृतिक ई शाश्वत नियम अछि। जल कहियो अपन ऊंचाइक अभिमान नहि करैत अछि। ओ विनम्र भए नीचां उतरैत अछि आ जतय पहुंचैत अछि, ओतय जीवनक संचार कए दैत अछि। मुदा श्रावणी पथ पर पहिल बेर मनुष्य एकटा एहन नदी देखैत अछि, जे भक्तक कन्हा पर सवार भए ऊपर दिस चलैत अछि। ओ गंगा छथि। संभवतः श्रावणी पथक ई सभ सं अद्भुत अनुभूति अछि। नदीक प्रवाह नीचां दिस होइत अछि, मुदा भक्तिक आरोहण ऊपर दिस।

गंगा हिमालय सं उतरैत छथि। पर्वत सं मैदान दिस अबैत छथि, धरती कें जीवन दैत छथि आ अंततः समुद्र मे समा जाइत छथि। मुदा श्रावणी पथ पर ओहि गंगाक एकटा दोसर यात्रा आरंभ होइत अछि। आब ओ मात्र नदी नहि रहैत छथि, संकल्प बनि जाइत छथि। ओ मात्र जल नहि रहैत छथि, विश्वासक भार बनि जाइत छथि। भक्त जे जल दुनू हाथ सं भरि कांवर मे रखैत अछि, ओ मात्र पात्र मे राखल पानि नहि रहि जाइत अछि। ताहि मे ओकर प्रतिज्ञा, श्रद्धा आ संपूर्ण यात्राक भाव समाहित भए जाइत अछि। एहि कारणें कांवरक प्रत्येक जलपात्र एकटा लघु गंगाक रूप धारण कए लैत अछि।

भारतीय मोन गंगा कें मात्र जलधारा नहि मानलक। हुनका मां कहलक, देवी कहलक, स्मृति, शुद्धि आ समर्पणक प्रतीक मानलक। कारण गंगा मात्र प्यास नहि बुझबैत छथि, ओ पीढ़ी-दर-पीढ़ीक स्मृति कें सेहो जोड़ैत छथि। हुनकर तट पर सभ्यता बसल, ऋषि-मुनि सभ तप कएलनि, राजधानी उठल आ विलीन भए गेल, मुदा गंगाक प्रवाह निरंतर बनल रहल। एहि कारणें भारतीय मोन हुनका मात्र नदी नहि, संस्कृतिक जीवित धारा मानलक। एहि लेल गंगा स्तुति मे हुनका पुकारल गेल -

देवि सुरेश्वरि भगवति गंगे।
शंकरमौलिविहारिणि विमले॥

ओहि परंपरा मे हुनका विष्णुपदी सेहो कहल गेल - हरिक चरण सं निकलल गंगा, शंकरक जटा मे विराजमान गंगा आ आब भक्तक कन्हा पर चलैत गंगा। संभवतः एहि मे भारतीय मोनक सभ सं सुंदर समन्वय निहित अछि। एतय ककरो विरोध नहि अछि। देवत्वक प्रत्येक धारा दोसर धाराक सम्मान करैत अछि। विष्णु सं निकलल गंगा शिवक मस्तक पर विराजैत छथि आ ओही गंगा कें भक्त अपन कन्हा पर राखि पुनः शिवक चरण धरि पहुंचबैत अछि। भारतीय दर्शनक ई सभ सं पैघ विशेषता अछि जे ओ विभाजन नहि, संगमक सृजन करैत अछि। शिव गंगा कें रोकलनि नहि, हुनका धारण कएलनि। ओ प्रकृतिक मयार्दाक सम्मान कएलनि, कारण प्रकृति अपन नियम सं चलैत अछि। जल नीचां दिस बहैत अछि, नदी समुद्र दिस जाइत अछि। भक्ति प्रकृतिक नियम कें तोड़ैत नहि, ओ हुनका प्रणाम करैत अछि आ फेर ओही प्रकृति कें अपन कन्हा पर उठा कए देवत्व दिस चलि पड़ैत अछि। एहि कारण श्रावणी यात्रा कोनो चमत्कारक प्रदर्शन नहि करैत अछि। एतय प्रकृति कें चुनौती नहि देल जाइत अछि। एतय मनुष्य स्वयं परिवर्तित होइत अछि। ओ अपन श्रम, प्रेम आ संकल्प सं ओहि जल कें देवाधिदेव धरि पहुंचयबाक माध्यम बनैत अछि। गंगाक स्वाभाविक प्रवाह पर्वत सं मैदान दिस अछि, मुदा श्रावणी पथ पर वएह गंगा मैदान सं ऊंच धरती दिस बढ़ैत देखाइ पड़ैत छथि। नदीक मार्ग नहि बदलैत अछि, यात्राक अर्थ बदलि जाइत अछि। एहि परिवर्तन सं ई यात्रा अद्वितीय बनैत अछि। जल वएह अछि, पात्र वएह अछि, धरती सेहो वएह अछि। बदलैत अछि तं मात्र भाव। आ जखन भाव बदलि जाइत अछि, तखन साधारण कर्म सेहो साधना बनि जाइत अछि।

**श्रावणी पथ : कड़ी-7**

**भक्ति आरोहण : गंगाक ऊर्ध्व यात्रा**

श्रावण अबिते सुल्तानगंज सं देवघर धरिक पथ एकटा अद्भुत धारा मे परिणत भए जाइत अछि। दिन हो अथवा राति, बरखा हो अथवा उमस, कांवरियाक प्रवाह नहि रुकैत अछि। लाखो कन्हा पर कांवर अछि, लाखो जलपात्र मे गंगाजल अछि। एहन प्रतीत होइत अछि जना गंगा स्वयं कें हजारो-लाखो धारा मे विभाजित कए देने होथि। मुदा आश्चर्य ई अछि जे हुनकर प्रवाह तइयो अवरुद्ध नहि होइत अछि। सड़क पर चलैत प्रत्येक कांवरियाक संग एकटा गंगा चलैत छथि। कियो बालक अछि, कियो वृद्ध, कियो स्त्री आ कियो युवक। सभक कन्हा पर जल अलग अछि, मुदा आस्था एक अछि। एहन बुझाइत अछि जना गंगा अपना कें असंख्य रूप मे विभाजित कए देने होथि आ तइयो ओ एक्कहि धारा बनल छथि।

कहियो कांवरिया तीव्र गति सं चलैत अछि, कहियो धीरे। कहियो विश्राम करैत अछि, कहियो जयघोष करैत आगू बढ़ैत अछि। आ जलपात्र मे गंगा सेहो जना ओकर संग चलैत छथि - कहियो हिलैत, कहियो डोलैत, कहियो इतराइत। मानू नदी किछु दिन लेल अपन मार्ग बदलि देने हो आ आब ओ धरती पर नहि, मनुष्यक कन्हा पर बहि रहल होथि। एहि दृश्य कें मात्र आंखि सं नहि देखल जाइत अछि, एकरा मोन अनुभव करैत अछि। दूर धरि पसरल कांवरक पांति कोनो सड़कक दृश्य नहि लगैत अछि। ओ सरिपहुं प्रवाहित नदीक आभास दैत अछि, जाहि मे प्रत्येक यात्री एकटा चलैत लहरि बनि जाइत अछि।

संभवतः एहि मे एहि यात्राक सभ सं गंभीर रहस्य निहित अछि। गंगा ऊपर नहि चढ़ैत छथि, भक्त हुनका लए कए चलैत अछि आ शिव भक्तक भावक मान राखैत छथि। शिव कें जलक मूल्य नहि चाही, हुनका भावक मूल्य चाही। वएह जल जं मात्र पात्र मे राखल रहि जाय तं ओ जल अछि, मुदा वएह जल जं श्रद्धापूर्वक अर्पित कएल जाय तं ओ अभिषेक बनि जाइत अछि। इएह भाव एहि यात्रा कें युग-युग सं जीवित राखलक अछि।

ई ओ भूमि अछि जतय प्रकृति, भक्ति आ देवत्व एक-दोसरक विरोधी नहि, सहयात्री बनि जाइत छथि। एतय आबि मनुष्य बुझैत अछि जे प्रकृति कें जीतब सं पैघ काज ओकर संग चलब अछि। गंगा अपन नियम निभबैत छथि, भक्त अपन संकल्प निभबैत अछि आ शिव दुनूक सम्मान करैत छथि। इएह श्रावणी पथक मौन दर्शन अछि।

मुदा एहि यात्राक एकटा आओर रहस्य एखन शेष अछि। जं गंगा विष्णुपदी छथि, जं राम स्वयं विष्णुक अवतार मानल जाइत छथि, तं ओ कोन क्षण छल जखन विष्णुक अवतार गंगा कें कांवर मे धारण कए अपन आराध्य शिव धरि पहुंचौलनि? की ई मात्र भक्तिक कथा छल, अथवा भारतीय सभ्यताक कतेको धाराक मिलनक कोनो गूढ़ संकेत एहि कथा मे निहित छल? ओहि कथा मे मात्र राम नहि छथि। ओतय शिव छथि, गंगा छथि, विष्णु छथि आ एकर संग ओ भारतीय चेतना सेहो अछि, जे कहियो देवता सभ कें अलग-अलग खेमा मे बांटि कए नहि देखने अछि। जे प्रत्येक मार्ग कें अंततः एक्कहि सत्य दिस जाइत स्वीकार करैत अछि। संभवतः श्रावणी पथक अगिला कड़ी ओही रहस्यक द्वारि खोलत।

# वातानुकूलन सं गहराइत पर्यावरणीय संकट

कुमार विवेक



वैश्विक तापमान निरंतर बढ़ि रहल अछि आ आब एकर प्रभाव संसार भरि मे स्पष्ट रूप सं देखबा मे आबि रहल अछि। पृथ्वीक ठंढ क्षेत्र मानल जाएबला यूरोप आ उत्तरी अमेरिका सेहो एकरा सं अलग नहि रहल अछि। अर्थात जलवायु संकट आब एकटा एहन खतरनाक दौर मे प्रवेश कए गेल अछि, जतय एकर प्रभाव मानवीय जीवन सं लए कए प्राकृतिक पर्यावरण धरि परिलक्षित भए रहल अछि। भारत सन उष्णकटिबंधीय देश मे, जतय आगामी दू दशक मे शीतलन अर्थात कूलिंगक मांग आठ गुना बढ़बाक अनुमान अछि, ओतय गर्मी सं बचबाक तात्कालिक उपायक रूप मे घर-घर एअर-कंडीशनर (एसी) लगेनाइ सहज विकल्प बुझाइत अछि।

मुदा एकर दोसर पक्ष पर गंभीरतापूर्वक विचार करब आवश्यक अछि। एसी कोठलीक गर्मी कें बाहर निकालि ओकरा ठंढ़ा करैत अछि, मुदा एहि प्रक्रिया मे निकलनिहार उष्ण हवा आ हानिकारक गैस पर्यावरणीय संकट कें आरो गहींर करैत अछि। एहन स्थिति मे फ्रांस सन विकसित अर्थव्यवस्थाक नीतिगत संयम सं भारत कें सीख लेबाक आवश्यकता अछि, जतय प्रचंड गर्मीक बादो निजी स्तर पर व्यापक एअर-कंडीशनिंग कें हतोत्साहित करबाक नीति अपनाओल गेल अछि।

देशक कतेको भाग मे मानसूनक आगमन सं पहिने उमस भरल गर्मी लोक कें व्याकुल कए दैत अछि। दुपहरक समय तकनीकी उपकरण पर तापमान 39 अथवा 40 डिग्री सेल्सियस देखाइत अछि, मुदा शरीर एहि आंकड़ा कें स्वीकार नहि करैछ। कारण, शरीर कें अनुभव होमयबला वास्तविक तापमान अर्थात फील्स-लाइक तापमान कतेको बेर 49 सं 50 डिग्री सेल्सियसक आसपास पहुंचि जाइत अछि। ई कोनो मानसिक भ्रम नहि, बल्कि हीट इंडेक्स अर्थात ऊष्मा सूचकांकक वास्तविकता अछि। एहि सं स्पष्ट होइत अछि जे मात्र पारंपरिक तापमानक आधार पर मानवीय ताप-संकट कें पूर्णतः नहि बुझल जा सकैत अछि।

मानसून मे देरी भेला पर अरब सागर दिस सं आबयबला नमी भरल दक्षिण-पश्चिमी हवाक प्रभाव सं मैदानी क्षेत्र मे सापेक्ष आर्द्रता 60 सं 70 प्रतिशत धरि पहुंचि जाइत अछि। मनुष्यक शरीर अपना कें ठंढ रखबाक लेल पसीना कें माध्यम बनबैत अछि। पसीना त्वचा पर सं वाष्पीकृत होइत अछि आ शरीरक आंतरिक गर्मी बाहर निकालैत अछि। मुदा वातावरण मे नमी पहिनहि बेसी होय तं वाष्पीकरणक प्रक्रिया धीमा पड़ि जाइत अछि। पसीना त्वचा पर जमा रहि जाइत अछि आ शरीर कें गर्मीक अनुभव बेसी होइत अछि।

एहि परिस्थिति मे हम वेट-बल्ब तापमानक ओहि अंतिम सीमा लग पहुंचि सकैत छी, जतय गर्मी मानव शरीर लेल अत्यंत असहनीय भए जाइत अछि। पहिने एहि प्रकारक ताप-संकट कें वैश्विक दक्षिणक समस्या मानल जाइत छल, मुदा हालक वर्ष सभ मे यूरोप आ अमेरिकाक अपेक्षाकृत ठंढ क्षेत्र सेहो उच्च आर्द्रताबला गर्मी सं प्रभावित भेल अछि।

तथापि फ्रांस मे घरेलू एसीक उपयोग लगभग पच्चीस प्रतिशत धरि सीमित अछि, जखनकि अमेरिका मे ई अनुपात नब्बे प्रतिशत सं बेसी अछि। निजी एअर-कंडीशनिंग कें मौलिक मानव अधिकार नहि मानबाक फ्रांसक दृष्टिकोण कोनो हठ नहि, बल्कि पर्यावरणीय वास्तविकताक स्वीकार अछि। फ्रांसक राष्ट्रीय एनर्जी कोडक अंतर्गत व्यावसायिक आ सार्वजनिक भवन मे ताबत धरि एसी चलेबाक अनुमति नहि अछि, जाबत धरि अंदरक तापमान 26 डिग्री सेल्सियस सं ऊपर नहि भए जाए। एसी चलबैत मुख्य द्वार खुलल रखला पर सेहो स्थानीय निकाय द्वारा दंडक प्रावधान अछि। भारत मे एकर विपरीत स्थिति देखबा मे अबैत अछि। मैदानी क्षेत्र मे हीट इंडेक्स लगभग 50 डिग्री सेल्सियस होएतहुं मौसिमक आधिकारिक आकलन प्रायः पारंपरिक तापमानक आधार पर होइत अछि। एहि कारण बाहर काज करयबला लोक वास्तविक ताप-संकट झेलैत छथि, जखनकि संपन्न वर्ग अपन घर मे आवश्यकता सं बेसी एसीक उपयोग करैत अछि। शहरक घनगर बस्तीक बीच लाखो एसी गर्म हवा बाहर फेंकैत अछि, जाहि सं अर्बन हीट आइलैंड प्रभाव आरो बढ़ैत अछि। एकर भार फुटपाथ पर चलनिहार लोक, रेहड़ी-पटरीबला आ बिना एसीक रहनिहार गरीब परिवार सभ पर बेसी पड़ैत अछि। भारत फ्रांस सं ई सीखि सकैत अछि जे प्रत्येक घर मे अलग-अलग एसी लगेबाक विकेंद्रीकृत मॉडल पर निर्भर रहबाक स्थान पर सामुदायिक शीतलन व्यवस्था विकसित कएल जाए। पेरिस मे क्लाइमस्पेस सन भूमिगत शीतलन व्यवस्था द्वारा सीन नदीक पानि कें ठंढ़ा कए पाइपक माध्यम सं होटल, सरकारी कार्यालय आ अन्य भवन धरि पहुंचाओल जाइत अछि।

# भारतक जेन-जी एकटा दरार बना देने अछि

शेखर गुप्ता




जंतर-मंतर पर जे किछु भेल, ओकरा अहां अपन राजनीतिक रुझानक आधार पर क्रांति मानि सकैत छी अथवा एकटा आयल-गेल बीहाड़ि। हम जनैत छी जे हम जे किछु कहय जा रहल छी, ताहि सं ककरो विचार बदलयबला नहि अछि। तैयो हम ई बुझेबाक प्रयास करब जे आखिर भेल की आ नहि भेल। एतबा निश्चित रूप सं कहल जा सकैत अछि जे पहिल बेर मोदी सरकारक विरुद्ध सीधा जनाक्रोश देखल गेल आ सरकारक खुल्लमखुल्ला निंदा भेल। 20 जुलाइक हिंसाक बाद सरकार जं तत्परता सं डेग उठौलक तं एकर प्रमुख कारण ई छल जे विरोध करैबला लगभग 95 प्रतिशत युवा मुख्यतः मध्यवर्गीय आ उच्च-मध्यवर्गीय हिंदू परिवारक संतान छल। ई सभ तं भाजपाक मूल जनाधार मे अबैत अछि। अहां हुनका जेन-जी कहि सकैत छी। हुनकर भाषा, लहजा अथवा गारि पर बहस कए, विशेष रूप सं दूरदर्शनक समाचार चैनल पर, हुनकर विद्रोह कें खारिज कएल जा सकैत अछि। ई जेन-जी कोना अलग सोचैत अछि, एहि पर सैकड़ो परिचर्चा कए ली, मुदा हुनका द्वारा प्रदर्शित प्रतिरोध कें नकारल नहि जा सकैत अछि। सब सं पहिने तं ई देखल गेल जे एहि युवा सभ शारीरिक खतराक परवाह नहि कएलक। एकर प्रमाण ई अछि जे 20 जुलाई जंतर-मंतर पर पुलिसक माइरपीट भेलाक बादो ओ सभ फेर ओतहि एकत्र भेल। दोसर बात, ओ सभ अपन करियरक चिंता छोड़ि लगभग बेपरवाह निर्भीकताक परिचय देलक। ई वी.पी. सिंहक छोट कार्यकाल मे भेल आरक्षण-विरोधी आंदोलनक बाद नयी दिल्ली मे छात्रसभक सब सं उग्र आंदोलन छल। ओहि समयक आंदोलन मे सुरिंदर सिंह चौहान आ राजीव गोस्वामी सन युवा सभ भाग लेने छलाह। राजीव गोस्वामीक मृत्युओ भेल छल। दुनू आंदोलनक चिंता लगभग एक्के छल - करियर, रोजगार आ शिक्षा। पहिल आंदोलन घोषित रूप सं उच्च जातिक आंदोलन छल, जखनकि ई आंदोलन मुख्यतः अंग्रेजी भाषी, मीम बनाबयबला उच्च-मध्यवर्गीय युवासभक छल। दुनू पीढ़ीक बीच लगभग चारि दशकक अंतर छल, मुदा दुनू पीढ़ी पुलिस अथवा दमनक परवाह नहि कएलक। जे किछु घटित भेल, ओकर सार ई अछि जे ई युवा सभ कुलीन वर्ग द्वारा अपनहि ऊपर लादल गेल ओहि चुप्पी कें तोड़ि देलक, जे हुनका मोदी सरकारक आलोचना मे एकोटा शब्द खुलि कए कहय सं रोकैत छल। किछु कहबाक होइत छल तं चारूकात देखलाक बाद दबि कए कहल जाइत छल। मुदा एहि बेर विरोध सीधा आ चुनौतीपूर्ण छल। आ ई विरोध एतहि रुकयबला नहि अछि। ई युवा सभ देखा देलक जे देश मे एकटा पैघ आबादी एहन अछि, जकरा विकसित भारत अथवा अमृत काल सन नारापर विश्वास नहि अछि। आजुक जेन-जी मे जे पैघ उमेरक छथि, ओ 2047 धरि 50 वर्षक भए जायताह आ जे सभ सं कम उमेरक छथि, ओ 35 वर्षक भए जायताह। ताबत हुनकर जीवनक एकटा पैघ हिस्सा बीति गेल रहत। एतेक लंबा प्रतीक्षा करबाक धैर्य ककरा अछि? एहि पीढ़ीक युवा सभ मे तं निश्चय नहि। एहि आंदोलन सं मोदीक आलोचक सभ मे ई भावुक धारणा बनल जे भारत मे कोलंबो, ढाका अथवा काठमांडूक घटनाक पुनरावृत्ति भए सकैत अछि। मुदा ई धारणा भारतीय लोकतंत्र आ ओकर सुदृढ़ व्यवस्थाक अवहेलना करबाक समान अछि। ई भ्रम सेहो प्रकट करैत अछि जे निर्वाचित सरकार कें सहजहि हटाओल जा सकैत अछि। तथ्य ई अछि जे भाजपा कें भले 240 सीट भेटल हो, मुदा लगभग 24 करोड़ भारतीय मतदाता सभ ओकरा मतदान केने छथि। कांग्रेस कें ओकर बाद सर्वाधिक मत भेटल, मुदा भाजपा कें कांग्रेसक अपेक्षा लगभग दूगुना मत भेटल। हं, भाजपा-विरोधी जनाधार मे असंतोषक संकेत अवश्य देखा रहल अछि। भाजपाक सब सं निष्ठावान जनाधार मे सरकारक लोकप्रियताक धारणा आ वास्तविकताक बीच अंतर बढ़ि रहल अछि। सरकार सं ऊबि रहल लोकक संख्या सेहो बढ़ि रहल अछि। ई बात 2018 मे छत्तीसगढ़क एकटा गाम मे भेल बातक स्मरण करबैत अछि। ग्रामीण सं पूछल गेल जे रमन सिंहक भाजपा सरकार एतेक काज करैत अछि, तैयो अहां परिवर्तन किएक चाहैत छी? ओ कहलनि जे ई सरकार कतेक दिन सं शासन कए रहल अछि! अहां कें कोनो तरकारी कतेक पसंद किएक नहि हो, मुदा रोज-रोज वएह तरकारी खाइत-खाइत की अहां ऊबि नहि जाएब? ई आंदोलन सभ ओही सीख कें फेर रेखांकित कएलक - लगातार सत्ता मे रहलाक कारण पुरान समर्थक सभ मे सेहो थकान आ खीझ उत्पन्न भए सकैत अछि। भाजपा एहि भावना कें बुझैत अपन दू प्रमुख चेहरा - जे.पी. नड्डा आ जितेंद्र सिंह कें युवा सभ सं बात लेल पठौलनि। हुनका सभ कें निर्देश देल गेल जे छात्र सभ सं नरमी सं व्यवहार करथि, हुनकर मांग स्वीकार करथि आ संयुक्त पत्रकार वार्ता मे सेहो सहभागी बनथि। मुदा सरकार कें आब नव ऊर्जा देबाक आवश्यकता अछि। मात्र इंस्टाग्राम पर संदेश देला सं काज नहि चलत। तथापि ई आंदोलन कोनो क्रांति नहि छल। उत्तर भारत मे कांवड़िया सभक विशाल जत्था निकलि रहल अछि आ ओहि मे जेन-जी युवा सभक संख्या सेहो पर्याप्त अछि। एकर अर्थ ई अछि जे एहि युवा सभ मे भाजपाक निष्ठावान समर्थक सेहो पैघ संख्या मे छथि। आब 2029 धरि प्रतियोगी राजनीति मे मुख्य संघर्ष ओहि दरार कें पाटबाक अथवा आर चौड़ा करबाक होयत, जे जेन जी बना देने अछि। भाजपा कें एहि चुनौती कें बुझबाक आवश्यकता अछि।

# सुनसरी घटनाक संदेश : प्रतिशोध नहि, आत्मसमीक्षा

चंद्रमोहन यादव

सुनसरी मे हाल मे घटित दुःखद घटनाक बाद सोशल मीडिया आ सार्वजनिक जीवन मे कतेको प्रकारक टीका-टिप्पणी, आरोप-प्रत्यारोप देखबा-सुनबा मे आबि रहल अछि। एहन संवेदनशील समय मे हमर उद्देश्य कोनो धर्म, समुदाय अथवा व्यक्ति कें दोषी ठहराएब नहि होयबाक चाही। ई समय नेपालक सामाजिक सद्भाव, संवैधानिक मूल्य, लोकतांत्रिक उत्तरदायित्व आ सरकारक भूमिका पर गंभीर राष्ट्रीय विमर्शक मांग करैत अछि। आधुनिक प्रविधि सं जुड़ल समाज मे कोनो राष्ट्र मात्र संविधानक पन्ना सभक आधार पर आगू नहि बढ़ि सकैत अछि। एहि लेल नागरिकक बीच परस्पर विश्वास, सहिष्णुता आ साझा भविष्यक प्रति आस्था आवश्यक अछि। राष्ट्रक वास्तविक शक्ति अस्त्र-शस्त्र सं सुसज्जित सेना, अर्थव्यवस्था अथवा राजनीतिक बहुमत मे मात्र नहि, बल्कि नागरिकक परस्पर सम्मान, सामाजिक सद्भाव आ न्यायपूर्ण राज्य-व्यवस्था मे निहित रहैत अछि। एहि आधार पर नेपाल कतेको राजनीतिक आरोह-अवरोहक बादो अपन राष्ट्रिय एकता कायम रखने अछि। नेपाल भौगोलिक दृष्टि सं छोट भए सकैत अछि, मुदा सांस्कृतिक रूप सं अत्यंत समृद्ध राष्ट्र अछि। हिमाल, पहाड़ आ तराईक विविधताक संग भाषा, संस्कृति, परंपरा आ धार्मिक आस्थाक अद्भुत संगम एतय देखबा मे अबैत अछि। एहि विविधताक सम्मान करैत नेपाली समाज शताब्दी सं सह अस्तित्वक संस्कार विकसित केने अछि। हिंदू, मुस्लिम, बौद्ध, किरांत, इसाई आ अन्य समुदाय एकहि गाम, बाजार, विद्यालय आ सार्वजनिक जीवन मे मिलि-जुलि कए रहैत आएल छथि। दशैं, तिहार, ईद, छठि, बुद्धजयंती वा क्रिसमसक अवसर पर एक-दोसरा कें शुभकामना देबाक परंपरा नेपाली राष्ट्रियताक सुंदर परिचय अछि। 2062/063 केर जनआंदोलनक बाद नेपाल धर्मनिरपेक्ष राष्ट्र बनल। संविधान मे निहित धर्मनिरपेक्षताक मूल भावना कोनो धर्म कें दुर्बल करब नहि, बल्कि राज्य कें सभ धर्मक प्रति समान व्यवहार करबाक दायित्व मे स्थापित करब अछि। धर्मनिरपेक्षता राज्यक धार्मिक तटस्थता अछि, समाजक धार्मिक शून्यता नहि। प्रत्येक व्यक्ति अपन आस्था आ परंपराक संग जीवन व्यतीत करैत अछि



आ राज्यक कर्तव्य अछि जे सभ कें समान अधिकार, सम्मान आ सुरक्षा प्रदान करय। एहि पृष्ठभूमि मे सुनसरी मे हाल मे घटित घटना अत्यंत दुःखद आ चिंताजनक अछि। सार्वजनिक रूप सं उपलब्ध जानकारीक अनुसार, हिंदू समुदाय द्वारा आयोजित धार्मिक कार्यक्रम मे उत्पन्न तनाव अंततः हिंसक घटनाक रूप लए लेलक। किछु नागरिकक मृत्यु भेल, कतेको लोक घायल भेलाह आ पूरा राष्ट्र स्तब्ध भए गेल। घटनाक वास्तविक कारण की छल, गोली के चलौलक आ सुरक्षा संयंत्रक भूमिका की रहल - एकर उत्तर निष्पक्ष अनुसंधान सं मात्र भेटि सकैत अछि। तें अनुसंधान पूरा होए सं पहिने कोनो समुदाय अथवा पक्ष कें दोषी ठहराएब न्यायोचित नहि होयत। मुदा एहि सं सरकारक उत्तरदायित्व कम नहि होइत अछि। राज्यक प्रथम कर्तव्य नागरिकक जीवन, स्वतंत्रता आ सुरक्षाक रक्षा करब अछि। धार्मिक रूप सं संवेदनशील कार्यक्रम मे खतराक पूवार्नुमान, स्थानीय समुदाय सं संवाद, पर्याप्त सुरक्षा व्यवस्था आ समय पर हस्तक्षेप आवश्यक अछि। जं एहि सभ मे कोनो त्रुटि भेल अछि तं ई मात्र प्रशासनिक चूक नहि, बल्कि राजनीतिक उत्तरदायित्वक विषय सेहो अछि। लोकतांत्रिक व्यवस्था मे सरकारक वास्तविक परीक्षा संकट काल मे होइत अछि। बहुमत प्राप्त करब उपलब्धि भए सकैत अछि, मुदा संकट कें प्रभावी ढंग सं नियंत्रित करब नेतृत्वक वास्तविक कसौटी अछि। एहन समय मे सरकार सं संयमित भाषा, स्पष्ट दृष्टिकोण, निष्पक्षता आ समाज मे विश्वास उत्पन्न करयबला नेतृत्वक अपेक्षा रहैत अछि। शीर्ष नेतृत्वक अभिव्यक्ति समाज कें आश्वस्त करबाक चाही, विभाजित नहि। सुनसरीक घटना सोशल मीडियाक चुनौती सेहो उजागर करैत अछि। अपुष्ट सूचना, उत्तेजक वक्तव्य आ घृणामूलक प्रचार किछुए घंटा मे समाजक बीच अविश्वास पसारि सकैत अछि। अभिव्यक्तिक स्वतंत्रताक संरक्षणक संग जिम्मेदार अभिव्यक्तिक संस्कार सेहो आवश्यक अछि। विश्वक विभिन्न देश मे धार्मिक आ सामुदायिक विभाजन कें राजनीतिक अथवा भूराजनीतिक स्वार्थ लेल उपयोग करबाक उदाहरण भेटैत अछि। तें घटनाक प्रत्येक पक्षक निष्पक्ष अनुसंधान होयबाक चाही। जं कोनो आंतरिक अथवा बाह्य तत्व द्वारा सामाजिक सद्भाव बिगाड़बाक योजनाबद्ध प्रयासक प्रमाण भेटय तं कानूनक अनुसार कठोर कारबाइ हो। मुदा प्रमाण बिना कोनो समुदाय पर आरोप लगेनाइ अथवा संपूर्ण समुदायप्रति संदेह उत्पन्न करब स्वयं राष्ट्रिय एकताक लेल घातक अछि। महात्मा गांधीक विचार छल जे प्रतिशोध शांति नहि आनैत अछि, बल्कि विनाश कें बढ़बैत अछि। हिंदू-मुस्लिम सांप्रदायिक तनावक कठिन समय मे सेहो ओ मानवता, अहिंसा आ धार्मिक सद्भावक पक्ष मे दृढ़तापूर्वक ठाढ़ रहलाह। नेपालक लेल सेहो एहि शिक्षाक प्रासंगिकता आइ अत्यंत बेसी अछि। आब सरकारक समक्ष स्पष्ट दायित्व अछि - घटनाक निष्पक्ष आ विश्वसनीय अनुसंधान, दोषी पर कानूनी कारबाइ, पीड़ित परिवार कें न्याय आ राहति, धार्मिक समुदाय सभक बीच विश्वासक पुनर्स्थापना तथा भविष्य मे एहन घटना नहि हो, ताहि लेल प्रभावी सुरक्षा रणनीति तैयार करब। मुदा समाजक दायित्व सेहो कम नहि अछि। कोनो एक घटना कें संपूर्ण हिंदू अथवा मुस्लिम समुदाय सं जोड़ब राष्ट्रक लेल घातक होयत। अपराधीक कोनो धर्म नहि होइत अछि; ओकर पहिचान अपराधीक होइत अछि। धर्मक आधार पर नहि, कानूनक आधार पर न्याय करब संविधानक मर्म अछि। नेपाल राणा शासन सं प्रजातंत्र, पंचायती व्यवस्था, जनआंदोलन, गणतंत्र आ संघीयताधरि कतेको राजनीतिक परिवर्तन देखलक अछि। मुदा एहि सभ परिवर्तनक बीच नेपाली समाजक आधारभूत एकता कायम रहल। जं ई एकता कमजोर पड़ि गेल तं कोनो संविधान, सरकार अथवा बहुमत राष्ट्र कें दीर्घकालीन स्थिरता नहि दए सकत। तें सुनसरीक पीड़ा कें प्रतिशोधक नहि, आत्मसमीक्षक अवसर बनाबी। राष्ट्र कें उत्तेजना नहि, संयम चाही; आरोप नहि, सत्य चाही; विभाजन नहि, विश्वास चाही। सत्ता अबैत-जाइत रहैत अछि, सरकार बदलैत रहैत अछि - ई लोकतंत्रक स्वाभाविक प्रक्रिया अछि। मुदा राष्ट्र स्थायी अछि। तें हमर पहिल निष्ठा कोनो दलप्रति नहि, बल्कि देशप्रति होयबाक चाही। राष्ट्र सदिखन धर्म सं ऊपर अछि आ राष्ट्रिय एकता कोनो राजनीतिक विजय सं बेसी अनमोल। नागरिकक सुरक्षा आ सेवा एहि राष्ट्रक वास्तविक धर्म अछि।

**(लेखक नेपाल प्रतिनिधि सभाक सदस्य छथि)**

# प्रशांत किशोर सं चंद्रशेखर आजाद आ ओवैसी सं जयराम महतो धरि, दम देखा रहल छथि असगर विधायक आ सांसद

बांकीपुर विधानसभा उपचुनाव मे जन सुराज पार्टीक संस्थापक प्रशांत किशोरक जीतक बाद फेर एहन नेता सभक चर्चा तेज भए गेल अछि, जे अपन-अपन दलक एकसर विधायक वा सांसद होएबाक बावजूद राजनीति मे प्रभावशाली भूमिका निभा रहल छथि। बिहार विधानसभा चुनाव मे जन सुराज पार्टी कें एकोटा सीट नहि भेटल छल। पार्टी 243 मे सं 238 सीट पर उम्मीदवार उतारने छल, जतए 236 उम्मीदवारक जमानत जब्त भए गेल छल। मुदा बांकीपुर उपचुनाव मे प्रशांत किशोरक जीत पार्टी लेल पैघ उपलब्धि मानल जा रहल अछि।







विश्लेषक सभक अनुसार बांकीपुर मे प्रशांत किशोरक जीतक मुख्य कारण शिक्षा, रोजगार आ आमलोक सं जुड़ल मुद्दा सभ पर कएल गेल प्रचार छल। ओ चुनाव प्रचारक दौरान जाति आ धर्मक राजनीति सं दूरी बनौने रहलाह। प्रशांत किशोर एहि चुनाव कें मुख्यमंत्री सम्राट चौधरीक कार्यशैली पर जनमत संग्रह बतौने छलाह। चुनाव जीतलाक बादो ओ कहलनि जे बिहारक जनता भाजपा नेतृत्व कें मुख्यमंत्री बदलबाक संदेश देने अछि। विधानसभा मे प्रशांत किशोर जन सुराज पार्टीक एकसर विधायक रहताह। जदयूक एक वरिष्ठ नेता कहब अछि जे एहि जीत सं विधानसभा चुनावक परिणाम सं निराश जन सुराज कार्यकर्ता सभ मे नव ऊर्जा संचारित होयत। ओ कहलनि जे भाजपा राष्ट्रीय अध्यक्ष नितिन नवीनक सीट पर एनडीएक उम्मीदवार कें हराएब असाधारण उपलब्धि अछि। एहि सं पार्टी कार्यकर्ता आ समर्थक सभक मनोबल बढ़त आ नव लोक पार्टी सं जुड़ि सकैत छथि।

### चंद्रशेखर आजाद

आजाद समाज पार्टीक प्रमुख चंद्रशेखर आजाद 2024क लोकसभा चुनाव मे उत्तर प्रदेशक नगीना सीट सं सांसद चुनल गेल छलाह। हुनका भाजपा उम्मीदवार कें 1.51 लाख मत सं पराजित कएलनि। दलित नेता चंद्रशेखर आजाद 2022 मे गोरखपुर शहरी सीट सं मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथक विरुद्ध पहिल चुनाव लड़ने छलाह, मुदा पराजित भए गेल छलाह। सांसद बनलाक बाद चंद्रशेखर आजाद लोकसभा मे दलित आ मुस्लिम समुदाय सं जुड़ल मुद्दा सभ पर मुखर आवाज बनल छथि। मध्य प्रदेशक दतिया विधानसभा उपचुनाव मे हुनक पार्टीक उम्मीदवार दामोदर यादव तेसर स्थान पर रहलाह।

### जयराम महतो

झारखंड लोकतांत्रिक क्रांतिकारी मोर्चाक अध्यक्ष जयराम महतो झारखंड विधानसभाक एकसर विधायक छथि। 2024क लोकसभा चुनाव मे गिरिडीह सीट सं निर्दलीय उम्मीदवारक रूप मे 3.47 लाख मत प्राप्त कएलनि। विधानसभा चुनाव सं पहिने जेएलकेएम कें चुनाव आयोग सं मान्यता भेटल आ ओ डुमरी सीट सं विजयी भेलाह। मात्र 31 वर्षक जयराम महतो युवा सभक बीच लोकप्रिय छथि। कुड़मी समाज सं आबए बला जयराम महतो सोशल मीडिया पर राजनीतिक जागरूकता, गरीब सभक समस्या आ झारखंड मे बाहरी लोक सभ कें सरकारी नौकरी भेटबाक विषय पर लगातार आवाज उठबैत छथि।

### असदुद्दीन ओवैसी

एआईएमआईएम प्रमुख असदुद्दीन ओवैसी हैदराबाद सं पांच बेरक सांसद छथि आ लोकसभा मे अपन पार्टीक एकसर सांसद छथि। ओ संसदक भीतर आ बाहर मुस्लिम समुदाय आ राष्ट्रीय महत्वक विभिन्न मुद्दा सभ उठबैत छथि। ओवैसी हैदराबादक बाहर सेहो एआईएमआईएमक विस्तार करबाक प्रयास केने छथि। वर्तमान मे तेलंगाना, बिहार आ महाराष्ट्र सहित कतेको राज्य मे पार्टीक विधायक आ पार्षद सभ छथि। राजनीतिक विश्लेषक सभक मानब अछि जे प्रशांत किशोर, चंद्रशेखर आजाद, जयराम महतो आ असदुद्दीन ओवैसी जकां नेता सभ अपन-अपन दलक सीमित प्रतिनिधित्वक बावजूद राष्ट्रीय आ क्षेत्रीय राजनीति मे प्रभावशाली उपस्थिति दर्ज करा रहल छथि।

# पंचायत सं एमएलसी चुनाव धरि प्रशांत किशोरक अछि भविष्यक योजना

बांकीपुर विधानसभा सीट सं जीत दर्ज करबाक बाद जन सुराज पार्टीक प्रमुख प्रशांत किशोर अपन आगूक राजनीतिक रणनीति पर काज शुरू कए देने छथि। ओ कहलनि जे पार्टीक पूरा ध्यान फिलहाल बिहारक राजनीति मे बदलाव आनबा पर केंद्रित रहत। जानकारीक अनुसार आगामी पंचायत चुनाव मे प्रत्येक जिला परिषद आ वार्ड स्तर पर अपन प्रत्याशी उतारबाक तैयारी चलि रहल अछि। प्रशांत किशोरक मानब अछि जे बांकीपुरक परिणाम सं स्पष्ट भए गेल अछि जे बिहारक जनता आब परंपरागत जातिवादी समीकरण सं ऊपर उठि सुशासन आ विकास आधारित वैकल्पिक राजनीति कें स्वीकार करए लागल अछि।



**पंचायत चुनाव मे पूरा ताकति सं उतरत जन सुराज**

मीडिया सं बातचीत मे प्रशांत किशोर कहलनि जे जन सुराज पार्टी राज्यक आगामी पंचायत चुनाव मे पूरा सक्रियताक संग भाग लेत। पार्टी प्रत्येक ग्राम पंचायत, वार्ड आ जिला परिषद क्षेत्र मे अपन योग्य प्रत्याशी सभ कें मैदान मे उतारत। जन सुराजक मुख्य लक्ष्य प्रत्येक जिला मे जिला परिषद अध्यक्ष (चेयरमैन) पद हासिल करब अछि। प्रशांत किशोर राजनीति मे आबए चाहनिहार युवा सभ कें विश्वास दैत कहलनि जे बिहार मे बदलाव संभव अछि।

### तीन मासक भीतर बांकीपुर मे देखाएत बदलाव

प्रशांत किशोर बांकीपुरक मतदाता सभक प्रति आभार व्यक्त करैत कहलनि जे ओ एहि क्षेत्र कें एकटा आदर्श विधानसभा क्षेत्रक रूप मे विकसित करताह। हुनक दावा छल जे आगामी 3 महीनाक भीतर क्षेत्र मे जमीनी सुधार आ विकासक काज देखाइ देब शुरू भए जाएत। बिहारक वर्तमान पंचायत सभक कार्यकाल शीघ्र समाप्त होमय बला अछि। चुनाव आयोग पूर्व मे पंचायत चुनाव नवंबर-दिसंबर 2026 मे करेबाक संकेत देने छल। मुदा राज्य सरकारक नव परिसीमन (सीमांकन) प्रक्रियाक निर्णयक कारण पंचायत चुनाव निर्धारित समय सं आगू बढ़ि सकैत अछि। मानल जा रहल अछि जे नव सीमांकनक आधार पर ग्राम पंचायत, पंचायत समिति आ जिला परिषदक चुनाव कराओल जाएत।

### एमएलसीक 8 सीट पर सेहो रहत नजरि

नवंबर 2026 मे पटना, तिरहुत, दरभंगा, सारण आ कोसी क्षेत्रक स्नातक आ शिक्षक निर्वाचन क्षेत्रक 8 एमएलसी सीट रिक्त होमय बला अछि। जखनकि प्रशांत किशोर एहि विषय पर कोनो आधिकारिक घोषणा नहि कएलनि अछि, मुदा राजनीतिक गलियारा मे एहन चर्चा अछि जे जन सुराज एहि सीट सभ पर सेहो अपन समर्थित प्रत्याशी उतारि सकैत अछि।

# पंकजा मुंडेक बयान बाद कांग्रेस सक्रिय मुख्यमंत्री पदक प्रस्ताव सं तेज भेल राजनीति

महाराष्ट्र सरकारक कैबिनेट मंत्री आ भाजपा वरिष्ठ नेता पंकजा मुंडे द्वारा राजनीति सं संन्यास लेबाक संकेत देलाक बाद कांग्रेस एकटा पैघ राजनीतिक दांव चललक। कांग्रेस कहलनि जे पंकजा मुंडेक लेल पार्टीक द्वार खुलल अछि। जं ओ कांग्रेस मे आबैत छथि, तं हुनका महाराष्ट्रक पहिल ओबीसी महिला मुख्यमंत्री बनेबाक लेल पार्टी पूरा समर्थन देत। एहि प्रस्तावक बाद राज्यक राजनीतिक गलियारा मे चर्चा तेज भए गेल अछि।





### पंकजा मुंडे की कहलनि?

हालहि मे परली मे आयोजित एकटा सार्वजनिक कार्यक्रम मे पंकजा मुंडे अपन निर्वाचन क्षेत्रक सड़कक खराब स्थितिक संग शासन व्यवस्थाक प्रति नाराजगी व्यक्त कएलनि। ओ कहलनि जे आब ओ थाकि गेल छथि आ राजनीति सं संन्यास लेबए चाहैत छथि। ओ कहलनि जे जेकां समृद्धि हाईवे पर बाहर निकलबाक एकटा बाट होइत अछि, तहिना राजनीति सं बाहर निकलबाक बाट सेहो हुनक समक्ष खुलल अछि। एहि भावनात्मक बयानक बाद महाराष्ट्रक राजनीति मे चर्चाक बाजार गर्म भए गेल अछि।

**पंकजा मुंडे द्वारा राजनीति सं संन्यास लेबाक संकेत**

### कांग्रेस देलक खुलल प्रस्ताव

पंकजा मुंडेक बयान पर कांग्रेस विधायक दलक नेता आ वरिष्ठ कांग्रेस नेता विजय वडेट्टीवार हुनका खुलल प्रस्ताव देलनि। पत्रकार सभ सं बातचीत मे ओ कहलनि जे पंकजा मुंडे जेकां प्रभावशाली ओबीसी नेता कें राजनीति सं दूरी नहि बनेबाक चाही। हुनका आग्रह कएलनि जे पंकजा मुंडे अन्य पिछड़ा वर्गक अगुआई करैत महाराष्ट्रक पहिल ओबीसी महिला मुख्यमंत्री बनथि। विजय वडेट्टीवार कहलनि जे जं पंकजा मुंडे भाजपा छोड़बाक निर्णय लैत छथि, तं कांग्रेस पार्टीक द्वार हुनक लेल पूर्ण रूप सं खुलल अछि। एहि विषय पर ओ पार्टीक आलाकमान सं सेहो चर्चा करबाक लेल तैयार छथि, जखनकि ई हुनकर व्यक्तिगत आग्रह अछि।

### भाजपा पर साधलक निशाना

विजय वडेट्टीवार भाजपा पर तीख हमला करैत आरोप लगौलनि जे पार्टीक भीतर ओबीसी नेता सभ कें लगातार नजरअंदाज कएल जा रहल अछि। एहि कारण संगठनक भीतर असंतोष आ नाराजगी बढ़ि रहल अछि। ओ कहलनि जे पंकजा मुंडे जकां नेता सभ कें आब एहन अनुभव होए लागल अछि जे हुनकर संघर्ष आ त्यागक पार्टी मे उचित सम्मान नहि भेटि रहल अछि। हुनक अनुसार संभवतः एहि कारण व्यवस्था सं परेशान भए पंकजा मुंडे गुस्सा वा निराशा मे एहन बयान देने छथि।

# रिजिजू राहुल आ प्रियंका गांधी सं भेंट केलनि, परिसीमन आ महिला आरक्षण संशोधन विधेयक पर मांगलनि समर्थन

संसदक मानसून सत्रक गतिरोध आब तेसर सप्ताह मे पहुंचि गेल अछि। एहि बीच केंद्र सरकार सदनक कार्यवाही सुचारू करबाक प्रयास मे जुटल अछि। एहि क्रम मे संसदीय कार्य मंत्री किरेन रिजिजू बुध दिन लोकसभा मे विपक्षक नेता राहुल गांधी सं भेंट कएलनि आ सदनक कार्यवाही सामान्य रूप सं चलाबए मे सहयोगक आग्रह कएलनि। सूत्र सभक अनुसार राहुल गांधी स्पष्ट कहलनि जे गृह मंत्री अमित शाह सदन मे बयान नहि देताह, ताबत लोकसभाक कार्यवाही सुचारू रूप सं नहि चलि सकत। सूत्रक अनुसार विपक्षी सांसद सभक नारेबाजीक बीच लोकसभाक कार्यवाही शुरू भेलाक किछुए मिनट बाद स्थगित भए गेल। एकर तुरंत बाद किरेन रिजिजू राहुल गांधीक कक्ष मे पहुंचि हुनका सं भेंट कएलनि। एहि दौरान रिजिजू परिसीमन विधेयक आ महिला आरक्षण संशोधन विधेयक पर कांग्रेसक सहयोग मांगलनि। सरकार एहि विधेयक सभ कें वर्तमान सत्र मे फेर सं पेश करबाक तैयारी मे अछि। मुदा राहुल गांधी सरकारक आग्रह अस्वीकार करैत कहलनि जे राम मंदिर मे कथित दान चोरीक मामिला आ राजधानी मे 20 जुलाईक छात्र विरोध प्रदर्शनक दौरान पुलिस कारबाइ पर गृह मंत्रीक बयान बिना सदन नहि चलत।

### लगभग 50 मिनट धरि चलल बैठक

रिजिजू आ राहुल गांधीक बीच लगभग 50 मिनट धरि बातचीत भेल। एहि बैठक मे कांग्रेस सांसद प्रियंका गांधी सेहो उपस्थित रहलीह। राहुल गांधी सं भेंटक बाद किरेन रिजिजू संसदक गतिरोध पर चर्चा करबाक लेल लोकसभा अध्यक्ष ओम बिरला आ गृह मंत्री अमित शाह सं सेहो भेंट कएलनि। विपक्षक विरोधक कारण सरकारक परिसीमन विधेयक पारित करबाक योजनाक समक्ष कठिनाइ उत्पन्न भए रहल अछि। सूत्र सभक अनुसार तृणमूल कांग्रेस आ उद्धव ठाकरेक शिवसेना सं किछु सांसदक दलबदल बाद सरकार कें सदन मे संख्या बल बढ़बाक उम्मीद छल, जाहि आधार पर ओ विवादास्पद विधेयक पारित करबाक आशा केने छल।





### अमित शाहक बयानक मांग पर अड़ल विपक्ष

विपक्ष 20 जुलाईक छात्र प्रदर्शनक दौरान भेल पुलिस कारबाइ कें लए गृह मंत्री अमित शाह कें जिम्मेदार ठहराबैत सदन मे हुनक बयानक मांग कए रहल अछि। सरकार एहि आरोप कें खारिज करैत कहलनि जे विरोध प्रदर्शनक दौरान बल प्रयोगक निर्णय मजिस्ट्रेटक अधिकार क्षेत्र मे अबैत अछि, गृह मंत्रीक नहि। कांग्रेस आ समाजवादी पार्टीक नेतृत्व बला विपक्ष राम मंदिर मे कथित दान चोरीक मामिला पर सेहो सरकार कें घेरि रहल अछि। विपक्ष एहि विषय पर सदन मे चर्चा चाहैत अछि। कतेको दिन सं विपक्षी सांसद संसद परिसर मे प्रतीकात्मक चंदा पेटी लए विरोध प्रदर्शन कए रहल छथि।

### प्रश्नकाल प्रभावित

20 जुलाई सं शुरू भेल मानसून सत्र मे एखन धरि लोकसभाक प्रश्नकाल पूरा नहि भए सकल अछि। हंगामाक बीच बिना चर्चा 5 विधेयक पारित कएल जा चुकल अछि। बुध दिन सेहो विपक्षी सांसद सभक नारेबाजीक कारण लोकसभाक कार्यवाही फेर स्थगित करए पड़ल। कार्यवाही शुरू होइतहि लोकसभा अध्यक्ष ओम बिरला सदस्य सभ सं अपन-अपन स्थान पर घुरि प्रश्नकाल चलाबए देबाक आग्रह कएलनि। ओ कहलनि जे सदनक भीतर वा बाहर नारेबाजी लोकतंत्रक हित मे नहि अछि। तख्ती देखा कए विरोध करब आ नारेबाजी सं सदनक गरिमा प्रभावित होइत अछि। ओम बिरला कहलनि जे कतेको सांसद हुनका सं शिकायत कएलनि अछि जे महत्वपूर्ण प्रश्न सूचीबद्ध रहबाक बावजूद लगातार व्यवधानक कारण प्रश्नकाल नहि चलि सकल अछि।

# प्रधानमंत्री सूर्य घर मुफ्त बिजली योजनाक लाभ सभ परिवार धरि पहुंचेनाइ प्राथमिकता : जिलाधिकारी

## विशेष सोलर शिविर मे विद्युत विभाग, प्रमुख बैंक आ अधिकृत वेंडर सभ देलनि सभ सुविधा

समस्तीपुर, समदिया

जिलाधिकारी रोशन कुशवाहा बुधदिन प्रखंड कार्यालय दलसिंहसरायक निकट मैदान मे प्रधानमंत्री सूर्य घर मुफ्त बिजली योजना अंतर्गत एकदिवसीय विशेष सोलर परामर्श आ सहायता शिविरक शुभारंभ केलनि। एहि शिविरक उद्देश्य जिलाक अधिक सं अधिक विद्युत उपभोक्ता सभ कें स्वच्छ आ सस्ती ऊर्जा सं जोड़ब, आवेदन प्रक्रिया कें सरल बनेब तथा बैंक ऋण आ सरकारी अनुदान सं संबंधित सभ सुविधा एकहिस्थान पर उपलब्ध कराएब छल। जिला प्रशासन एहि विशेष शिविरक माध्यम सं 500 ऑनलाइन आवेदन प्राप्त करबाक लक्ष्य निर्धारित केने अछि। एहि अवसर पर जिलाधिकारी रोशन कुशवाहा कहलनि जे प्रधानमंत्री सूर्य घर : मुफ्त बिजली योजना आम नागरिक कें ऊर्जा क्षेत्र मे आत्मनिर्भर




बनेबाक दिशा मे एकटा महत्वपूर्ण पहल अछि। ओ कहलनि जे सौर ऊर्जाक उपयोग सं नहि मात्र बिजली बिल मे उल्लेखनीय कमी अबैत अछि, बल्कि स्वच्छ आ हरित ऊर्जाक प्रयोग बढ़ैत अछि, जाहि सं पर्यावरण संरक्षण मे सेहो महत्वपूर्ण योगदान भेटैत अछि। ओ जिलाक सभ पात्र विद्युत उपभोक्ता सभ सं एहि योजनाक लाभ उठेबाक अपील केलनि। शिविर मे विद्युत विभागक अधीक्षण अभियंता, तीनू विद्युत प्रमंडलक कार्यपालक अभियंता, सहायक अभियंता, कनीय अभियंता सहित विभागक पदाधिकारी आ कर्मी उपस्थित छलथि। पदाधिकारी सभ लाभुक सभ कें रूफटॉप सोलर संयंत्रक तकनीकी उपयुक्तता, नेट-मीटरिंग व्यवस्था, विद्युत= बचत तथा आवेदन प्रक्रियाक संबंध मे

### » 500 ऑनलाइन आवेदनक लक्ष्य

विस्तार सं जानकारी देलनि आ हुनक सभ जिज्ञासाक समाधान सेहो केलनि। योजनाक वित्तीय पक्ष कें सरल बनेबाक उद्देश्य सं शिविर मे कैनरा बैंक, उत्तर बिहार ग्रामीण बैंक, सेंट्रल बैंक ऑफ इंडिया, इंडियन बैंक, भारतीय स्टेट बैंक, पंजाब नेशनल बैंक, यूको बैंक, यूनियन बैंक ऑफ इंडिया, बैंक ऑफ इंडिया सहित कुल 10 प्रमुख बैंक सभ अपन-अपन सहायता काउंटर स्थापित केने छल। बैंक पदाधिकारी सभ लाभुक सभ कें सोलर संयंत्र स्थापनाक लेल उपलब्ध ऋण, सहज किस्त, रियायती ब्याज दर तथा ऋण स्वीकृति प्रक्रियाक संबंध मे स्थल परहि परामर्श देलनि। शिविर मे सरकार सं अधिकृत आ पंजीकृत सोलर वेंडर सभ सेहो सहभागी भेलाह। ओ लाभुक सभ केंआवश्यकता आ छतक क्षमताक अनुसार उपयुक्त सोलर संयंत्रक चयन, उपकरणसभक गुणवत्ता, वारंटी, स्थापना प्रक्रिया तथा केंद्र सरकारक उपलब्ध कराओल अनुदानक संबंध मे विस्तृत जानकारी देलनि। जिलाधिकारी रोशन कुशवाहा कहलनि जे जिला प्रशासनक उद्देश्य प्रत्येक पात्र परिवार धरि एहि महत्वाकांक्षी योजनाक लाभ पहुंचेनाइ अछि। ओ आम नागरिक सभ सं अपील केलनि जे ओ सभ प्रधानमंत्री सूर्य घर : मुफ्त बिजली योजना सं जुड़ि अपन घर पर रूफटॉप सोलर संयंत्र स्थापित करथिआ बिजली बचत, आर्थिक लाभ तथा पर्यावरण संरक्षणक राष्ट्रीय अभियान मे सक्रिय सहभागिता सुनिश्चित करथि। आउ, सौर ऊर्जा अपनाबी – बिजली बचाबी – पर्यावरण बचाबी आ ऊर्जा-आत्मनिर्भर भारतक निर्माण मे अपन योगदान देबी।

# सेनुवरिया गाम मे एसएसबीक निःशुल्क चिकित्सा शिविर आयोजित

## ग्रामीण सभक स्वास्थ्य परीक्षण कएल गेल

रक्सौल, समदिया

सिकटा प्रखंड क्षेत्रक सेनुवरिया गाम मे 47म वाहिनीक एच कंपनी, सशस्त्र सीमा बल (एसएसबी) द्वारा बुधदिन निःशुल्क चिकित्सा शिविरक आयोजन कएल गेल। शिविर मे कमांडेंट (मेडिकल) डॉ. निशिकांतक नेतृत्व मे कुल 225 गोटेक स्वास्थ्य परीक्षण आ उपचार कएल गेल। एहि मे 65 पुरुष, 75 महिला आ 85 बच्चा शामिल छलाह। उपचारक उपरांत रोगी सभ कें आवश्यक औषधिक वितरण सेहो कएल गेल। एहि अवसर पर ग्रामीण सभ कें पानि सं फैलएवला रोग, जइ मे मलेरिया, टाइफाइड, डेंगू आदि शामिल अछि, तकरा संबंध मे विस्तृत जानकारी देल गेल। संगहि दूषित पानि पान सं बचबाक सलाह सेहो देल गेल।चिकित्सा शिविर मे डॉ. निशिकांत द्वारा मधुमेह, उच्च रक्तचाप (ब्लड प्रेशर) सहित विभिन्न स्वास्थ्य समस्याक जांच कए आवश्यक परामर्श देल गेल। एकर अतिरिक्त चर्म रोग, सर्दी, खांसी, ज्वर, आंखिक समस्या, घुटनाक पीड़ा तथा कमरदर्द आदि रोगक जांच




कए उचित उपचार कराबए लेल सलाह देल गेल। एहि अवसर पर एसएसबीक इंस्पेक्टर उत्तम कुमार सिंह, मुख्य आरक्षी सुधीर कुमार, आरक्षी (सामान्य) मनोज कुमार, आलोक कुमार, राहुल कुमार, सेनुवरिया गामक मुखिया तबरेज आलम, उत्क्रमित मध्य विद्यालय, सेनुवरियाक प्रधानाध्यापक नवल किशोर कुशवाहा, मृत्युंजय पांडेय, नीतू कुमारी सहित अनेको गणमान्य व्यक्ति उपस्थित छलाह। कमांडेंट (मेडिकल) डॉ. निशिकांत कहलनि जे क्षेत्र मे लगातार भए रहल वर्षाक परिप्रेक्ष्य मे ग्रामीण सभ कें नीक स्वास्थ्य सुविधा उपलब्ध कराबए लेल प्रत्येक मास एहन चिकित्सा शिविर आयोजित कएल जाएत। हुनकर कहब छल जे भारत-नेपाल सीमावर्ती क्षेत्रक ग्रामीण सभकें समय-समय पर उपचार उपलब्ध हो, एहि उद्देश्य सं एसएसबी निरंतर जनसेवाक कार्य मे सक्रिय भूमिका निभा रहल अछि। ग्रामीण सभ एसएसबीक एहि पहलक प्रशंसा करैत नियमित रूप सं एहन चिकित्सा शिविर आयोजित करबाक मांग केलनि। शिविरक सफल आयोजन सं संपूर्ण क्षेत्र मे प्रसन्नताक वातावरण देखल गेल।

# स्वतंत्रता दिवस समारोहक तैयारीक लेल डीएम कएलनि समीक्षा, समयबद्ध तैयारीक देलनि निर्देश

सीतामढ़ी, समदिया

आगामी स्वतंत्रता दिवस समारोह कें गरिमामय आ सफल रूप सं आयोजित करबाक उद्देश्य सं समाहरणालय स्थित विमर्श सभाकक्ष मे जिलाधिकारी ऋची पांडेयक अध्यक्षता मे विभिन्न विभागक पदाधिकारी सभक बैसार संपन्न भेल। एहि बैसार मे पुलिस अधीक्षक अमित रंजन सेहो उपस्थित छलाह।बैसार मे मुख्य समारोह स्थल डुमरा परेड मैदान सहित जिलाक अन्य समारोह स्थल सभ पर साफ- सफाई, साज-सज्जा, प्रभातफेरी, ध्वजारोहण, राष्ट्रगान, परेड, मार्चपास्ट, खेलकूद प्रतियोगिता, सुरक्षा व्यवस्था, पेयजल, विद्युत, चिकित्सा सुविधा तथा यातायात प्रबंधन सहित सभ आवश्यक तैयारीक बिंदुवार समीक्षा कएल गेल। बैसार मे जानकारी देल गेल जे मुख्य समारोह डुमरा परेड मैदान मे भोर 9 बजे राष्ट्रीय ध्वजारोहणक संग आरंभ होयत। एकर उपरांत जिला सशस्त्र पुलिस, जिला गृह रक्षा वाहिनी, सशस्त्र सीमा बल (एसएसबी), महिला बल, एसएपी, बिहार विशेष सशस्त्र पुलिस (बी-सैप), एनसीसी तथा युवा दल सभ द्वारा आकर्षक परेड आ



मार्चपास्ट प्रस्तुत कएल जाएत। एकर बाद भोर 10 बजे समाहरणालय परिसर मेध्वजारोहण कार्यक्रम आयोजित होयत, जखन कि अन्य सभ सरकारी कार्यालय सभ मे निर्धारित समयानुसार राष्ट्रीय ध्वज फहराओल जाएत। जिलाधिकारी निर्देश देलनि जे परेडक पूर्वाभ्यास 9 अगस्त सं प्रारंभ कएल जाए तथा 13 अगस्तक भोर 9 बजे अंतिम पूर्वाभ्यास सुनिश्चित कएल जाए। ओ कार्यपालक अभियंता, भवन प्रमंडल, नजारत उपसमाहर्ता, नगर आयुक्त तथा संबंधित पदाधिकारी सभ कें समारोह स्थल पर मंच व्यवस्था, साफ-सफाई, जलापूर्ति, विद्युत आपूर्ति तथा अन्य आवश्यक व्यवस्था सभ समय पर पूर्ण करबाक निर्देश देलनि। विधि-व्यवस्था आ सुरक्षा व्यवस्था कें ध्यान मे रखैत सदर अनुमंडल पदाधिकारी तथा अनुमंडल पुलिस पदाधिकारी कें आवश्यक दिशा-निर्देश देल गेल। ओतहि यातायातव्यवस्था सुचारु बनौने रखबाक लेल यातायात प्रभारी कें पुलिस अधीक्षक सं समन्वय स्थापित कए पर्याप्त संख्या मे पुलिस बलक प्रतिनियुक्ति सुनिश्चित करबाक निर्देश देल गेल। जिलाधिकारी कहलनि जे स्वतंत्रता दिवस राष्ट्रीय गौरव आ देशभक्तिक पर्व अछि। सभ विभाग अपन-अपन उत्तरदायित्वक समयबद्ध, समन्वित आ गंभीरतापूर्वक निर्वहन करथि तथा समारोह सं कम-से-कम एक सप्ताह पूर्व सभ तैयारी पूर्ण कए लेल जाए, जाहि सं संपूर्ण जिला मे राष्ट्रीय पर्व उत्सवमय आ गरिमापूर्ण वातावरण मे मनाओल जा सकए। बैसार मे ई निर्णय सेहो लेल गेल जे चिन्हित महादलित टोल सभ मे संबंधित पदाधिकारीसभक उपस्थिति मे राष्ट्रीय ध्वजारोहण कार्यक्रम आयोजित कएल जाएत। बैसार मे अपर समाहर्ता (आपदा प्रबंधन) बृजकिशोर पांडेय सहित विभिन्न विभागक संबंधित सभ पदाधिकारी उपस्थित छलाह।

# नाग पंचमी मेला मे सजल कुश्तीक महादंगल, महिला-पुरुष पहलवान सभ देखौलनि दमखम

समस्तीपुर, रोसड़ा, समदिया

रोसड़ा थाना क्षेत्रक थतिया गाम स्थित मां विषहरी भगवती स्थान परिसर मे नाग पंचमी मेलाक अवसर पर भव्य कुश्ती महादंगलक आयोजन कएल गेल। एहि महादंगल मे बिहार, उत्तर प्रदेश, राजस्थान, हरियाणा आ नेपाल सं आएल महिला एवं पुरुष पहलवान सभ अपन दमखम आ शानदार दांव-पेंचक प्रदर्शन कएदर्शकसभक भरपूर मनोरंजन केलनि। कार्यक्रमक उद्घाटन अतिथि सभ द्वारा फीता काटि कएल गेल। उद्घाटनक उपरांत अखाड़ा मे एक सं बढ़ि कए एक रोमाञ्चक मोकाबला भेल, जाहि कें देखबाक लेल आसपासक गामसभक अतिरिक्त दूर-दराज क्षेत्र सं सेहो पैघ संख्या मे लोक सभ जुटल छलाह। संपूर्ण आयोजनक दौरान दर्शक सभ मे उत्साहक वातावरण बनल रहल आ प्रत्येक मुकाबलापर तालीक गड़गड़ाहट गूंजैत रहल।महिला वर्ग मे राजस्थानक सरिता, लखनऊक गायत्री, गयाक पुष्पाञ्जलि, बेगूसरायक शबनम, कानपुरक संजूतथा बेगूसरायक जूही अपन उत्कृष्ट प्रदर्शन



सं दर्शकसभक भरपूर प्रशंसा प्राप्त केलनि। ओतहि पुरुष वर्ग मे समस्तीपुरक संजीव कुमार आ रामशंकर, नेपालक अतिश थापा आ कुंदन कुमार, हरियाणाक रवि सत्यम, मोहनपुर (बाढ़ि)क मंगल कुमार, बेगूसरायक नीरज कुमार आ प्यारे कुमार तथा कैमूरक अमजद कुमार सहित अनेको चर्चित पहलवान सभ अखाड़ा मे दमदार मोकाबला प्रस्तुत केलनि। आयोजक सभ बतौलनि जे नाग पंचमी मेलाक अवसर पर प्रत्येक वर्ष कुश्ती महादंगलक आयोजन कएल जाइत अछि। एकर उद्देश्य पारंपरिक भारतीय कुश्ती कें प्रोत्साहित करब आ नव पीढ़ी कें एहि खेल सं जोड़ब अछि। महादंगलक सफल आयोजन मे समिति सदस्य सभ तथा स्थानीय ग्रामीणसभक महत्वपूर्ण योगदान रहल।

# बघांत मे युवकक संदिग्ध मृत्यु, पुलिस शव जब्त कए पोस्टमार्टम लेल पठौलक

मनीगाछी, दरभंगा, समदिया



थाना क्षेत्रक बघांत गामक छरड़ा पट्टी टोल निवासी 48 वर्षीय दया कांत यादवक संदिग्ध परिस्थिति मे मृत्यु भए गेलनि। हुनकर शव मंगलदिन सांझ घर सं लगभग आधा किलोमीटर दूर धानक खेत मे पटवनलेल बनाओल बोरिंगक झोपड़ी सं बरामद भेल। घटनाक सूचना भेटिते मनीगाछी थाना पुलिस घटनास्थल पर पहुंचल आ शव अपने कब्जा मे लए पोस्टमार्टम लेल दरभंगा मेडिकल कॉलेज एवं अस्पताल (डीएमसीएच) पठा देलक। घटनाक गंभीरता देखि बेनीपुरक अनुमंडल पुलिस पदाधिकारी (एसडीपीओ) वासुकीनाथ झा तथा एफएसएल (फॉरेंसिक साइंस लैब) क टीम सेहो घटनास्थल पर पहुंचि आवश्यक साक्ष्य सभक संकलन कए जांच मे जुटि गेल। मनीगाछी थानाध्यक्ष रंजीत कुमार सिंह बतौलनि जे प्रारंभिक जांच मे मृतकक शरीर पर कोनो प्रकारक बाहरी चोटक निशान नहि भेटल अछि। घटनास्थल सं सेहो कोनो संदिग्ध साक्ष्य बरामद नहि भेल अछि। एसडीपीओ वासुकीनाथ झा कहलनि जे मृत्युक वास्तविक कारणकखुलासा पोस्टमार्टम रिपोर्ट आबला उपरांतहि भए सकत। हुनकर कहब छल जे एखन धरि मृतकक परिजनक दिस सं कोनो लिखित आवेदन प्राप्त नहि भेल अछि। पुलिस सभ पक्ष ध्यान मे राखि घटनाकजांच कए रहल अछि।

# श्रम विभागक दिस सं मंजू देवी कें 2 लाख, गीता देवी कें 50 हजार रुपैयाक चेक प्रदान

## गांगुली मे आयोजित सहयोग शिविर मे कतेको आवेदनक निष्पादन

बेनीपट्टी, समदिया

प्रखंडक मध्य सह उच्च माध्यमिक विद्यालय, गांगुलीक परिसर मे बुधदिन सहयोग शिविरक आयोजन कएल गेल। एहि शिविर मे उप विकास आयुक्त सुमन प्रसाद, ग्रामीण पुलिस अधीक्षक शिवम धाकड़, सिविल सर्जन डॉ. हरेंद्र कुमार, अनुमंडल पदाधिकारी शारंग पाणि पांडेय, जिला आपूर्ति पदाधिकारी, जिला सहकारिता पदाधिकारी, प्रभारी अनुमंडल पुलिस पदाधिकारी अंकुर कुमार, प्रमुख सोनी देवी, प्रखंड विकास पदाधिकारी महेश्वर पंडित, अंचलाधिकारी अभिषेक आनंद, उप प्रमुख अशोक कुमार चौधरी सहित आनपदाधिकारी उपस्थित छलाह। कार्यक्रमक आरंभ पौधारोपण सं भेल। तत्पश्चात मंच पर पहुंचला उपरांत विद्यालयक छात्रा सभ मंगलमय दिन आजु हे पाहुन छथि आयल गीत प्रस्तुत कए



अतिथिसभक स्वागत कएलनि। एहि उपरांत सभ अतिथि सभ संयुक्त रूप सं दीप प्रज्वलित कए शिविरक उद्घाटन कएलनि। एहि अवसर पर मुखिया इंदु देवी आ पूर्व पैक्स अध्यक्ष सह जदयू नेता प्रेमशंकर राय मिथिलाक परंपराक अनुसार सभ अतिथि सभ कें पाग आ दोपट्टा सं सम्मानित कएलनि।शिविर मे विभिन्न विभागक अलग-अलग काउंटर लगाओल गेल छल, जतय आमजन अपन-अपन समस्याक आवेदन दए रहल छलाह। जिला सं आएल पदाधिकारी सभ सेहो कतेको आवेदक कें मंच पर बजा कए हुनक शिकायत सुनलनि, आवेदन प्राप्त कएलनि आ संबंधित विभाग कें समयबद्ध निष्पादनक निर्देश देलनि।शिविर मे बेनीपट्टी निवासी आशुतोष कुमार साहू, रामेश्वर साह आ देवेंद्र यादव

### » टीबी रोगी सभ कें एसके चौधरी शिक्षा न्यास दिस सं पोषण आहार किट वितरित

वर्ष 2012-13 मे संचालित बगीचा बचाउ योजना अंतर्गत लगभग 90 किसानक 4 करोड़ 99 लाख 61 हजार 52 रुपैयाक बकाया भुगतान नहि होएबाक शिकायत दर्ज करौलनि। ओ सभक कहब छल जे सहयोग सहित आन पोर्टल पर शिकायत देलाक बादो टालमटोलपूर्ण उत्तर भेटि रहल अछि। एहि पर उप विकास आयुक्त मधुबनी कार्यालय मे आबि भेट करबाक बात कहलनि। एहि अतिरिक्त किछु लोक विद्युत विभाग आ लोक स्वास्थ्य अभियंत्रण विभाग (पीएचईडी)क लचर कार्यशैलीक शिकायत सेहो कएलनि। शिविर मे श्रम प्रवर्तन पदाधिकारी आकांक्षा कुमारी श्रम विभागक विभिन्न योजनाक विस्तृत जानकारी देलनि। एहि अवसर पर श्रम विभागक दिस सं प्रवासी मजदूर दुर्घटना अनुदान योजना अंतर्गत मंजू देवीं कें 2 लाख रुपैयाक चेक तथा बिहार शताब्दी असंगठित कार्यक्षेत्र कामगार एवं शिल्पकार सामाजिक सुरक्षा योजना अंतर्गत गीता देवीं कें 50 हजार रुपैयाक चेक प्रदान कएल गेल। एहि अवसर पर एसके चौधरी शिक्षा न्यासक सहयोग सं दर्जनों टीबी रोगीसभक बीच पोषण आहार किटक वितरण सेहो कएल गेल। सभा कें संबोधित करैत उप विकास आयुक्त सुमन प्रसाद कहलनि जे सहयोग शिविर आमजन लेल अत्यंत उपयोगी सिद्ध भए रहल अछि। पूर्व मे लोक सभ कें अपन समस्या आ सरकारी काजक समाधान लेल विभिन्न कार्यालयक चक्कर लगाबय पड़ैत छल, मुदा आब सरकार सहयोग शिविरक माध्यम सं सभ विभागक पदाधिकारी कें सीधे आमजनक बीच पहुंचौने अछि। तीस दिनक भीतर आवेदनसभक निष्पादन सुनिश्चित कएल जा रहल अछि, जाहि सं लोक सभ कें ब्लॉक आ अनुमंडलक अनावश्यक चक्कर नहि लगाबय पड़ि रहल अछि। एहि अवसर पर बीसीओ सुरेश राम, एमओ रोहित रंजन झा, मनरेगा पीओ संजीव रंजन मिश्र, भ्रमणशील पशु चिकित्सा पदाधिकारी डॉ. सुमन कुमार, पीएचसीक प्रभारी चिकित्सा पदाधिकारी डॉ. पी.एन. झा, थानाध्यक्ष इंस्पेक्टर अनूप कुमार, सीडीपीओ रेखा कुमारी, पंचायत समिति सदस्य वंदना झा, रघुवीर राय, संतोष झा, पिंटू झा, दिलीप झा, बचनू मंडल, धर्मेंद्र साह सहित कतेको गणमान्य व्यक्ति उपस्थित छलाह।

# वीमेंस कॉलेज मे छात्रा सभ लेल दीक्षारंभ सह प्रेरणा कार्यक्रम आयोजित

## महिला सशक्तिकरणे विकसित भारतक आधारशिला

समस्तीपुर, समदिया

वीमेंस कॉलेज, समस्तीपुर मे बुधदिन स्नातकोत्तर (पी.जी.) सत्र 2026–28 मे नवनामांकित छात्रासभक लेल दीक्षारंभ सह प्रेरणा कार्यक्रमक भव्य आयोजन कएल गेल। कार्यक्रमक अध्यक्षता हिंदी विभागाध्यक्ष डॉ.सोनी सलोनी कएलनि, जखन कि कार्यक्रमक संयोजन आईक्यूएसी समन्वयक डॉ. विजय कुमार गुप्ता द्वारा कएल गेल। कार्यक्रमक शुभारंभ दीप प्रज्वलन, सरस्वती वंदना, राष्ट्रीय गीत वंदे मातरम् तथा ललित नारायण मिथिला विश्वविद्यालयक कुलगीतक सामूहिक गायनक संग अत्यंत गरिमामय वातावरण मे भेल। प्रधानाचार्य प्रो. राजेश कुमार रंजन अपन संदेश मे कहलनि जे स्नातकोत्तर शिक्षा मात्र डिग्री प्राप्त करबाक माध्यम नहि, बल्कि ज्ञान, शोध, नवाचार आ नेतृत्व क्षमताक विकासक सशक्त मंच अछि। आइकछात्रा सभ काल्हिक समाज, शिक्षा आ राष्ट्रनिर्माणक आधार छथि। महाविद्यालयक उद्देश्य प्रत्येक छात्रा कें गुणवत्तापूर्ण



शिक्षा, अनुशासित वातावरण आ व्यक्तित्व विकासक पर्याप्त अवसर उपलब्ध कराएब अछि। ओ विश्वास व्यक्त कएलनि जे एतय सं निकलनिहार छात्रा सभ समाज मे सकारात्मक परिवर्तनक वाहक बनती। अध्यक्षीय संबोधन मे हिंदी विभागाध्यक्ष डॉ. सोनी सलोनी कहलनि जे भाषा आ साहित्यव्यक्तित्व निर्माणक मूल आधार अछि तथा निरंतर अध्ययन सफलता प्राप्त करबाक कुंजी अछि। कार्यक्रमक संयोजक आ आईक्यूएसी समन्वयक डॉ. विजय कुमार गुप्ता नवप्रवेशी छात्रासभक स्वागत करैत महाविद्यालयक शैक्षणिक उपलब्धि, राष्ट्रीय शिक्षा नीति-2020, सीबीसीएस प्रणाली, आईक्यूएसी, पुस्तकालय, शैक्षणिक गतिविधि तथा छात्र सहायता सेवाक विस्तृत जानकारी देलनि। ओ छात्रा सभ सं लक्ष्य निर्धारित कए नियमित अध्ययन, अनुशासन आ सकारात्मक सोचक संग आगू बढ़बाक आह्वानकेलनि। कार्यक्रमक दौरान सभ विभागाध्यक्ष अपन-अपन विभागक परिचय दैत पाठ्यक्रम, अध्ययन पद्धति, शोधक संभावना तथा रोजगार आ प्रतियोगी परीक्षाक अवसर सभ पर प्रकाश देलनि। इतिहास विभागाध्यक्ष डॉ. नेहा कुमारी जायसवाल कहलनि जे इतिहास मात्र अतीतक अध्ययन नहि, बल्कि वर्तमान कें बुझबाक आ भविष्यक मार्ग प्रशस्त करबाक माध्यम अछि। मनोविज्ञान विभागाध्यक्ष डॉ. कविता वर्मा छात्रा सभ कें मानसिक स्वास्थ्य, आत्मविश्वास तथा सकारात्मक सोचक महत्व सं अवगत करौलनि।समाजशास्त्र विभागाध्यक्ष डॉ. रंजन कुमार कहलनि जे शिक्षा समाज परिवर्तनक सर्वाधिक प्रभावकारी साधन अछि आ उच्च शिक्षा सामाजिक नेतृत्वक मार्ग प्रशस्त करैत अछि। अंग्रेजी विभागाध्यक्ष डॉ. पिंकी कुमारी अनुशासन, नैतिक मूल्य आ मानवीय संवेदना कें जीवनक सर्वोत्तम संपत्ति बतौलनि। गृह विज्ञान विभागाध्यक्ष डॉ. सोनी सिन्हा छात्रा सभ कें जीवन कौशल, स्वास्थ्य तथा पोषणसंबंधी जागरूकता विकसित करबाक संदेश देलनि। डॉ. संगीता कुमारी कहलनि जे शिक्षाक उद्देश्य मात्र ज्ञानार्जन नहि, बल्कि विवेकपूर्ण जीवनक निर्माण करब अछि। डॉ. रिंकी कुमारी राष्ट्रीय सेवा योजना (एनएसएस) केर विस्तृत जानकारी दैत समाजसेवा कें व्यक्तित्व विकासक महत्वपूर्ण माध्यम बतौलनि। धन्यवाद ज्ञापन करैत डॉ. कुमारी अनु अनुशासन, नैतिक मूल्य तथा मानवीय संवेदना कें जीवनक सबसं पैघ पूंजी बतौलनि। कार्यक्रमक दौरान छात्रा सभ कें शैक्षणिक अभिमुखीकरण विभागीय परिचय, छात्र मार्गदर्शन आदि संबंधी विस्तृत जानकारी देल गेल। संगहि महाविद्यालयक विभिन्न शैक्षणिक, शोध, सांस्कृतिक, खेल तथा राष्ट्रीय सेवा योजनाक गतिविधि सभ सं सेहो अवगत कराओल गेल। एहि अवसर पर डॉ. सुरेश साह, डॉ. आभा कुमारी, डॉ. स्वीटी दर्शन, डॉ. बबली कुमारी सहित महाविद्यालयक सभ शिक्षक आ शिक्षकेत्तर कर्मी उपस्थित छलाह। कार्यक्रमक समापन राष्ट्रगानक संग संपन्न भेल।

# ऑपरेशन विधि पालकक जागरूकता अभियान आयोजित



सीतामढ़ी, समदिया

महिला सभ आ बालिकासभक सुरक्षा, सम्मान तथा लैंगिक समानताक प्रति जागरूकता बढ़ेबाक उद्देश्य सं ऑपरेशन विधि पालक अंतर्गत सोनबरसा थाना कनि निरीक्षक (सब-इंस्पेक्टर) निधि राज द्वारा इंदरवा उच्च विद्यालय मे जागरूकता अभियान चलाओल गेल। अभियानक दौरान छात्र-छात्रासभ, विशेष रूप सं बालक सभ कें महिला सभ आ बालिकासभक प्रति सम्मानजनक व्यवहार अपनाबय, महिला सुरक्षा, महिला सभ आ बालिकासभक विरुद्ध होमयवला अपराध, एकरा संबंधी कानूनी आ दंडात्मक प्रावधान तथा आपातकालीन स्थिति मे पुलिस सं सहायता प्राप्त करबाक प्रक्रियाक विषय मे विस्तृत जानकारी देल गेल। संगहि ओ सभ कें कानूनक पालन करबाक तथा जिम्मेदार नागरिक बनबाक लेल प्रेरित कएल गेल। एहि अवसर पर पुलिस पदाधिकारी सभ विद्यार्थी सभ सं महिला सम्मान आ सुरक्षा कें सामाजिकउत्तरदायित्वक रूप मे स्वीकार करैत सदैव जागरूक रहबाक आ एहि संबंध मे अपन परिवार तथा समाज मे जन-जागरूकताक संदेश पहुंचेबाक आह्वान केलनि। संगहि कोनो आपराधिक घटना अथवा संदिग्ध गतिविधिक जानकारी तत्काल डायल-112 अथवा निकटतम थाना कें देबाक अपील सेहो कएल गेल।

# सिकिदिरी हाइडल पावर प्लांटक होयत आधुनिकीकरण, बढ़त उत्पादन क्षमता

## उत्पादन निगमक टीम प्लांट पहुंचि करत निरीक्षण

रांची,समदिया

झारखंडक ऊर्जा सुरक्षा कें मजबूत बनेबाक दिशा मे राज्य सरकार रांचीक ओरमांझी स्थित सिकिदिरी स्वर्णरेखा जलविद्युत परियोजनाक आधुनिकीकरणक तैयारी शुरू कए देने अछि।हालहि मे मुख्यमंत्री सह विभागीय मंत्री हेमंत सोरेनक समीक्षा बैठक मे देल गेल निर्देश बाद आब एहि दिशाक कारबाइ तेज भए गेल अछि।शीघ्रहि झारखंड ऊर्जा उत्पादन निगमक एकटा टीम प्लांट पहुंचि प्रत्येक पहलुक जांच करत। एकर बाद प्लांटक आधुनिकीकरण आ उत्पादन क्षमता बढ़ेबाक संबंध मे प्रस्ताव तैयार कए ऊर्जाविभाग कें सौंपल जाएत। मुख्यमंत्री अधिकारी सभ कें निर्देश देने छथि जे प्लांट मे लागल पुरान आ नव मशीन सभककार्यक्षमताक तुलनात्मक अध्ययन कराओल जाए। संगहि आधुनिक तकनीकक माध्यम सं कम पानि मे बेसी बिजली उत्पादनक संभावना पर विस्तृत तकनीकी



प्रतिवेदन तैयार कएल जाए। मुख्यमंत्री स्पष्ट कएलनि जे राज्यक बढ़ैत बिजली आवश्यकताक दृष्टि सं मात्र वर्तमान उत्पादन बना राखब पर्याप्त नहि अछि। नव तकनीक आ नीक संसाधन प्रबंधनक माध्यम सं उत्पादन लागत कम करबा आ बिजली उत्पादन बढ़ेबाक लेल ठोस कदम उठेब आवश्यक अछि, जाहि सं झारखंड ऊर्जा क्षेत्र मे आरो आत्मनिर्भर बनि सकय।क्षमताक अनुसार नहि भए पबैत अछि उत्पादनलगभग चारि दशक पहिने स्थापित सिकिदिरी हाइडल पावर प्लांट झारखंडक एकमात्र पैघ सरकारी जलविद्युत संयंत्र अछि। एकर कुल स्थापित क्षमता 130 मेगावाट अछि। एतय 65-65 मेगावाटक दूटा यूनिट स्थापित अछि, जे गेतलसूद (रुक्का) डैम सं छोड़ल गेल पानिक दबाव सं बिजली उत्पादन करैत अछि। मुदा मशीन सभ पुरान होएबाक आ उत्पादन पूर्ण रूप सं पानिक उपलब्धता पर निर्भर रहबाक कारण कतेको बेर क्षमताक अनुसार बिजली उत्पादन नहि भए पबैत अछि। एहि कारण महत्वपूर्ण अछि ई प्लांट सिकिदिरी परियोजनाक सब सं पैघ विशेषता एकर पीक लोड सपोर्ट क्षमता अछि। जखन राज्य मे अनचोके बिजलीक मांग बढ़ैत अछि, तखन ई परियोजना किछुए मिनट मे बिजली उत्पादन शुरू कए सकैत अछि। जखनकि थर्मल पावर प्लांट चालू होए मे कतेको घंटा लागि जाइत अछि। एहि कारण ग्रिडक स्थिरता बना राखबा मे सिकिदिरी परियोजनाक भूमिका महत्वपूर्ण मानल जाइत अछि। सरकारक मानब अछि जे नव तकनीक आ नीक संसाधन प्रबंधनक माध्यम संउत्पादन लागत कम करबा आ बिजली उत्पादन बढ़ेबाक दिशा मे शीघ्र काज शुरू कएल जाएत। पानि आपूर्ति आ बिजली उत्पादनक बीच बनल रहत संतुलन एहि परियोजनाक महत्व मात्र बिजली उत्पादन धरि सीमित नहि अछि। जाहि गेतलसूद जलाशय सं प्लांट कें पानि भेटैत अछि, ओहि सं रांची शहरक लगभग 90% पेयजल आपूर्तियो होइत अछि। एहि कारण जल प्रबंधनक दौरान पेयजल आपूर्ति आ बिजली उत्पादनक बीच संतुलन बना राखब आवश्यक होइत अछि।कम बरखा बला वर्ष सभ मे एकर सोझ असर बिजली उत्पादन पर पड़ैत अछि। विशेषज्ञ सभक मानब अछि जे जं सरकार समयबद्ध रूप सं रेनोवेशन एंड मॉडर्नाइजेशन योजना लागू कए आधुनिक टरबाइन आ नियंत्रण प्रणाली स्थापित करैत अछि, तं नव बांध बनेने बिना सेहोवर्तमान संसाधन सं बेसी बिजली उत्पादन संभव भए सकैत अछि। एहि सं राज्य कें अपेक्षाकृतसस्ती आ स्वच्छ ऊर्जा उपलब्ध भए सकत।

# गुरुजीक आदमकद प्रतिमाक भेल अनावरण, उपायुक्त वृद्ध आश्रम कें बुजुर्ग सभ सं कयलनि संवाद

## बोकारो मे गुरुजी स्मृति वाटिका आमजन आ बुजुग सभ कें समर्पित



बोकारो,समदिया

चास नगर निगम क्षेत्र के सोलागीडीह स्थित वैद्यनाथ जन सेवा वृद्ध आश्रम के समीप मंगलदिन पद्मभूषण गुरुजी स्व. शिबू सोरेन के पहिल पुण्यतिथि के अवसर पर विकसित गुरुजीस्मृति वाटिकाक लोकार्पण कय एकरा आमजन सभ आ वृद्ध आश्रम के बुजुर्ग सभ कें समर्पितकएल गेल। एहि अवसर पर उपायुक्त अजय नाथ झा, पुलिस अधीक्षक नाथू सिंह मीणा, मेयरभोलू पासवान सहित अन्य अतिथिगण गुरुजी के आदमकद प्रतिमाक अनावरण कय हुनका पुष्प अर्पित कय श्रद्धांजलि अर्पित कयलनि। उपायुक्त (डीसी) अजय नाथ झा वैद्यनाथ जन सेवा वृद्ध आश्रम मे रहि रहल बुजुर्ग सभ सं संवाद कयलनि तथा हुनकासभक कुशलक्षेम पुछलनि। ओ बुजुर्ग सभ स गुरुजी स्मृति वाटिकाक नियमित उपयोग करबाक अपील करैत कहलनि जे इ स्थल प्रकृति के बीच सुकून, स्वास्थ्य एवं सामाजिक सहभागिताक केंद्र बनत। ओ कहलनि जे गुरुजी के जीवनक मूल्य सभ एवं जनसेवा के आदश सभ कें आत्मसात केनाइए हुनका प्रति वास्तविक श्रद्धांजलि होयत। एहि अवसर पर उप विकास आयुक्त शताब्दी मजूमदार, उप नगर आयुक्त पूजा कुमारी, अपर समाहर्ता सुनील चंद्र, प्रशिक्षु आईएएस डॉ. अरविंद राधाकृष्णन, अपर नगर आयुक्त संजीव कुमारसहित जिला प्रशासनक अन्य पदाधिकारी, जनप्रतिनिधि एवं आमजन उपस्थित छलाह।

# हेमंत सरकार आंदोलनकारी सभ सं शुरू कएलक वार्ता, छात्र सभ खुला चर्चाक प्रस्ताव राखलनि

रांची,समदिया

राजधानी रांचीक जयपाल सिंह स्टेडियम मे आंदोलनरत छात्र सभ सं बातचीतक लेल राज्य सरकार पहल कएलक अछि। मुख्यमंत्री हेमंत सोरेनक निर्देश पर सरकारक प्रस्ताव लए एसडीओ आ एडीएम लॉ एंड ऑर्डर जयपाल सिंह स्टेडियम पहुंचलाह।एसडीओ रजत कहलनि जे सरकार छात्र सभ सं बातचीत करए चाहैत अछि। प्रतिनिधिक रूप मे ओ छात्र सभ सं भेंट करए पहुंचल छथि। हुनका छात्र सभ सं 5 सदस्यीय प्रतिनिधिमंडल बनेबाक आग्रह कएलनि, जाहि सं सरकारक संग वार्ता कएल जा सकय। ओ सांझ 4 बजे सर्किट हाउस मे बातचीतक प्रस्ताव देलनि। सरकारक प्रस्ताव पर छात्र सभ वार्ताक प्रति सहमति जतौलनि, मुदा स्पष्ट कएलनि जे बातचीत बंद कमरा मे नहि होयत। छात्र सभक कहब अछि जे वार्ता मीडिया



सभक उपस्थितिक संग सार्वजनिक रूप सं होबाक चाही, जाहि सं पूरा प्रक्रिया पारदर्शी रहय। हुनक तर्क छल जे हुनक मांग पूरा राज्यक युवा सभ सं जुड़ल अछि, तें वार्ता सेहो खुला मंच पर होबाक चाही। छात्र सभ कहलनि जे ई नीक बात अछि जे सरकार 12 दिनक बाद जागल अछि। आंदोलनरत छात्र सभ बतौलनि जे सरकारक प्रस्ताव पर आपस मे विचार-विमर्श कए ओ सभ सांझ 5 सं 6 बजेक बीच आखरी निर्णय लए अपन आधिकारिक प्रतिक्रिया देताह।एहि सं पहिने मुख्यमंत्री हेमंत सोरेन मीडिया सं बातचीत मे कहलनि जे युवा सभक चिंता सरकारक लेल अत्यंत गंभीर विषय अछि। पेपर लीकक समस्या मात्र झारखंड धरि सीमित नहि अछि, बल्कि देशक कतेको राज्यक युवा सभक समक्ष ई पैघ राष्ट्रीय समस्या बनि गेल अछि। मुख्यमंत्री कहलनि जे झारखंड सरकार एहि मामिला पर पूरा गंभीरताक संग काज कए रहल अछि। संबंधित एजेंसी सभ दिन-रात जांच कए रहल अछि आ दोषी सभ कें जेल पठाओल जा रहल अछि। मुदा सरकारक उद्देश्य मात्र जांच करब नहि, बल्कि युवा सभ कें ठोस समाधान देब सेहो अछि। हेमंत सोरेन कहलनि जे झारखंड सरकारक द्वार सभक लेल सदिखन खुलल अछि। जाहि छात्र वा अभ्यर्थी सभक कोनो मांग वा सुझाव अछि, ओ अपन बात राज्य सरकारक समक्ष राखि सकैत छथि। युवा सभक प्रत्येक बात गंभीरतापूर्वक सुनल जाएत।

# नेता प्रतिपक्ष बाबूलाल मरांडी छात्र सभ सं भेंट केलनि

## कहलनि- सरकार भ्रष्टाचारी सभ कें बचाबय चाहैत अछि

रांची,समदिया

झारखंड मे जेपीएससी आ जेएसएससी परीक्षा मे कथित अनियमितता कें लए छात्र सभक आंदोलन एखन 12 दिन सं जारी अछि। एहि बीच नेता प्रतिपक्ष आ भाजपा नेता बाबूलाल मरांडीजयपाल सिंह मुंडा स्टेडियम पहुंचि आंदोलनरत छात्र सभ सं भेंट कएलनि।भेटक दौरान बाबूलाल मरांडी कहलनि जे राज्य सरकार एहि कथित घोटालाक जांच सीबीआई कें नहि सौंपि रहल अछि। हुनक आरोप छल जे एकर अर्थ ई अछि जे सरकार भ्रष्टाचार कएनिहार सभ कें बचाबए चाहैत अछि। मरांडी भाजपा दिस सं छात्र सभक आंदोलन कें समर्थन देबाक



भरोसा देलनि। एहि बीच एसडीओ कुमार रजत सेहो छात्र सभ सं भेंट कए वार्ताक प्रस्ताव राखलनि। हुनका छात्र सभ सं 5 सदस्यीय प्रतिनिधिमंडल बनेबाक आग्रह कएलनि, जाहि सं सरकारक संग बातचीतकएल जा सकय।सरकारक प्रस्ताव पर छात्र सभ वार्ताक लेल सहमति जतौलनि, मुदा स्पष्ट कएलनि जे बातचीत बंद कमरा मे नहि होयत। हुनक कहब अछि जे वार्ता मीडिया सभक उपस्थितिक संग सार्वजनिक रूप सं होबाक चाही, जाहि सं पूरा प्रक्रिया पारदर्शी रहय।

# रांची मे बनत विश्वस्तरीय मेडिको सिटी, 284 करोड़ रुपैयाक प्रस्ताव

## झारखंड बनत देशक नव मेडिकल टूरिज्म हब

रांची,समदिया

झारखंड मे 284 करोड़ रुपैयाक लागत सं विश्वस्तरीय झारखंड मेडिको सिटी बनेबाक प्रस्ताव मंत्रिपरिषद (कैबिनेट) कें पठा देल गेल अछि। एहि परियोजनाक उद्देश्य राज्य कें मेडिकल टूरिज्म हबक रूप मे विकसित करब आ उच्चस्तरीय स्वास्थ्य सुविधा उपलब्ध कराएबअछि। राजधानी रांची मे प्रस्तावित मेडिको सिटीक लेल 284,17,24,900 रुपैयाक प्रशासनिक स्वीकृतिक प्रस्ताव कैबिनेट कें पठाओल गेल अछि। कैबिनेटक मंजूरी भेटिते एहि महत्वाकांक्षी परियोजना परकाज शुरू कएल जाएत। स्वास्थ्य मंत्री डॉ. इरफान अंसारीक एहि पहल कें राज्यक स्वास्थ्य क्षेत्रक एकटा महत्वपूर्ण कदम मानल जा रहल अछि। सरकारक लक्ष्य



अछि जे झारखंडक कोनो रोगी नीक इलाजक अभाव मे दोसर राज्य जाए लेल विवश नहि होथि। स्वास्थ्य, चिकित्सा शिक्षा एवं परिवार कल्याण विभागक अनुसार मेडिकल टूरिज्म कें बढ़ावा देबाक आ राज्य मे उच्चस्तरीय स्वास्थ्य सेवा सुनिश्चित करबाक उद्देश्य सं देशक कतेको प्रतिष्ठित अस्पताल समूह सभक संग सकारात्मक बातचीत चलि रहल अछि। एहि समूह सभ झारखंड मे निवेश आ सुपर स्पेशियलिटी अस्पताल स्थापित करबा मे रुचि देखौने छथि। विभागक अनुसार शीघ्रहि एहि प्रतिष्ठित अस्पताल समूह सभक संग समझौता ज्ञापन परहस्ताक्षर कएल जाएत। एकर बाद झारखंड मे हृदय रोग, कैंसर, न्यूरोसाइंस, किडनी आ लिवर ट्रांसप्लांट, ऑर्थोपेडिक्स, महिला एवं शिशु स्वास्थ्य तथा नेत्र चिकित्सा जकां प्रमुख सुपर स्पेशियलिटी सेवा सभ एके ठाम उपलब्ध होयत। स्वास्थ्य मंत्री डॉ. इरफान अंसारी कहलनि जे एखनहुं झारखंडक हजारो गंभीर रोगी इलाजक लेल हैदराबाद, चेन्नई, मुंबई, दिल्ली आ बेंगलुरु जकां शहर जाए लेल विवश छथि। एहि कारण गरीब आ मध्यमवर्गीय परिवार सभ पर पैघ आर्थिक बोझ पड़ैत अछि। मेडिको सिटीक निर्माण आ देशक नामी अस्पताल सभक आगमन सं राज्यक लोक सभ कें अपनहि राज्य मे विश्वस्तरीय इलाज भेटि सकत। ओ कहलनि जे ई परियोजना मात्र स्वास्थ्य सुविधा सभक विस्तार धरि सीमित नहि रहत, बल्कि झारखंडक अर्थव्यवस्था, चिकित्सा शिक्षा, मेडिकल रिसर्च आ रोजगारक अवसर सभ मे सेहो पैघ वृद्धि करत। एहि सं हजारो युवा सभ लेल प्रत्यक्ष आ अप्रत्यक्ष रोजगारक अवसर सृजित होयत आ झारखंड पूर्वी भारतक प्रमुख स्वास्थ्य केंद्रक रूप मे विकसित भए सकत। डॉ. इरफान अंसारी कहलनि, "हमर सपना अछि जे झारखंड इलाजक लेल बाहर जाए बला राज्य नहि, बल्कि पूरा देश आ विदेश सं रोगी सभ कें आकर्षित करए बला मेडिकल टूरिज्म हब बनय। विश्वस्तरीय अस्पताल सभक संग साझेदारी कए हम झारखंडक स्वास्थ्य क्षेत्र मे एहन परिवर्तन आनब, जाहि पर आबए बला पीढ़ी गर्व करत।"

# पहिलहि बरखा मे बहि गेल झिलिया पुलक डायवर्सन, कुमारधुबी आ मैथनक संपर्क टूटल

## लोक सभ परेशान

धनबाद,समदिया

झिलिया पुलक निर्माणक दौरान आवागमनक लेल बनाओल गेल अस्थायी डायवर्सन मंगल रातिक तेज बरखा मे पूरा तरहे बहि गेल। एकर कारण कुमारधुबी आ मैथनक बीच सड़क संपर्क टूटि गेल अछि। डायवर्सन ध्वस्त भेला सं आसपासक गाम सभक लोक, कारखाना मे कार्यरत कर्मचारी सभ,स्कूली बच्चा सभ आ दैनिक यात्री सभ प्रभावित भेल छथि। टोटो, ऑटो सहित छोट वाहन सभक परिचालन पूर्ण रूप सं ठप भए गेल अछि। लोक सभ कें अपन गंतव्य धरि पहुंचबाक लेल कतेको किलोमीटर घुमि कए जाए पड़ि रहल अछि। ग्रामीण सभक आरोप अछि जे निर्माणक समय सं डायवर्सनक गुणवत्ताक संबंध मे प्रश्न उठाओल जा



रहल छल। जनप्रतिनिधि आ स्थानीय लोक सभ बेर-बेर संवेदक आ लोक निर्माण विभाग (पीडब्ल्यूडी) कें एहि संबंध मे जानकारी देने छलाह, मुदा समय पर कोनो ठोस कदम नहि उठाओल गेल। परिणामस्वरूप पहिलहि तेज बरखा मे डायवर्सन बहि गेल आ हजारो लोकक परेशानी बढ़ि गेल।मुखिया तनवीर आलम कहलनि जे निर्माण कार्य मे बरतल गेल लापरवाहीक खामियाजा आमलोक भोगि रहल छथि। हुनका शीघ्र मजबूत वैकल्पिक मार्गक व्यवस्था करबाक आ दोषी सभ पर कारबाइक मांग राखलनि।भाकपा (माले) नेता नागेंद्र कुमार सेहो निर्माण कार्य मे गुणवत्ताक आ सुरक्षा मानकक अनदेखीक आरोप लगबैत जिम्मेदार अधिकारी सभ आ संवेदकक विरुद्ध कड़ी कारबाइक मांग कएलनि। स्थानीय लोक सभ चेतावनी देलनि जे जं शीघ्र सुरक्षित आवागमनक व्यवस्था नहि कएल गेल,तं ओ सभ आंदोलन कराताह। समाचार लिखल जाए धरि प्रशासन वा संबंधित विभाग दिस सं मरम्मतिक काज शुरू होएबाक कोनो आधिकारिक जानकारी नहि भेटल छल।

### जेपीएससी-जेएसएससी मुद्दा पर सदन मे गरमायत बहस

# 6 अगस्त सं शुरू होयत झारखंड विधानसभाक मानसून सत्र

## 7 अगस्त कें अनुपूरक बजट पेश होयत

रांची,समदिया

झारखंड विधानसभाक मानसून सत्र 6 अगस्त सं शुरू होमय जा रहल अछि। सत्र सं पहिने विधानसभा अध्यक्ष रबींद्र नाथ महतोक अध्यक्षता मे स्पीकर कक्ष मे सर्वदलीय बैठक आयोजित भेल।बैठक मे मुख्यमंत्री हेमंत सोरेन सेहो शामिल भेलाह। एहि मे संसदीय कार्य मंत्री राधा कृष्ण किशोर, नेता प्रतिपक्ष बाबूलाल मरांडी, विधायक प्रदीप यादव, सुरेश पासवान, अरूप चटर्जी, जयराम कुमार महतो, निर्मल महतो सहित विभिन्न राजनीतिक दल सभक प्रतिनिधि उपस्थित छलाह। बैठक मे सत्रक सफल, सुचारू आ गरिमापूर्ण संचालन कें लए विस्तृत चर्चा भेल। विधानसभा अध्यक्ष सभ दल सं लोकतांत्रिक परंपरा आ संसदीय मर्यादाक अनुरूप सदनक कार्यवाही चलाबएमे सहयोगक अपील कएलनि। 6 अगस्त सं 12 अगस्त धरि प्रस्तावित एहि संक्षिप्त सत्र मे कुल 7 दिन निर्धारित अछि। मुदा शनि आ रविक साप्ताहिक अवकाशक कारण मात्र 5 कार्यदिवस

उपलब्ध रहत। सत्रक शुरुआत 6 अगस्त कें नवनिर्वाचित सदस्य सभक शपथ ग्रहण, अध्यादेश (जं कोनो हो) आ शोक प्रस्तावक संग होयत। 7 अगस्त कें प्रश्नकालक संग वित्तीय वर्ष 2026-27क प्रथम अनुपूरक बजट सदन मे पेश कएल जाएत।8 आ 9 अगस्त कें साप्ताहिक अवकाश रहत। 10 अगस्त कें प्रश्नकालक बाद अनुपूरक बजट पर चर्चा आ मतदान होयत। 11



अगस्त कें प्रश्नकाल, राजकीय विधेयक आ आन सरकारी काज निपटाओल जाएत। 12 अगस्त कें प्रश्नकालक संग राजकीय विधेयक, आन सरकारी काज आ गैर-सरकारी संकल्प पर चर्चा होयत।एहि बेरक मानसून सत्र राजनीतिक दृष्टि सं बहुत महत्वपूर्ण मानल जा रहल अछि। जेपीएससीआ जेएसएससी परीक्षा मे कथित अनियमितता तथा नियोजनक मुद्दा पर विपक्ष सरकार कें घेरबाक तैयारी मे अछि। युवा आ रोजगार सं जुड़ल एहि संवेदनशील विषय सभ पर विपक्षक रुख आक्रामक रहबाक संभावना अछि। दोसर दिस सत्ता पक्ष सेहो जवाबी रणनीति तैयार कए लेने अछि। सरकार विपक्षक प्रत्येक आरोपक जवाब देबाक तैयारी मे अछि। विशेष रूप सं जेपीएससी मुद्दा पर सरकार नीट परीक्षा पेपर लीक मामिला कें आधार बना कए भाजपा पर पलटवार कए सकैत अछि। एहि कारण पूरा सत्रक दौरान सत्ता पक्ष आ विपक्षक बीच जोरदार राजनीतिक टकराव आ जनसरोकारक मुद्दा सभ पर तीख बहस होबाक संभावना अछि।

# बीसीसीएलक गोविंदपुर क्षेत्र मे भू-धंसान सं पांच घर जमींदोज

## इलाका मे दहशत

धनबाद,समदिया

बीसीसीएलक गोविंदपुर क्षेत्रक न्यू आकाशकिनारी कोलियरी परियोजनाक समीप आ राजहंस रिफैक्ट्रीक पाछां स्थित सेलेक्टेड गोविंदपुर मे मंगल सांझ जोरदार आवाजक संग भू-धंसानक घटना भेल। देखिते-देखिते 5 घर सामान सहित जमीन मे समा गेल। एहि घटनाकबावजूद कोनो जनहानि नहि भेल अछि।भू-धंसानक बाद पूरा इलाका मे अफरातफरी मचि गेल। घटनाक समय सभ लोक अपन बच्चा सभ आ स्वजनक संग बजरंगबली मंदिरक समीप बैसल छलाह। अनचोके जोरदार आवाज सुनिते लोक सभ जान बचेबाक लेल भागि गेलाह आ बगलक कॉलोनी मे पहुंचि शोर मचाबए लगलाह। एकर बाद आसपासक लोक सभक भीड़ घटनास्थल पर जुटि गेल। भू-धंसानक चपेट मे आबए बला परिवार सभ मे लक्ष्मण बाउरी, राजू भुइयां, ईश्वर दास, संजयदास आ होरो दास शामिल छथि। प्रभावित परिवार सभक घर मे राखल पंखा, मोटरसाइकिल, गोदरेज, खाद्य सामग्री आ आन घरेलू सामान मलबाक भीतर दबि गेल। प्रत्यक्षदर्शी ईश्वर दास बतौलनि जे सांझ लगभग 7:30 बजे सभ लोक अपन-अपन घरक बाहर छलाह। दू दिन सं क्षेत्र



मे बिजली नहि छल, जाहि कारण उमसक चलते घरक भीतर रहब कठिन छल। एही बीच अनचोके जोरदार धमाकाक आवाज भेलआ जमीन कांपए लागल। ओ कहलनि जे लोक सभ जान बचेबाक लेल एतय-ओतय भागए लगल, मुदा हुनक आंखिक सोझां घर सभ जमीन मे धंसि गेल। हुनक घर मे राखल बाइक, टेलीविजन, पलंग आ आनघरेलू सामान सेहो मलबा मे दबि गेल, जाहि सं लाखो रुपैयाक नोकसान भेल अछि। लक्ष्मण बाउरी बतौलनि जे ओ दैनिक मजदूरी कए घर घुरल छलाह। हाथ-पएर धोइ कए भोजन करबाक तैयारी कए रहल छलाह, तखने जोरदार आवाज शुरू भेल आ जमीन हिलए लागल। ओ सभ बिना किछु बुझने मंदिर दिस भागि गेलाह।सूचना भेटिते कतरास थाना पुलिस घटनास्थल पर पहुंचि एहतियातक तौर पर जुटल भीड़ कें हटौलनि। स्थानीय लोक सभक कहब अछि जे एहि क्षेत्र मे पहिने बीसीसीएलक भूमिगत खदान संचालित होइत छल। किछु लोक अवैध खननक आशंका सेहो व्यक्त कए रहल छथि। जखनकि आन लोक सभक मानब अछि जे लगातार बरखाक कारण खदान सभ मे पानि भरि गेल, जाहि सं भू-धंसान भेल होयत। घटनाक बाद पूरा इलाका मे दहशतक वातावरण अछि। वार्ड संख्या 1क पार्षद डॉ. मधुमाला घटनास्थल पर पहुंचि लोक सभ सं सुरक्षित स्थान पर जाएबाक आग्रह कएलनि। ओ कहलनि जे घटनाक जानकारी प्रशासन, बीसीसीएल प्रबंधन आ नगर निगम अधिकारी सभ कें देल जा रहल अछि। प्रभावित परिवार सभ कें शीघ्र सुरक्षित स्थान पर राखबाक व्यवस्था कएल जाएत।

# किशनगंज सदर अस्पताल मे आईसीयू सेवाक भेल शुरुआत

## गंभीर रोगी सभ कें आब बाहर नहि जाय पड़त, 10 बेडक आधुनिक यूनिटक उद्घाटन

**किशनगंज, समदिया**

किशनगंजक स्वास्थ्य सेवा सभ कें बुध दिन पैघ मजबूती भेटल। सदर अस्पताल, किशनगंज मे 10 बेडक अत्याधुनिक गहन चिकित्सा कक्ष (आईसीयू) क उद्घाटन जिलाधिकारी नवीन कुमार आ स्थानीय विधायक कमरूल हुदा संयुक्त रूप सं कएलनि।



### 2 वेंटिलेटरयुक्त बेड सं सेवाक शुरुआत

एहि सुविधाक शुरूआत भेला सं आब गंभीर रोगी सभ कें नीक इलाजक लेल पूर्णिया, सिलीगुड़ी वा पटना जकां पैघ शहर नहि जाए पड़त।अस्पताल प्रशासनक अनुसार पहिल चरण मे 2 वेंटिलेटरयुक्त बेड सं सेवा शुरू कएल गेल अछि। शेष बेड आवश्यक उपकरण आ मानव संसाधनक उपलब्धताक संग चरणबद्ध रूप सं संचालित कएल जाएत।

### सड़क दुर्घटना आ हृदयाघातक रोगी सभ कें भेटत उपचार

आईसीयू मे गंभीर रोगी सभक 24 घंटा निगरानी आ उपचारक व्यवस्था कएल गेल अछि। एकरा लेल प्रशिक्षित पैरामेडिकल कर्मी सभक चौबीसो घंटाक रोस्टर सेहो तैयार कएल गेल अछि। स्वास्थ्य अधिकारी सभ बतौलनि जे सड़क दुर्घटना, हृदयाघात, ब्रेन स्ट्रोक, गंभीर संक्रमण, श्वसन विफलता, विषाक्तता आ आन आपात स्थिति मे आब रोगी सभ कें तत्काल जीवनरक्षक उपचार भेटि सकत। एहि सं इलाज मे होमए बला देरी कम होयत आ रोगी सभक बचबाक संभावना बढ़त।

विधायक कमरूल हुदा कहलनि जे एखन धरि आईसीयू सुविधा नहि रहबाक कारण गंभीर रोगी सभ कें रेफर करए पड़ैत छल। रेफरल प्रक्रियाक दौरान समयक संग-संग रोगी आ हुनक परिजन सभ पर आर्थिक आ मानसिक बोझ सेहो बढ़ैत छल।

हुनका कहलनि जे नव सुविधा शुरू भेला सं रोगी सभ कें गोल्डेन ऑवरक भीतर आवश्यक चिकित्सा सहायता भेटि सकत, जे आपातकालीन चिकित्सा मे अत्यंत महत्वपूर्ण मानल जाइत अछि।

### शीघ्र 10 बेड पूरा क्षमता सं होयत संचालित : डीएम

जिलाधिकारी नवीन कुमार कहलनि जे जिलाक लोक सभ कें गुणवत्तापूर्ण स्वास्थ्य सेवा उपलब्ध कराएब प्रशासनक प्राथमिकता अछि। आईसीयूक शुरूआत सं अनावश्यक रेफरल कम होयत आ गंभीर रोगी सभ कें समय पर उपचार भेटत। हुनका बतौलनि जे शीघ्रहि सभ 10 बेड पूरा क्षमता सं संचालित कएल जाएत।

सिविल सर्जन डॉ. राजकुमार चौधरी आ सदर अस्पतालक उपाधीक्षक डॉ. अनवार हुसैन बतौलनि जे राज्य सरकार जिला अस्पताल सभ कें सुदृढ़ बनेबा आ आधुनिक चिकित्सा सुविधा सभक विस्तारक लेल लगातार काज कए रहल अछि। सीमांचल क्षेत्रक स्वास्थ्य ढांचा मजबूत बनेबाक दिशा मे ई एकटा महत्वपूर्ण कदम अछि।

### प्रसूति सेवा मे सेहो भेटत आईसीयूक लाभ

अधिकारी सभक अनुसार आईसीयू सुविधाक लाभ जटिल प्रसूति सेवा मे सेहो भेटत। आब जनरल सर्जन, एनेस्थेटिस्ट आ आईसीयू सुविधा उपलब्ध रहबाक कारण जटिल सिजेरियन प्रसव आ प्रसवोत्तर गंभीर स्थिति सभक उपचार सदर अस्पताल मे संभव होयत।

एहि सं सुरक्षित मातृत्व कें बढ़ावा भेटत आ मातृ एवं नवजात मृत्यु दर कम करबाक प्रयास सभ कें मजबूती भेटत।

अस्पताल प्रशासनक कहब अछि जे आईसीयू केवल एकटा वार्ड नहि, बल्कि जीवनरक्षक चिकित्सा व्यवस्थाक केंद्र अछि, जतय प्रशिक्षित चिकित्सक, पैरामेडिकल कर्मी सभ आ आधुनिक उपकरण सभ मिलि कए गंभीर रोगी सभक देखभाल करत।

सदर अस्पताल मे आईसीयूक शुरूआत कें जिलाक स्वास्थ्य व्यवस्थाक एकटा महत्वपूर्ण उपलब्धि मानल जा रहल अछि। एहि सं संकटकाल मे लोक सभ कें अपनहि जिला मे नीक आ समयबद्ध उपचार उपलब्ध भए सकत।

# पूर्णिया मे सफाइकर्मी सभक हड़ताल, शहर मे कचराक ढेरी

### कूड़ेदान भरि गेल, वीआईपी इलाका मे सेहो दुर्गंध आ गंदगी पसरि रहल अछि

**पूर्णिया, समदिया**



पूर्णिया मे सफाइकर्मी सभक हड़तालक आइ 7म दिन अछि। शहरक प्रमुख आ वीआईपी इलाका सभ मे स्थिति लगातार खराब बनल अछि। एसपी कोठी रोड मे स्थित कूड़ेदान कचरा सं पूरा तरहे भरि कए पलटि गेल अछि। एहि मुख्य सड़कि पर पूर्णियाक एसएसपी शौर्य सुमन, जिलाधिकारी अंशुल कुमार आ बिहार सरकारक मंत्री लेशी सिंहक आवास स्थित अछि।

एसपी कोठी मोहल्लाक स्थानीय लोक सभ बतौलनि जे घर सं बाहर निकलिते चारूकात पसरल कचरा आ बढ़ैत दुर्गंधक सामना करए पड़ैत अछि। एहि कारण लोक सभ बहुत परेशानी झेलि रहल छथि। एसपी कोठी रोडक पूर्वी छोर विश्वेश्वरैया चौक सं जुड़ल अछि। हालहि मे भेल बरखाक बाद चौकक स्थिति आरो खराब भए गेल अछि। पानि मे कचरा उपलाइत देखल जा रहल अछि। गंदगी आ दुर्गंधक कारण सड़कि कात लगनिहार दोकान सभ सेहो हटि गेल अछि।

### 3 सूत्री मांग पर अड़ल छथि सफाइकर्मी सभ

सफाइकर्मी सभ अपन 3 सूत्री मांग कें लए कए हड़ताल पर अड़ल छथि। कर्मी सभक कहब अछि जे जाबत सरकार हुनक मांग पूरा नहि करत, ताबत ओ सभ काज पर वापस नहि जएताह। कर्मी सभ आरोप लगौलनि जे सरकार प्रतिदिन वार्ताक लेल बैठक तं कए रहल अछि, मुदा मांग सभ पर कोनो ठोस निर्णय नहि लेल जा रहल अछि। हुनक कहब अछि जे सरकार कर्मचारी सभक संग सौतेल व्यवहार कए रहल अछि, जाहि लेल बिहार सरकार आ मुख्यमंत्री जिम्मेदार छथि।

बिहार लोकल बॉडीज एम्पलायीज फेडरेशनक संगठन मंत्री आ पूर्णिया प्रमंडलक पर्यवेक्षक बैद्यनाथ सिंह कहलनि जे सरकार प्रतिदिन बैठक कए रहल अछि, मुदा महासंघक मांग सभ पर कोनो ठोस निर्णय नहि भए रहल अछि। जाबत धरि मांग सभ पूरा नहि होयत, ताबत धरि हड़ताल जारी रहत।

संगठन मंत्री कहलनि जे बिहार मे तानाशाही चलि रहल अछि। अधिकारी आ प्रशासनक माध्यम सं कर्मचारी सभ कें डराओल-धमकाओल जा रहल अछि। नगर निकायक कर्मचारी सभक लगातार शोषण भए रहल अछि। 330 रुपैया मे भोजन तं दूर, जीवन चलाएब सेहो कठिन अछि।

हुनका अनुसार ड्राइवर सभ कें 12000 सं 15000 रुपैया देल जाइत अछि, जखनकि प्रशासनिक आदेशक अनुसार 25000 रुपैया प्रतिमास भेटबाक चाही। ठेका, संविदा आ आउटसोर्सिंगक आधार पर बहाली कए कर्मचारी सभक शोषण कएल जा रहल अछि आ स्थायी नियुक्ति नहि कएल जा रहल अछि।

# 9 अगस्त सं 17 अगस्त धरि पूरा जिला मे चलत हर घर तिरंगा अभियान



**औरंगाबाद, समदिया**

स्वतंत्रता दिवसक उपलक्ष्य मे एहि वर्ष सेहो 9 अगस्त सं 17 अगस्त धरि पूरा जिला मे हर घर तिरंगा अभियान व्यापक स्तर पर चलाओल जाएत। एहि अभियानक उद्देश्य प्रत्येक परिवार धरि राष्ट्रीय ध्वजक उपलब्धता सुनिश्चित करैत अधिक सं अधिक घर, सरकारी आ गैर-सरकारी संस्थान सभ तथा सार्वजनिक स्थान सभ पर तिरंगा फहराएब अछि। अभियान कें पूर्ण रूप सं जनभागीदारी आधारित बनेल जाएत आ राष्ट्रीय ध्वजक सम्मानक संग फ्लैग कोडक शत-प्रतिशत पालन सुनिश्चित कएल जाएत। हर घर तिरंगा केवल सरकारी कार्यक्रम नहि, बल्कि राष्ट्रभक्ति आ जनसहभागिताक अभियान अछि। एहि मे समाजक प्रत्येक वर्गक सहभागिता सुनिश्चित कएल जाएत, जाहि सं ई अभियान जनआंदोलनक रूप धारण कए सकय। प्रत्येक ग्राम पंचायत आ वार्ड मे व्यापक जनजागरूकता अभियान चलाओल जाएत तथा सभ सरकारी कार्यालय, विद्यालय, महाविद्यालय आ सार्वजनिक संस्थान सभ पर राष्ट्रीय ध्वज फहराओल जाएत। अभियानक दौरान जिलाभरि मे विभिन्न सांस्कृतिक आ जनजागरूकता कार्यक्रम आयोजित कएल जाएत।

# बेतिया मे 15000 रुपैया घूस लैत पंचायत सचिव गिरफ्तार

## नल-जल योजनाक भुगतानक लेल 28000 रुपैया मांगने छल, शिकायत पर कारबाइ

**बेतिया, समदिया**

पश्चिम चंपारणक नरकटियागंज मे निगरानी विभाग पंचायत सचिव शंकर प्रसाद कें 15000 रुपैया घूस लैत रंगेहाथ गिरफ्तार कएलक। बुध दिन भेल ई कारबाइ नल-जल योजनाक मेंटेनेंस भुगतानक बदला मे घूस मांगबाक शिकायतक आधार पर कएल गेल।

संवेदक परवेज कौशर निगरानी विभाग मे लिखित शिकायत दर्ज करौलनि छल। हुनक आरोप छल जे पंचायत सचिव शंकर प्रसाद नल-जल योजनाक भुगतानक लेल हुनका सं 28000 रुपैया घूस मांगि रहल छलाह। घूस नहि देलापर भुगतान मे अनावश्यक देरी कएल जा रहल छल आ बेर-बेर परेशान कएल जा रहल छल। संवेदक 27 जुलाई कें लिखित शिकायत देलनि छल।



### 15000 रुपैयाक पहिल किस्त लैत पकड़ाएल

शिकायत भेटलाक बाद निगरानी विभाग आरोपक सत्यताक जांच कएलक। आरोप सही पाएल गेलापर विभाग योजना बना कए कारबाइ कएलक। एहि योजनाक अंतर्गत मलदहिया मदरसा परिसर मे आयोजित सहयोग शिविर मे पंचायत सचिव शंकर प्रसाद कें 15000 रुपैयाक पहिल किस्त लैत रंगेहाथ पकड़ल गेल।

गिरफ्तारीक बाद विजिलेंस टीम आरोपित पंचायत सचिवक आवास पर सेहो छापेमारी कएलक। एहि दौरान कतेको महत्वपूर्ण दस्तावेज आ कागजात जब्त कएल गेल अछि, जाहिक जांच जारी अछि। निगरानी विभाग ईहो पता लगा रहल अछि जे एहि मामिला मे आन कोनो व्यक्तिक संलिप्तता अछि वा नहि।

एहि कारबाइक बाद नरकटियागंज प्रखंड सहित पूरा क्षेत्र मे एहि मामिलाक व्यापक चर्चा भए रहल अछि। सरकारी कार्यालय सभ मे सेहो एहि विषय पर चर्चा चलि रहल अछि।

विजिलेंसक डीएसपी मामिलाक पुष्टि कएलनि। हुनका कहलनि जे नल-जल योजनाक संवेदक सं घूस लैत पंचायत सचिव शंकर प्रसाद कें 15000 रुपैयाक संग गिरफ्तार कएल गेल अछि। डीएसपी कहलनि जे मामिला मे आगूक कानूनी कारबाइ कएल जा रहल अछि आ आन पहलु सभक जांच जारी अछि।

# केंद्र आ राज्य सरकारक नीति सभक विरुद्ध आंदोलनक निर्णय

### मुजफ्फरपुरक मीनापुर मे भाकपाक बैठक

**मुजफ्फरपुर, समदिया**

भारतीय कम्युनिस्ट पार्टी (भाकपा) मीनापुर अंचल परिषदक एकटा महत्वपूर्ण बैठक मानिकपुर स्थित पार्टी कार्यालय 'जुब्बा सहनी स्मारक भवन' मे आयोजित भेल। राम एकबाली रायक अध्यक्षता मे संपन्न एहि बैठक मे केंद्र सरकारक जनविरोधी नीति सभ, राज्य सरकारक कथित बुलडोजर राज आ बढ़ैत एनकाउंटरक विरुद्ध व्यापक आंदोलन छेड़बाक निर्णय सर्वसम्मति सं लेल गेल।

बैठक मे निर्णय लेल गेल जे एहि जनमुद्दा सभ कें लए कए आगामी 9 अगस्त सं 14 अगस्त धरि एकटा वृहद पदयात्रा निकालल जाएत। पदयात्राक शुरूआत मानिकपुर सं होयत, जखनकि एकर औपचारिक समापन कोइली मे कएल जाएत। एहि दौरान क्षेत्रक चांदपरना चौक, गंज बाजार, खेमाईपट्टी, अली नेउरा, बनघारा, बलुआ बाजार, सुरजन पकड़ी, टेंगरारी बाजार, छपरा चौक, डेरा चौक, बिशनपुर बाजार, टेंगराहा बाजार आ सिवाईपट्टी मे नुक्कड़ सभा सभक आयोजन कए लोक सभ कें जागरूक कएल जाएत।

पदयात्राक दौरान पार्टीक स्थानीय शाखा सभक विस्तार कें लए विशेष बैठक सभ सेहो आयोजित कएल जाएत। एकरा अतिरिक्त 1 सितंबर कें दिल्लीक ऐतिहासिक रामलीला मैदान मे होमए बला 'बदलाव जरूरी अछि' महारैली कें सफल बनेबाक लेल मीनापुर अंचल मे सघन जनसंपर्क अभियान चलाओल जाएत।

बैठक कें पार्टीक राज्य सचिव मंडलक सदस्य अजय कुमार सिंह, राज्य परिषद सदस्य जगदीश गुप्ता, अंचल सचिव शिवजी प्रसाद, भिखारी यादव, राम किशोर शर्मा, लक्ष्मीकांत, रामचन्द्र झा, नगीना प्रसाद, दारोगा प्रसाद, जंगीलाल प्रसाद, शालीग्राम प्रसाद, बासुदेव सिंह, जगदीश शर्मा आ यशवंत प्रकाश सहित कतेको प्रमुख नेता सभ संबोधित कएलनि।

## विविध

# मानसून मे कियैक बढ़ि रहल अछि फ्लूक मामिला? एम्सक डॉक्टर बतौलनि लक्षण आ बचावक उपाय

मानसूनक मौसिम अपन संग राहति तं लअबैत अछि, मुदा एहि मौसिम मे वायरल संक्रमण आ फ्लूक मामला सेहो तेजी सं बढ़ए लगैत अछि। एहि विषय पर दिल्ली स्थित एम्सक मेडिसिन विभागक डॉक्टर संजीव सिन्हा आईएएनएस सं विशेष बातचीत मे कहलनि जे एखन अस्पतालक ओपीडी मे खांसी, जुकाम, बोखार आ शरीर दर्दक शिकायत लए आबनिहार रोगी सभक संख्या बढ़ि गेल अछि।



डॉ. संजीव सिन्हाक अनुसार एखन रोगी सभ मे सबसं सामान्य लक्षण गला मे खराश, नाक बहब, सुखायल खांसी, तेज बोखार, माथ दर्द आ पूरा शरीर मे दर्द अछि। कतेको रोगी कमजोरी आ थकानक शिकायत सेहो कए रहल छथि। हुनका अनुसार ई लक्षण सामान्य वायरल संक्रमण जकां लगि सकैत अछि, मुदा कतेको मामला मे ई इन्फ्लूएंजा वायरसक संक्रमण सेहो भए सकैत अछि। एहि लेल एहि लक्षण सभ कें हल्का मे नहि लेबाक चाही।

हुनका अनुसार किछु लोक सभ मे एहि संक्रमणक जोखिम बेसी रहैत अछि। एहि मे 65 वर्ष सं बेसी उम्रिक बुजुर्ग, 5 वर्ष सं कम उम्रिक बच्चा सभ, गर्भवती महिला सभ, मधुमेह, उच्च रक्तचाप, हृदय रोग, किडनीक बेमारी, कैंसर वा आन गंभीर बेमारी सं जूझि रहल रोगी सभ शामिल छथि। एहि लोक सभक रोग प्रतिरोधक क्षमता अपेक्षाकृत कमजोर होइत अछि, तें संक्रमण गंभीर रूप धारण कए सकैत अछि।

डॉक्टर कहलनि जे जं ककरो तेज बोखार, लगातार खांसी, गला मे दर्द आ शरीर मे दर्द जकां लक्षण देखाइ दे, विशेष रूप सं जं ओ हाई रिस्क श्रेणीक होथि, तं हुनका शीघ्र डॉक्टर सं संपर्क करबाक चाही। डॉक्टरक सलाह अनुसार जांच आ इलाज शुरू करब अत्यंत आवश्यक अछि।

डॉ. सिन्हा बतौलनि जे शुरूआत मे डॉक्टर रोगीक लक्षणक आधार पर क्लिनिकल डायग्नोसिस करैत छथि। जं इन्फ्लूएंजाक आशंका होइत अछि, तं गला वा नाक सं स्वैब लए आरटी-पीसीआर जांच कएल जाइत अछि। एहि जांच सं स्पष्ट होइत अछि जे रोगी कें वास्तव मे इन्फ्लूएंजा अछि वा नहि, आ जं अछि तं कोन स्ट्रेन, जेना एच1एन1 वा एच3एन2, एकर लेल जिम्मेदार अछि।

हुनका अनुसार जांच मे इन्फ्लूएंजाक पुष्टि भए गेलापर रोगी कें एंटीवायरल दबाइ देल जाइत अछि। एकर संग बोखार कम करबाक लेल पैरासिटामोल, पर्याप्त आराम आ भरपूर पानि पीबाक सलाह देल जाइत अछि। तेज बोखारक कारण शरीर मे पानिक कमी भए सकैत अछि, तें रोगी कें हाइड्रेटेड राखब बहुत आवश्यक अछि। डॉ. सिन्हा कहलनि जे जाहि लोक सभक रिपोर्ट पॉजिटिव अबैत अछि, हुनका कम सं कम 2 सं 3 दिन धरि घर मे रहि कए स्वयं कें आइसोलेट करबाक चाही। एहि दौरान मास्क पहिरब आवश्यक अछि, जाहि सं संक्रमण परिवारक आन सदस्य सभ धरि नहि पहुंचय। जं कोनो कारणवश बाहर जाए पड़य, तखन सेहो मास्कक उपयोग करू आ भीड़-भाड़ बला स्थान सं बचू। खांसैत वा छींकैत समय मुंह आ नाक कें रूमाल, टिश्यू वा तौलिया सं ढांकि लेबाक चाही।

हुनका ईहो बतौलनि जे इन्फ्लूएंजा एक व्यक्तिसं दोसर व्यक्ति धरि बहुत तेजी सं पसरैत अछि। जखन संक्रमित व्यक्ति खांसैत वा छींकैत छथि, तखन हुनक मुंह आ नाक सं निकलनिहार छोट-छोट बूंदक माध्यम सं वायरस दोसर व्यक्ति धरि पहुंचि जाइत अछि। जं दोसर व्यक्ति एहि बूंदक संपर्क मे अबैत छथि वा सांसक संग भीतर लए लैत छथि, तं संक्रमण पसरि सकैत अछि।

# नींद देखि दिमागक उमेर बतायत एआई डिमेंशियाक खतराक सेहो चलत पता

डिमेंशिया सं विश्वभरि मे 5 करोड़ सं बेसी लोक प्रभावित छथि। प्रतिवर्ष डिमेंशियाक लगभग 1 करोड़ नव मामला सोझां अबैत अछि। मुदा आब एकटा नव तकनीक समय सं पहिनहि डिमेंशियाक जोखिमक पहचान कए सकत। ई मशीन-लर्निंग पर आधारित नव तरीका नींदिक दौरान दिमागक गतिविधिक जांच करैत अछि। ई डिमेंशियाक बेसी जोखिम बला लोक सभक पहचान करबा मे मददगार भए सकैत अछि। एहि शोधक अगुआई यूसी सैन फ्रांसिस्को आ बोस्टनक बेथ इजराइल डिकोनिस मेडिकल सेंटरक वैज्ञानिक सभ कएलनि।



ई सिस्टम नींदिक दौरान इलेक्ट्रोएन्सेफलोग्राफी (ईईजी) सं भेटल इलेक्ट्रिकल सिग्नलक विश्लेषण कए ककरो दिमागक उम्रि (ब्रेन एज) क अनुमान लगबैत अछि। शोधकर्ता सभ पेलनि जे जखन दिमाग व्यक्तिक वास्तविक उम्रि सं बेसी बूढ़ देखाइ पड़ैत छल, तखन डिमेंशियाक जोखिम सेहो बढ़ि जाइत छल।

दिमागक अनुमानित उम्रि आ वास्तविक उम्रिक बीच प्रत्येक 10 वर्षक भेद पर डिमेंशिया होबाक संभावना लगभग 40% बढ़ि जाइत छल। जाहि लोक सभक दिमागक अनुमानित उम्रि हुनक वास्तविक उम्रि सं कम छलनि, हुनका मे जोखिम कम छल। ई निष्कर्ष जामा नेटवर्क ओपन मे प्रकाशित भेल अछि। शोधकर्ता सभ एकटा मशीन-लर्निंग मॉडल तैयार कएलनि, जे ईईजी ब्रेन वेव रिकॉर्डिंग मे भेटनिहार 13टा सूक्ष्म विशेषता कें एक संग जोड़ैत अछि। एहि मॉडल कें लगभग 7000 लोक सं भेटल जानकारीक आधार पर तैयार कएल गेल। ई सभ पांचटा अलग-अलग अध्ययन मे सहभागी छलाह। सहभागी सभक उम्रि 40 सं 94 वर्षक बीच छल, आ अध्ययनक शुरूआत मे ककरो डिमेंशिया नहि छल। शोधकर्ता सभ 3.5 सं 17 वर्ष धरि हुनकर निगरानी कएलनि। एहि दौरान लगभग 1000 सहभागी कें डिमेंशिया भए गेल।

विश्लेषण सं पता चलल जे सुतलाक दौरान दिमागक तरंग (ब्रेन वेव) मे छोट-छोट आ अत्यंत सूक्ष्म पैटर्न एहन जानकारी दैत अछि, जाहि कें नींदि मापबाक सामान्य तरीका पकड़ि नहि पबैत अछि।

चूंकि ईईजी रीडिंग शरीरक भीतर कोनो उपकरण डाले बिना लेल जा सकैत अछि, तें शोधकर्ता सभक मानब अछि जे नींदिक आधार पर दिमागक उम्रि मापब भविष्य मे पारंपरिक क्लिनिक सभक बाहर सेहो डिमेंशियाक जोखिमक आकलन करबा मे मददगार भए सकैत अछि। उदाहरणक लेल, भविष्यक वेयरेबल तकनीक नींदिक दौरान आवश्यक ब्रेन सिग्नल रिकॉर्ड करबा मे सक्षम भए सकैत अछि।

परिणाम एहि बातक सेहो संकेत दैत अछि जे नींदिक सेहत मे सुधार करबा सं दिमागक उम्रि बढ़बाक प्रक्रियाक प्रभाव बदलि सकैत अछि। शोधकर्ता सभ कहलनि जे पहिलुक शोध सं पता चलल अछि जे नींदि सं जुड़ल समस्या सभक इलाज करबा सं नींदिक दौरान रिकॉर्ड कएल गेल ब्रेन वेव गतिविधि मे परिवर्तन आबि सकैत अछि।

# यमनक तट लग हमला मे भारतीय जहाज डूबल

# यमन सरकार हूती विद्रोही सभ कें ठहरौलक जिम्मेदार

**नई दिल्ली, एजेंसी**





यमनक तट लग एकटा भारतीय ध्वजधारी मालवाहक जहाज पर प्रोजेक्टाइल सं हमला भेलाक बाद ओ पलटि गेल आ अंततः समुद्र मे डूबि गेल। यमनक अधिकारी सभक अनुसार, एहि घटना मे जहाज गंभीर रूप सं क्षतिग्रस्त भए गेल छल। भारत सरकार जनतब देलक जे जहाज एमएसवी फैज नूरे ओलिया पर सवार सभ 14 गोट नाविक कें सकुशल बचा लेल गेल अछि। बचाओल गेल लोक सभ मे 13 गोटे भारतीय नागरिक छथि। भारतक जहाजरानी मंत्री सबार्नंद सोनोवाल एहि घटनाक कड़ा निंदा करैत एकरा बिना कोनो उकसावाक कयल गेल हमला बतौलनि। हुनकर कहब छल जे समुद्री क्षेत्र मे कार्यरत नाविक सभक सुरक्षा सुनिश्चित करबाक लेल आवश्यक डेग उठाओल जाएत। ओ कहलनि जे भारत अपन नागरिक सभक सुरक्षा लेल निरंतर सजग अछि। एखन धरि एहि हमलाक जिम्मेदारी कोनो पक्ष सार्वजनिक रूप सं नहि लेने अछि। तथापि, सऊदी अरब समर्थित आ अंतरराष्ट्रीय स्तर पर मान्यता प्राप्त यमन सरकार एहि घटनाक लेल हूती विद्रोही सभ पर आरोप लगौने अछि। सरकारक कहब अछि जे ई हमला हूती समूहक लगातार जारी हिंसक गतिविधिक एकटा भाग अछि। लाल सागर क्षेत्र मे हालक समय मे व्यापारिक जहाज सभ पर हमला बढ़ल अछि। विशेष रूप सं एहि वर्ष फरवरी मे ईरान द्वारा होर्मुज जलडमरूमध्य बंद कयल गेलाक बाद कतेको तेल टैंकर आ व्यापारिक जहाज वैकल्पिक मार्गक रूप मे लाल सागरक उपयोग करय लागल छल। एहि कारण एहि समुद्री मार्गक महत्व सेहो बढ़ल, मुदा संगहि सुरक्षा संबंधी खतरा सेहो बेसी भए गेल। घटनाक बाद भारतक विदेश मंत्रालय सेहो एकटा आधिकारिक वक्तव्य जारी कयलक। मंत्रालय कहलनि जे क्षेत्र मे व्यावसायिक जहाज सभ पर लगातार हमला होयब अत्यंत गंभीर चिंताक विषय अछि। मंत्रालय स्पष्ट रूप सं कहलनि जे व्यावसायिक जहाज सभ कें निशाना बनेबाक घटना अविलंब बंद होयबाक चाही। अंतरराष्ट्रीय कानूनक अनुरूप क्षेत्रीय अंतरराष्ट्रीय जलमार्ग सभ मे मुक्त, सुरक्षित आ निर्बाध नौवहन तथा व्यापार यथाशीघ्र बहाल कयल जाए। यमनक विदेश मंत्रालय सेहो एहि घटनाक संबंध मे विस्तृत वक्तव्य जारी कयलक।

> **जहाज पर सवार 14 नाविक कें बचाओल गेल, 14 मे 13 भारतीय छथि**

मंत्रालयक अनुसार ई हमला हूती आतंकवादी मिलिशियाक निरंतर जारी आपराधिक गतिविधि आ हमलाक श्रृंखलाक एकटा कड़ी अछि। मंत्रालयक आरोप अछि जे हूती विद्रोही सभ लगातार शहर सभ पर हमला करैत रहल छथि, हवाई अड्डा तथा तेल प्रतिष्ठान सभ पर बमबारी करैत छथि, निर्यात बाधित करैत छथि आ यमनक जनताक आयक महत्वपूर्ण स्रोत सभ कें नष्ट करबाक प्रयास करैत छथि। मंत्रालयक अनुसार, एहि गतिविधि सभक कारण यमन मे पहिले सं व्याप्त मानवीय संकट आरो गंभीर भए गेल अछि। सरकारक आरोप अछि जे हूती विद्रोही सभक कारण देशक आर्थिक स्थिति कमजोर भेल अछि तथा आम नागरिकक जीवन कठिन बनि गेल अछि। यमन सरकारक कहब अछि जे हूती समूह लाल सागर, बाब-अल-मंदब जलडमरूमध्य आ अदनक खाड़ीक समुद्री मार्ग सभ लेल सेहो गंभीर खतरा उत्पन्न कए रहल अछि। एहि कारण अंतरराष्ट्रीय समुद्री व्यापार प्रभावित भए रहल अछि आ क्षेत्रीय सुरक्षा तथा स्थिरताक स्थिति कमजोर पड़ि रहल अछि। फरवरीक अंत मे अमेरिका आ इजरायल द्वारा ईरान पर कयल गेल सैन्य हमलाक बाद संपूर्ण क्षेत्रक समुद्री व्यापार प्रभावित भेल छल। ओकर बाद ईरान होर्मुज जलडमरूमध्य बंद कए देलक, जे विश्वक सभ सं व्यस्त तेल परिवहन मार्ग सभ मे सं एक मानल जाइत अछि। एहि निर्णयक प्रभाव अंतरराष्ट्रीय तेल मूल्य पर सेहो स्पष्ट रूप सं देखल गेल। होर्मुज मार्ग बंद भेलाक बाद सऊदी अरब सं तेल लए कए आबि रहल कतेको जहाज लाल सागरक वैकल्पिक समुद्री मार्ग अपनौलक। मुदा हालक समय मे यमनक हूती लड़ाकू सभ द्वारा सऊदी टैंकर सभ पर लगातार हमला कयल गेलाक कारण एहि मार्ग पर खतरा आरो बढ़ि गेल अछि। समाचार संस्था रायटर्सक अनुसार, सऊदी समर्थित यमन सरकारक परिवहन मंत्रालय आरोप लगाने अछि जे ईरान समर्थित हूती विद्रोही सभ विस्फोटक सं भरल नावक प्रयोग कए एहि जहाज पर हमला कयलक। तथापि, एहि घटनाक संबंध मे हूती समूहक दिस सं एखन धरि कोनो आधिकारिक प्रतिक्रिया नहि आयल अछि। उल्लेखनीय अछि जे 20 जुलाई कें हूती विद्रोही सभ सऊदी अरबक लाल सागर स्थित बंदरगाह सभक नाकाबंदीक घोषणा कयने छल। ओतहि ब्रिटेनक यूके मैरीटाइम ट्रेड ऑपरेशंस एजेंसी सेहो जानकारी देने अछि जे विगत एक सप्ताहक दौरान लाल सागर क्षेत्र मे कतेको जहाज सभ पर हमला दर्ज कयल गेल अछि। एहि तनावपूर्ण परिस्थितिक बीच अंतरराष्ट्रीय बाजार मे तेलक मूल्य मे अप्रत्याशित गिरावट सेहो देखल गेल। मंगरक दिन तेलक मूल्य तीन सप्ताहक न्यूनतम स्तर पर पहुंचि गेल। एकर प्रमुख कारण अमेरिकी अधिकारीसभक ओ आशा छल जे ईरानक संग एहन समझौता भए सकैत अछि जाहि सं होर्मुज जलडमरूमध्य फेर सं खोलल जा सकत। जून मास मे अमेरिका आ ईरान सैन्य कारबाइ रोकबाक, जलडमरूमध्य फेर खोलबाक तथा आगामी 60 दिनक भीतर युद्ध समाप्त करबाक उद्देश्य सं 14 सूत्री समझौता ज्ञापन पर सहमत भेल छल। मुदा हस्ताक्षरक लगभग तीन सप्ताह बाद अमेरिकी राष्ट्रपति डोनाल्ड ट्रंप घोषित कयलनि जे जलडमरूमध्य मे फेर जहाज सभ पर हमला होयबाक कारण युद्धविराम प्रभावहीन भए गेल अछि। मंगरक दिन अमेरिकी अधिकारी सभ पुनः कहलनि जे वार्ता मे प्रगति भए रहल अछि। अमेरिकी वित्त मंत्री स्कॉट बेसेंट संकेत देलनि जे होर्मुज जलडमरूमध्य फेर खोलबाक संबंध मे शीघ्र सहमति बनि सकैत अछि। दोसर दिस ईरान स्पष्ट कयलक जे ओकर अमेरिका संग एखन कोनो प्रत्यक्ष वार्ता नहि चलि रहल अछि आ एहन कोनो योजना सेहो नहि अछि। ईरानक अनुसार, ओ वर्तमान समय मे मात्र ओमानक संग वार्ता कए रहल अछि।

## रूस पागल भए गेल अछि... यूक्रेन मे तरकारी विक्रेताक पाछां पड़ल ड्रोन

**कीव, एजेंसी**



रूस आ यूक्रेनक बीच जारी युद्धक बीच दक्षिणी यूक्रेनक खेरसॉन शहर सं एकटा अत्यंत भयावह वीडियो सामने आएल अछि। वीडियो मे देखल जा सकैत अछि जे एकटा रूसी ड्रोन सड़कक कात मे तरकारी बेचि रहल एक नागरिकक पाछां पड़ि जाइत अछि आ हुनका लगातार निशाना बनेबाक प्रयास करैत अछि। एहि घटनाक वीडियो सार्वजनिक भेलाक बाद यूक्रेन रूस पर आम नागरिक सभ पर हमला करबाक आरोप लगबैत एकरा युद्ध अपराध बतौने अछि। ई घटना 52 वर्षीय यूरीक संग भेल। यूरी अपन पत्नी संग अपन वैनक लग टमाटर, खीरा, बैंगन आदिक बिक्रीक तैयारी कए रहल छलाह। अस्पताल सं जारी एक साक्षात्कार मे यूरी कहलनि जे जखन हुनक माथक ऊपर ड्रोनक आवाज सुनाइ पड़ल, तखन हुनकर पत्नी कोनो प्रकारें ओतय सं भागि जाए मे सफल रहली। मुदा ड्रोनक लक्ष्य मात्र यूरी बनि गेलाह। यूरीक अनुसार, ड्रोन ऑपरेटर कें संकेत देबाक उद्देश्य सं ओ ड्रोनक कैमरा दिस लहसुनक किछु गांठ उठा कए देखौलनि, जाहि सं स्पष्ट होइ जे हुनकर हाथ मे कोनो कैमरा नहि अछि आ ओ कोनो प्रकारक रिकॉर्डिंग नहि कए रहल छथि। तथापि ड्रोन लगातार हुनकर पाछां लागल रहल। जखन ओ बचबाक लेल एकटा छाताक नीचां पहुंचलाह, तखन ड्रोन सेहो ओतहि पहुंचि गेल। जान बचेबाक लेल यूरी वैनक पाछां छलांग लगौलनि। ओहि क्षण ड्रोन मे जोरदार विस्फोट भए गेल। सौभाग्य सं हुनकर प्राण बचि गेल, मुदा शरीर मे छर्रा लागलाक कारण ओ गंभीर रूप सं घायल भए गेलाह आ मानसिक रूप सं सेहो गहिंर सदमा मे छथि।

> **लहसुन देखेलाक बादो नहि बचल हमला**

**जेलेंस्कीक तीव्र प्रतिक्रिया :** घटनाक वीडियो सामने अयलाक बाद यूक्रेनक राष्ट्रपति वलोडिमिर जेलेंस्की सोशल मीडिया एक्स पर कड़ा प्रतिक्रिया व्यक्त कयलनि। हुनकर अनुसार, ई आम नागरिक सभक विरुद्ध रूसक कथित ड्रोन सफारी अभियानक एक आरो उदाहरण अछि। ओ लिखलनि जे रूस पागल भए गेल अछि। संपूर्ण विश्व कें ई देखबाक चाही जे रूसी सैनिक सामान्य नागरिक सभ कें निशाना बनाबय मे आनंद लैत छथि। ओ अंतरराष्ट्रीय समुदाय सं रूस पर दबाव बढ़ेबाक आ यूक्रेनक सुरक्षाक ठोस गारंटी सुनिश्चित करबाक आग्रह कयलनि। खेरसॉन शहर मे विगत किछु मास सं कथित ड्रोन सफारी हमलाक घटना सभ लगातार सामने आबि रहल अछि। आरोप अछि जे एहि प्रकारक हमला मे ड्रोनक माध्यम सं जान बूझि कए सामान्य नागरिक सभ कें निशाना बनाओल जाइत अछि। खेरसॉन अग्रिम युद्धक्षेत्र सं बहुत कम दूरी पर अवस्थित अछि, जाहि कारण एहि क्षेत्र मे खतरा अत्यंत बेसी अछि। वर्ष 2025 कें संयुक्त राष्ट्रक एक रिपोर्ट मे सेहो उल्लेख कयल गेल छल जे रूसी सेना एहि क्षेत्र मे नागरिक सभ पर हमला करबाक लेल लगातार ड्रोनक उपयोग कए रहल अछि।

## विवादक बीच मार्क जुकरबर्ग मंगलनि माफी

**नई दिल्ली, एजेंसी।** फेसबुकक मूल कंपनी मेटाक मुख्य कार्यकारी अधिकारी (सीईओ) मार्क जुकरबर्ग बाल यौन शोषण सं संबंधित सामग्री (सीएसएएम) आ डीपफेक सामग्री प्लेटफॉर्म पर देखाओल जाएबाक विवादक बीच माफी मंगने छथि। ई घटनाक्रम केंद्र सरकार आ मेटाक अधिकारी सभक बीच हालहि मे भेल बैठकक बाद सामने आएल अछि, जाहि मे सोशल मीडिया मंच सभ पर प्रसारित भए रहल आपत्तिजनक सामग्री पर विस्तार सं चर्चा भेल छल। पीटीआईक रिपोर्टक अनुसार, केंद्र सरकार मेटा कें स्पष्ट कयने छल जे कंपनी मात्र मध्यस्थ नहि अछि, बल्कि ओ स्वयं तय करैत अछि जे कोन उपयोगकर्ता कें कोन सामग्री देखाओल जाए। एहि कारण सूचना प्रौद्योगिकी अधिनियम अंतर्गत उपलब्ध सेफ हार्बर



संरक्षण स्वतः लागू नहि होइत अछि। जुकरबर्ग अपन माफीनामा मे स्वीकार कयने छथि जे किछु विशेष प्रकारक सामग्री कें अधिक लोक धरि पहुंचाबय लेल पर्याप्त धन खर्च कयल गेल छल। एहि लेल हुनका खेद व्यक्त करैत माफी मंगने छथि। तथापि, सूत्र सभक अनुसार केंद्र सरकार एहि माफी सं पूर्णतः संतुष्ट नहि अछि आ शीघ्रहि मेटाक अधिकारी सभ कें फेर सं स्पष्टीकरण लेल बजाओल जा सकैत अछि। उल्लेखनीय अछि जे एहि प्रकरणक संबंध ओहि जांच सं अछि जाहि मे आरोप लगाओल गेल छल जे मेटाक प्लेटफॉर्म सभ पर बाल यौन शोषण सं संबंधित विज्ञापन प्रसारित भए रहल छल। बीबीसी आईक एक जांच मे एहन लगभग 30 विज्ञापनक पहचान कयल गेल छल, जाहिक जानकारी भारतीय अधिकारी सभ कें देल गेल।

## पाकिस्तान युद्धविराम चाहैत छल, भारत प्रतीक्षा करौलक



**नई दिल्ली, एजेंसी**

मई 2025 मे संपन्न ऑपरेशन सिंदूर कें लए पूर्व चीफ ऑफ डिफेन्स स्टाफ (सीडीएस) जनरल अनिल चौहान महत्वपूर्ण खुलासा कयने छथि। हुनकर अनुसार, चारि दिन धरि चलल सैन्य संघर्षक दौरान जखन पाकिस्तान भारत सं संपर्क कए युद्धविरामक आग्रह केलक, तखन धरि भारतीय सशस्त्र सेना सभ अपन पूर्व निर्धारित अभियानक आधा भाग सेहो पूरा नहि कयने छल। द प्रिंटक एक कार्यक्रम मे जनरल चौहान कहलनि जे 10 मई 2025 केर भोर मे पाकिस्तान डायरेक्टर्स जनरल ऑफ मिलिट्री ऑपरेशंस (डीजीएमओ) केर हॉटलाइनक माध्यम सं भारत सं संपर्क स्थापित कयने छल। हुनकर अनुसार, 9 मई धरि पाकिस्तान 48 घंटाक भीतर भारत कें सबक सिखेबाक दावा कए रहल छल, मुदा मात्र आठ घंटाक भीतर ओ स्वयं बात करबाक पहल कए देलक। जनरल चौहान कहलनि जे ओहि समय धरि भारतीय सेनाक अभियानक आधा चरण सेहो संपन्न नहि भेल छल। हुनकर अनुसार, भारत अपन सैन्य उद्देश्य पूरा करबाक लेल प्रतिबद्ध छल। पाकिस्तान कें स्पष्ट संदेश देब आवश्यक छल जे ओकर कोनो सैन्य अड्डा भारतीय सेनाक पहुंच सं बाहर नहि अछि। एहि कारण पाकिस्तानक आग्रह तत्काल स्वीकार नहि कयल गेल आ दुपहर धरि प्रतीक्षा कराओल गेल, जाहि बीच भारतीय वायुसेना द्वारा पूर्व निर्धारित आक्रमणक अगिला चरण पूरा कयल गेल।

> **ऑपरेशन सिंदूर पर पूर्व सीडीएसक नव खुलासा**

**रणनीतिक बढ़त भारतक पक्ष मे रहल :** जनरल चौहान कहलनि जे एहि संघर्ष मे भारतीय सेनाक तकनीकी क्षमता आ त्वरित निर्णय लेबाक योग्यता निर्णायक सिद्ध भेल। भारतीय कमांडर सभक लग युद्धक्षेत्रक वास्तविक स्थिति संबंधी स्पष्ट आ अद्यतन जानकारी उपलब्ध छल। सेनाक प्रत्येक कमान अधिकारी एकहि रियल-टाइम चित्र देखैत छलाह, जाहि सं शीघ्र निर्णय संभव भेल। हुनकर अनुसार, शत्रु सं बेसी तेजी सं निर्णय लेबाक क्षमता भारतक प्रमुख सामरिक शक्ति बनल आ एहि कारण संघर्ष मे भारत निर्णायक बढ़त बनौने रहल।

## जस्टिस स्वर्ण कांता शर्मा विरुद्ध अपन बयान पर अडिग छथि सौरभ दास

**नई दिल्ली, एजेंसी**

जस्टिस स्वर्ण कांता शर्मा संबंधी टिप्पणीक कारण अवमानना मामिला मे घेरल पत्रकार आ कॉकरोच जनता पार्टी (सीजेपी)क मुख्य प्रवक्ता सौरभ दास अपन पूर्व बयान पर अडिग छथि। हुनका ई दावाक स्पष्ट खंडन कयलनि जे ओ जस्टिस शर्मा संबंधी अपन सोशल मीडिया टिप्पणी हटा देने छथि। सौरभ दासक कहब अछि जे अदालतक समक्ष भ्रामक जानकारी प्रस्तुत कयल गेल अछि। हम कोनो टिप्पणी नहि हटौने छी बार एंड बेंचक एक रिपोर्टक अनुसार, दिल्ली उच्च न्यायालय मे अवमानना याचिका दायर कएनिहार पक्ष न्यायालय कें जनौने छल जे सौरभ दास आ अरविंद केजरीवाल जस्टिस स्वर्ण कांता शर्मा संबंधी अपन टिप्पणी सभ हटौने छथि। एहि दावाक खंडन करैत सौरभ दास सोशल मीडिया पर लिखलनि जे ई पूर्णतः असत्य अछि। हम कखनो कोनो टिप्पणी नहि हटौने छी। हमर संपूर्ण रिपोर्टिंग सूचना अधिकार (आरटीआई) अंतर्गत प्राप्त आंकड़ा आ सार्वजनिक रूप सं उपलब्ध जानकारी पर आधारित छल।



एक वकीलक एहि प्रकारक भ्रामक दावा सं अदालत कें गुमराह करबाक प्रयास बंद होयबाक चाही।

**चारि सप्ताहक समय देलक उच्च न्यायालय :** सोमक सुनवाईक दौरान दिल्ली उच्च न्यायालय अरविंद केजरीवाल, मनीष सिसोदिया, संजय सिंह आ अन्य प्रतिवादी सभ कें अपन लिखित जवाब दायर करबाक लेल चारि सप्ताहक समय देलक। जस्टिस स्वर्ण कांता शर्मा द्वारा आरंभ कयल गेल कार्यवाही मे अरविंद केजरीवालक पक्ष सं उपस्थित वरिष्ठ अधिवक्ताक कहब छल जे जकर आधार पर अवमानना कार्यवाही आरंभ भेल अछि, ओ सामग्री एखन धरि हुनका उपलब्ध नहि कराओल गेल अछि। दोसर प्रतिवादी सभक अधिवक्ता सभ सेहो एहि प्रकारक आपत्ति उठौलनि। एकर बाद न्यायालय रजिस्ट्री कें आवश्यक दस्तावेज उपलब्ध कराबय निर्देश देलक आ सभ पक्ष कें चारि सप्ताहक समय प्रदान कयलक।

> **कहलनि, न्यायालय मे गलत दावा कयल गेल**

**गोपाल राय आ सौरभ दास कें सेहो उत्तर दायर करबाक निर्देश :** एहि प्रकरण सं जुड़ल दोसर मामिला मे दिल्ली उच्च न्यायालय आम आदमी पार्टीक नेता गोपाल राय आ सौरभ दास कें सेहो चारि सप्ताहक भीतर अपन जवाब दायर करबाक निर्देश देने अछि। याचिका मे आरोप लगाओल गेल अछि जे जस्टिस स्वर्ण कांता शर्मा विरुद्ध सोशल मीडिया पर चलाओल गेल अभियान मे ई सभ शामिल छलाह, जाहि कारण हुनका सभक विरुद्ध अवमानना कार्यवाही कयल जाए। न्यायालय एहि मामिलाक अगिला सुनवाईक तिथि 21 सितंबर निर्धारित कयने अछि।

**19 मई कें जारी भेल छल नोटिस :** उल्लेखनीय अछि जे 19 मई कें दिल्ली उच्च न्यायालय अरविंद केजरीवाल आ अन्य प्रतिवादी सभ कें नोटिस जारी कए चारि सप्ताहक भीतर जवाब दायर करबाक निर्देश देने छल। एकर पूर्व 14 मई कें जस्टिस स्वर्ण कांता शर्मा कथित आबकारी नीति (शराब घोटाला) प्रकरण सं स्वयं कें अलग करैत प्रतिवादी सभक विरुद्ध आपराधिक अवमानना कार्यवाही आरंभ करबाक आदेश देने छलीह।

# तन्वी शर्मा कोरिया मास्टर्स बैडमिंटन टूर्नामेंटक दोसर दौर मे पहुंचली

भारतक युवा शटलर तन्वी शर्मा कोरिया मास्टर्स 2026 मे शानदार शुरूआत करैत बुध दिन महिला एकल प्रतियोगिताक दोसर दौर मे स्थान बना लेलनि। तेसर वरीयता प्राप्त 17 वर्षीय तन्वी चीनक युआन आन ची कें सोझे गेम मे 21-16, 21-15 सं पराजित कए आगूक दौर मे प्रवेश कएलनि। हालहि मे ताइपे ओपनक खिताब जीतनिहार तन्वी पूरा मोकाबलाक दौरान आत्मविश्वास सं भरल प्रदर्शन कएलनि। आब दोसर दौर मे हुनकर सामना भारतक श्रियंशी वालिशेट्टी सं होयत। श्रियंशी चीनी ताइपेक पाई यू-पो कें 21-15, 21-14 सं हरा आगू बढ़ल छथि। पुरुष युगल मे भारतक पृथ्वी कृष्णमूर्ति रॉय आ कृष्ण प्रसाद गरगा प्रतियोगिताक पैघ उलटफेर करैत चौथ वरीयता प्राप्त थाइलैंडक वोरापोल थोंगसा-ंगा आ चालोएमपोन चारोएनकिटामोर्नक जोड़ी कें 21-16, 21-18 सं हरा दोसर दौर मे स्थान बना लेलनि।



विश्व रैंकिंग मे 118म स्थान पर काबिज भारतीय जोड़ी विश्वक 48म रैंकिंग बला थाइलैंडक जोड़ी कें 42 मिनट मे पराजित कएलक। पुरुष एकल क्वालीफाइंग मे तुषार सुवीर पहिल दौर मे कनाडाक शौर्य गुल्लैया कें 21-15, 21-12 सं हरौलनि। मुदा क्वालीफाइंग फाइनल मे जापानक शोगो ओगावा सं 10-21, 17-21 सं हारि गेलाह आ मुख्य ड्रॉ मे पहुंचबाक अवसर सं एक कदम दूर रहि गेलाह। एहि बीच पुरुष युगल मे अर्जुन रेड्डी पोचाना आ अचुतादित्य राव दोड्डावरापुक जोड़ी दोसर वरीय चोई सोल ग्यू आ गोह वी शेमक जोड़ी सं 3-21, 10-21 सं पराजित भए गेल। महिला युगल मे प्रिया कोंजेंगबम आ श्रुति मिश्राक जोड़ी सेहो पहिल दौर सं बाहर भए गेल। जापानक दोसर वरीय रिरिना हिरामोतो आ कोकोना इशिकावाक जोड़ी भारतीय जोड़ी कें 21-15, 21-13 सं हरा आगूक दौर मे स्थान बना लेलक।

# वर्ल्ड टेनिस अंडर-14 जूनियर टीम फाइनल्स मे सृष्टिक संघर्ष बेकार, भारत कें भेटल हारि

**बेंगलुरु/एजेंसी**

वर्ल्ड टेनिस अंडर-14 जूनियर टीम फाइनल्स मे कर्नाटकक सृष्टि किरण लगातार दोसर सिंगल्स मैच जीतैत अपन शानदार प्रदर्शन जारी रखलनि, मुदा भारत कें चेकियाक प्रोस्टेजॉव मे ग्रुप 4 राउंड-रॉबिन चरण मे इटलीक विरुद्ध 1-2 सं करीबी हारिक सामना करए पड़ल।

कर्नाटकक पद्मप्रिया रमेश कुमारक संग भारतक प्रतिनिधित्व करैत सृष्टि फेर कठिन समय मे उत्कृष्ट खेल देखौलनि। एहि सं पहिने भारत शुरूआती सिंगल्स मोकाबला हारि गेल छल। पहिल सिंगल्स मे पद्मप्रिया जूलिया लुचेटी कें कड़ा चुनौती देलनि, मुदा हुनका 4-6, 4-6 सं हारि मानए पड़ल, जाहि सं भारत 0-1 सं पाछां भए गेल।

सृष्टि शानदार वापसी करैत इटलीक नंबर-1 जूनियर खेलाड़ी ओलिविया सेरेना कॉन्टिसेलो कें 6-0, 6-3 सं हरौलनि आ भारत कें 1-1क बराबरी पर पहुंचा देलनि।

मोकाबलाक निर्णय डबल्स मैच मे भेल, जतए सृष्टि आ पद्मप्रिया बहादुरी सं संघर्ष कएलनि, मुदा इटलीक जोड़ी जूलिया लुचेटी आ ओलिविया सेरेना कॉन्टिसेलो सं 3-6, 4-6 सं हारि गेलथि।



एहि सं पहिने भारत कें अपन शुरूआती राउंड-रॉबिन मोकाबला मे जापानक विरुद्ध सेहो 1-2 सं हारक सामना करए पड़ल छल। पद्मप्रिया पहिल सिंगल्स मोकाबला मे अयाका इवासा सं 1-6, 5-7 सं हारि गेल छथि। एकर बाद सृष्टि टूनामेंटक यादगार प्रदर्शन कएलनि। शिना ओकुयामाक विरुद्ध पहिल सेट मे 1-5 सं पाछां रहबाक बाद बेंगलुरुक एहि युवा खेलाड़ी शानदार वापसी कए सेट 7-5 सं जीतलनि आ दोसर सेट 6-3 सं अपन नाम कए मोकाबला बराबरी पर आनलनि।

मुदा जापान निर्णायक डबल्स मोकाबला जीतैत मैच अपन नाम कएलक। अयाका इवासा आ शिना ओकुयामाक जोड़ी भारतीय जोड़ी कें 6-3, 6-1 सं पराजित कएलक। आशा शर्माक कप्तानी बला भारतीय टीम अप्रैल 2026 मे मलेशियाक कुचिंग मे आयोजित एशिया/ओशिनिया फाइनल क्वालीफाइंग प्रतियोगिता मे 4म स्थान हासिल कए वर्ल्ड फाइनल्स लेल क्वालीफाई कएल छल। आब टीम बुध दिन अपन आखरी राउंड-रॉबिन मोकाबला मोरक्कोक विरुद्ध खेलत।

# सेंट लुईस रैपिड एंड ब्लिट्ज : रैपिड चरण मे शीर्ष पर प्रज्ञानानंद, आब ब्लिट्ज मोकाबला पर नजरि

भारतीय ग्रैंडमास्टर आर. प्रज्ञानानंद सेंट लुईस रैपिड एंड ब्लिट्ज शतरंज टूर्नामेंटक रैपिड चरण मे शानदार प्रदर्शन करैत शीर्ष स्थान हासिल कएलनि। 9 राउंडक बाद ओ संभावित 18 अंक मे सं 12 अंक जुटौलनि। एहि प्रदर्शनक संग एहि वर्षक अंत मे होमय बला ग्रैंड चेस टूर (जीसीटी) फाइनल मे स्थान बनेबाक हुनक उम्मीद आरो मजबूत भए गेल अछि। विश्व चैंपियनशिप 2026क दौड़ सं बाहर भए चुकल प्रज्ञानानंद रैपिड चरण मे सटीक रणनीति, उत्कृष्ट तकनीक आ जीतबाक जज्बाक प्रदर्शन कएलनि। मुदा आखरी (9म) राउंड मे नीदरलैंड्सक ग्रैंडमास्टर जॉर्डन वान फोरेस्ट सं हारिक सामना करए पड़ल। एकर बावजूद ओ 1 अंकक बढ़त सं शीर्ष स्थान पर कायम छथि। उज्बेकिस्तानक जावोखिर सिंदारोव 11 अंकक संग दोसर स्थान पर छथि। सिंदारोव एहि वर्ष विश्व शतरंज चैंपियनशिपक खिताबी मोकाबला मे भारतक डी. गुकेश कें चुनौती देताह।



अमेरिकाक वेस्ली सो सेहो 11 अंकक संग शीर्ष खेलाड़ी सभक दौड़ मे शामिल छथि। मुदा टूनार्मेंटक फैसला मात्र रैपिड चरण सं नहि होयत। आब खेलाड़ी सभ कें 18 ब्लिट्ज मोकाबला खेलबाक अछि, जतए प्रत्येक जीत पर 1 अंक भेटत। कुल 200000 अमेरिकी डॉलरिक पुरस्कार राशिक एहि टूनार्मेंटक विजेता कें 50000 अमेरिकी डॉलरिक पुरस्कार भेटत। जं प्रज्ञानानंद आखरी राउंड जीतल रहितथि, तं ब्लिट्ज चरण मे हुनक बढ़त आरो मजबूत भए जाइत। रैपिड चरण मे ओ 4 जीत, 4 ड्रॉ आ 1 हारिक संग 12 अंक हासिल कएलनि। रैपिड चरणक बाद अंक तालिका मे लेवोन अरोनियन, लेनियर डोमिंगेज पेरेज, अनिश गिरी आ विन्सेंट कीमर 9-9 अंकक संग संयुक्त 4म स्थान पर छथि। एहि मे विशेष रूप सं विन्सेंट कीमर ब्लिट्ज शतरंजक मजबूत खेलाड़ी मानल जाइ छथि आ ओ खिताबी दौड़ कें आरो रोचक बना सकैत छथि। एहि 10 खेलाड़ी सभक राउंड-रॉबिन प्रतियोगिताक बाद प्रतिष्ठित सिंकफील्ड कप आयोजित होयत, जे क्लासिकल प्रारूप मे खेलल जाएत।

### रैपिड चरणक बाद शीर्ष खेलाड़ी सभ

1. आर. प्रज्ञानानंद (भारत) : 12 अंक
2. जावोखिर सिंदारोव (उज्बेकिस्तान) : 11 अंक
3. वेस्ली सो (अमेरिका) : 11 अंक
4. लेवोन अरोनियन (अमेरिका), लेनियर डोमिंगेज पेरेज (अमेरिका), अनिश गिरी (नीदरलैंड्स) आ विन्सेंट कीमर (जर्मनी) : 9-9 अंक।

# आईसीसी रैंकिंग : वनडे रैंकिंग मे नीदरलैंड्सक खेलाड़ी सभ कें बढ़त

आईसीसी बुध दिन पुरुष सभक ताजा वनडे रैंकिंग जारी कएलक, जाहि मे नीदरलैंड्सक खेलाड़ी सभ कें आईसीसी मेंस क्रिकेट वर्ल्ड कप लीग 2 मे उत्कृष्ट प्रदर्शनक पुरस्कार भेटल अछि। नव रैंकिंग मे डच टीमक कतेको खेलाड़ी सभक रैंकिंग मे उल्लेखनीय सुधार देखल गेल अछि। नीदरलैंड्सक टीम लीग 2 प्रतियोगिता मे उत्कृष्ट फॉर्म मे अछि। हालहि मे टीम नेपाल कें 57 रन सं हरा स्टैंडिंगक शीर्ष-4 मे अपन स्थिति मजबूत कएलक, जाहि सं आईसीसी वर्ल्ड कप क्वालीफायर मे स्थान बनेबाक उम्मीद बरकरार अछि। नीदरलैंड्सक कप्तान स्कॉट एडवर्ड्स नेपालक विरुद्ध मैच मे विजयी 57 रनक पारी खेललनि। एहि प्रदर्शनक कारण हुनका ताजा रैंकिंग मे सब सं बेसी लाभ भेटल। दहिना हाथक बल्लेबाज वनडे बल्लेबाजी रैंकिंग मे 4 स्थानक छलांग लगाबि आब 34म स्थान पर पहुंचि गेल छथि। नेपाल पर जीत मे डच गेंदबाज सभक योगदान सेहो महत्वपूर्ण रहल, जाहिक प्रभाव रैंकिंग मे देखल गेल। मोकाबला मे 2 विकेट लेनिहार अनुभवी बामा हाथक स्पिनर रोलोफ वैन डेर मर्व वनडे गेंदबाजी रैंकिंग मे 11 स्थानक छलांग लगाबि 63म स्थान पर पहुंचि गेल छथि।



# दू मैचक टेस्ट सीरीज मे हिस्सा लेबाक लेल श्रीलंका पहुंचल टीम इंडिया

शुभमन गिलक अगुआई मे भारतीय टीम दू मैचक टेस्ट सीरीज मे हिस्सा लेबाक लेल श्रीलंका पहुंचि गेल अछि। भारतीय क्रिकेट कंट्रोल बोर्ड (बीसीसीआई) अपन सोशल मीडिया मंच एक्स पर टीम इंडियाक यात्रा संबंधी वीडियो साझा कएलक। बीसीसीआई द्वारा जारी वीडियो मे टीम इंडिया भारत सं श्रीलंका लेल रवाना होइत देखल जा रहल अछि। वीडियो मे कप्तान शुभमन गिल, ऋषभ पंत, कुलदीप यादव सहित आन खेलाड़ी सभ सेहो नजरि अबैत छथि। एकर बाद भारतीय टीम श्रीलंका पहुंचैत देखल जा रहल अछि, जतए एयरपोर्ट सं बस द्वारा टीम होटलक लेल रवाना भेल।

यात्राक दौरान भारतीय खेलाड़ी सभ मस्ती करैत सेहो देखल गेलथि। ध्रुव जुरेल फोटोग्राफी करैत नजरि एलाह। भारत आ श्रीलंकाक बीच दू मैचक टेस्ट सीरीजक शुरूआत 15 अगस्त सं होयत। पहिल टेस्ट मैच गॉल इंटरनेशनल क्रिकेट स्टेडियम मे खेलल जाएत। दोसर टेस्ट मैच 23 अगस्त सं शुरू होयत, जाहिक मेजबानी कोलंबोक सिंहली स्पोर्ट्स क्लब मैदान करत। सीरीज शुरू होए सं पहिने टीम इंडिया 7 अगस्त सं शुरू होमय बला तीन दिवसीय अभ्यास मैच खेलत। टेस्ट सीरीज शुरू होए सं पहिने भारतीय टीम कें पैघ झटका लागल अछि। स्टार तेज गेंदबाज जसप्रीत बुमराह चोट सं पूर्ण रूप सं नहि उबरबाक कारण पूरा सीरीज सं बाहर भए गेल छथि।



हुनक स्थान पर जम्मू-कश्मीरक युवा तेज गेंदबाज आकिब नबी कें टीम मे शामिल कएल गेल अछि। आकिब जम्मू-कश्मीरक दिस सं भारतीय टेस्ट टीम मे चयनित होमय बला पहिल खेलाड़ी छथि। घरेलू क्रिकेट मे लगातार नीक प्रदर्शन कएनिहार आकिब लेल अंतरराष्ट्रीय स्तर पर अपन क्षमता देखेबाक ई महत्वपूर्ण अवसर मानल जा रहल अछि।

### श्रीलंका टेस्ट सीरीज लेल भारतीय टीमक स्क्वॉड

शुभमन गिल (कप्तान), केएल राहुल (उपकप्तान), यशस्वी जायसवाल, ऋषभ पंत (विकेटकीपर), साई सुदर्शन, ध्रुव जुरेल (विकेटकीपर), रवींद्र जडेजा, कुलदीप यादव, मानव सुथार, मोहम्मद सिराज, प्रसिद्ध कृष्णा, गुरनूर बरार, देवदत्त पडिक्कल, सारांश जैन आ आकिब नबी।

धन्यवाद मिथिला
10 Lakh

आइ अपने लोकनिक प्रेम आ स्नेहक बल पर प्रतिदिन 'समदिया मिथिला'क डिजिटल संस्करण दस लाख पाठक धरि पहुंच रहल अछि। भारत आ नेपालक संगहि अपनेक ई दैनिक पत्र यूके, यूएसए, यूएई, सिंगापुर, मॉरिशस, श्रीलंका आदि देश मे रहि रहल मैथिली भाषी लोकनि प्रतिदिन एहि अखबारक बाट तकैत रहैत छथि आ बहुत चाव सं एहि अखबार कें पढ़ैत छथि। अपने लोकनिक एहि प्रेमक बल पर 'समदिया मिथिला' मिथिलाक एकमात्र लोकप्रिय दैनिक पत्र बनि गेल अछि। एकर हार्ड कॉपी सेहो संपूर्ण मिथिला मे देखिते-देखिते छुहुक्का उड़ि जाइत अछि।

हमरा सभकें आशा आ विश्वास अछि जे अपने लोकनिक प्रेम आ स्नेह अहिना बनल रहत आ 'समदिया मिथिला'क पाठकक संख्या मे उत्तरोत्तर वृद्धि होइत रहत।

आभार सहित
समदिया परिवार




वर्ष 16, अंक 325 **स्वत्वाधिकारी राघवेंद्र**, प्रकाशक, मुद्रक और संपादक **कुमारी सुषमा** द्वारा 104 रामबली निवास, मदरसा पथ, पिलर नंबर 52, राजा बाजार, पटना 14 से प्रकाशित एवं डीबी कॉर्प, उड़ान टोला, नियर दानापुर कैंट, शिवाला रोड, पोस्ट खगोल, शाहपुर, पटना 801105 से मुद्रित।
**प्रधान संपादक :** राघवेंद्र*। **कार्यकारी संपादक :** अखिलेश, **संपादकीय प्रभारी :** सच्चिदानंद सच्चू, **राजनीतिक संपादक :** शैलेश तिवारी, **बिजनेस हेड:** पंकज मिश्रा, संपर्क : 7488117482 (* पीआरबी एक्ट के तहत खबरों के चयन के लिए जिम्मेवार) RNI NO- BIHMAI/2010/33053